ESIH
Ecole Supérieure d'Infotronique d'Haïti
Chercher, Innover, Entreprendre

USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE



# Kreyòl
## 2è - 3è trimès



## Gid mèt la

**1è AF**

**Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl**

**2014 -2015**

FONDATION FIERE HAITI

HAÏTI Futur

Gid mèt sa rive fèt ak sipò pèp ameriken an ak èd United States Agency for International Development (USAID).
Konsòsyòm ACR-Ayti a responsab kontni li epi kontni sa pa reflete opinyon gouvènman ameriken a.

# Piktogram

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
|  | deplase |  | eksplowe |  | gade ak pale |
|  | pale |  | antoure |  | tande |
|  | chante |  | ekri |  | gade ak tande |
|  | desine |  | manipile |  | gade |
|  | relie |  | chwazi |  | chwazi *(anndan yon imaj)* |
|  | travay sou adwaz |  | kolorye |  | koute ak gade |
|  | fè kòmsi |  | li |  | koute ak pale |

# Prezantasyon gid mèt la

Nimewo, non ak kategori aktivite a.

Materyèl nesesè pou reyalize aktivite a.

Aktivite gwoup oswa pèsonèl.

Anndan klas oswa deyò klas.

Kantite ekran pou aktivite a.

Kantite tan aktivite a ap dire ka varye ant 1, 2, 3 .

Plas aktivite a nan kou a.



| Mizantren | Aktivite 1 : Idantifye tout sa ki gen son [a] nan yon imaj. | | | 1/12 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lòt, epi fè yon elèv vin antoure imaj yo di a.<br>Mande lòt yo si yo dako ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [a] a byen. | Leve men epi reponn.<br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>**Repons yo** : chat, kabrit, kay, cheval (chwal), lalin, etwal, etc. | Swiv mèt la epi reponn |

# Prezantasyon gid mèt la

Etap aktivite pou gide mèt la.

Aksyon mèt la pandan tout aktivite a etap pa etap.

Aksyon elèv la pandan tout aktivite a etap pa etap.



| Mizantren | Aktivite 1 : Idantifye tout sa ki gen son [a] nan yon imaj. | | | 1/15 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lòt, epi fè yon elèv vin antoure imaj yo di a.<br>Mande lòt yo si yo dako ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [a] a byen. | Leve men epi reponn.<br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>**Repons yo** : chat, kabrit, kay, cheval (chwal), lalin, etwal, etc. | Swiv mèt la epi reponn |



Imaj aktivite a.
Li ka nan plizyè ekran.

Koreksyon aktivite a lè li nesesè.

# Objektif Jeneral Kou Kreyòl 1AF

| Tèm | Objektif Jeneral |
|---|---|
| Kominikasyon Oral | Kominike lide l yo , bezwen l yo ak emosyon l yo. |
| Lekti | Li san difikilte yon tèks kout ki an rapò ak eksperyans l ap fè toulejou. |
| Ekriti | Kopye kòrèkteman yon tèks ki pa twò long. |
| Vokabilè | Byen itilize mo li fèk ap aprann yo. |
| Òtograf | Ekri yon tèks ki pa twò long, san erè. |
| Pwodiksyon Ekri | Rakonte sou kaye l yon istwa kout ki nan tèt li. |

# Rezime tout aktivite kou a

- Mizantren
- Obsève/koute/li
- Mwen konprann
- M ap antrene
- M ap ekri
- Sa mwen ka fè
- M ap aprann an jwèt

**Aktivite 1 :** Non aktivite a.

**Aktivite 2 :** Non aktivite a.

**Akivite 3 :** Non aktivite a.

**Aktivite 4 :** Non aktivite a.

**Aktivite 5 :** Non aktivite a.

**Aktivite 6 :** Non aktivite a.

**Aktivite 7 :** Non aktivite a.

**Aktivite 8 :** Non aktivite a.

**Aktivite 9 :** Non aktivite a.

# Koulè ki indike pwogresyon edikatif la

| Ribrik | Flèch ekran ou a | Flèch ekran ou wè deja |
|---|---|---|
| Mizantren | | |
| Obsève/koute/li | | |
| Mwen konprann | | |
| M ap antrene | | |
| M ap ekri | | |
| Sa mwen ka fè | | |
| M ap aprann an jwèt | | |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13

## Rezime aktivite kou a:

1. **Kominikasyon oral (6):**
    - Leson 35 : Konpè chen ak konpè chat ..........................................11

   **Lèt yo**
    - Leson 36 : z ...........................................................................................20
    - Leson 37 : y ...........................................................................................36
    - Leson 38 : w ..........................................................................................51

2. **Kominikasyon oral (7):**
    - Leson 39 : Vizit Sitadèl la .............................................................67

   **Lèt yo**
    - Leson 40 : ò ..........................................................................................78
    - Leson 41 : an ........................................................................................93
    - Leson 42 : Alfabè Kreyòl la ...........................................................109

3. **Kominikasyon oral (8):**
    - Leson 43 : Konsiy Senp (Sekirite) ...................................................122

   **Lèt yo**
    - Leson 44 : ui ........................................................................................132
    - Leson 45 : Aksan grav ..........................................................................145
    - Leson 46 : br ak kr ...............................................................................156

4. **Kominikasyon oral (9):**
    - Leson 47 : Katastwòf Natirèl ...........................................................171

   **Lèt yo**
    - Leson 48 : pr .........................................................................................181
    - Leson 49 : vr .........................................................................................192

## Rezime aktivite kou a:

**Lèt yo**

- Leson 50 : gr ak tr ..........................................................................202
- Leson 51 : bl ak dl ..........................................................................297

5. **Kominikasyon oral (10):**
   - Leson 52 : M ap di sa ki nan tèt mwen ............................................232

**Lèt yo**

- Leson 53 : fl ak gl ..........................................................................246
- Leson 54 : kl ak pl ..........................................................................262
- Leson 55 : oun, ann, enn ak onn ....................................................276

6. **Kominikasyon oral (11):**
   - Leson 56 : ..........................................................................................276

**Lèt yo**

- Leson 57 : Revizyon son a ak an .....................................................287
- Leson 58 : Revizyon son e, è ak en (1e pati) ...................................303
- Leson 59 : Revizyon son e, è ak en (2è pati) ...................................314

7. **Kominikasyon oral (12):**
   - Leson 60 : Chante timoun .................................................................325

**Lèt yo**

- Leson 61 : Revizyon son o, ò, on ak ou (1e pati) .............................334
- Leson 62 : Revizyon son o, ò, on ak ou (2è pati) ............................345
- Leson 63 : Revizyon son b ak p .......................................................356

## Rezime aktivite kou a:

**8. Kominikasyon oral (13):**

- Leson 64 : Konsiy ak Politès ....................372

**Lèt yo**

- Leson 65 : Revizyon son ch ak j ....................382
- Leson 66 : Revizyon son d ak t (1e pati) ....................398
- Leson 67 : Revizyon son d ak t (2è pati) ....................414

**9. Kominikasyon oral (14):**

- Leson 68 : Emosyon ....................430

**Lèt yo**

- Leson 69 : Revizyon son f ak v (1e pati) ....................437
- Leson 70 : Revizyon son f ak v (2è pati) ....................452
- Leson 71 : Revizyon son g ak k ....................464

**10. Kominikasyon oral (15):**

- Leson 72 : Istwa yon chen ....................480

**Lèt yo**

- Leson 73 : Revizyon son s ak z (1e pati) ....................489
- Leson 74 : Revizyon son s ak z (2è pati) ....................504
- Leson 75 : Revizyon jeneral ....................518

# Leson 35

## Kominikasyon oral

Konpè chat ak Konpè chen



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ m ap koute/ m'ap pale




**Aktivite 1 :** Rakonte istwa avèk mo pa yo apati yon seri imaj.




**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon istwa rakonte.

## M ap kominike



**Aktivite 3 :** Mime yon istwa.



**Aktivite 4 :** Entèprete yon wòl nan yon istwa.



**Aktivite 5 :** Imajine finisman yon istwa apati yon seri imaj.



**Aktivite 6 :** Esplike santiman ak reyaksyon yo nan yon sityasyon.



**Aktivite 7 :** Esprime santiman sou yon istwa.

| Obsève/ koute/ pale | **Aktivite 1 :** Rakonte istwa avèk mo pa yo apati yon seri imaj. | 1/7 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv  yo byen gade imaj yo epi pou yo koute iswta a.<br><br>Klike sou espikè a pou elèv yo ka koute istwa a. | Gade imaj yo epi koute istwa a. |
| 3 | Fè kèk  elèv pase devan an, youn apre  lòt, pou rakonte istwa a ak mo pa yo apati imaj yo.<br><br>Si nesesè, fè yo koute istwa a plizyè fwa. | Rakonte istwa a apati imaj yo. |



Byen gade imaj yo pandan n ap Koute premye bout istwa "Konpè chat ak Konpè chen".




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an. Bay elèv yo tan pou yo reflechi.<br>Envite elèv ki gen repons lan leve men yo epi chwazi youn pou reponn kesyon an.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la bay la.<br>Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv jistan yo jwenn bon repons lan. | Reflechi.<br><br>Reponn kesyon yo. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo.<br><br>Si nesesè, retounen nan paj istwa a pou pèmèt elèv yo jwenn repons yo pi rapid. | |

An nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

- De ki bèt istwa a pale?
- Kibò bèt yo vle ale?
- Ki bèt ki plis vle al nan fèt la?
- Pou ki kalite bèt fèt la ye? Bay kèk egzanp.
- Eske chen ak chat gen kòn?
- Kisa Konpè chen ap fè pou yo ka ale nan fèt la?

Ekran 2

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo pou yo byen konsantre pou yo ka memorize pati istwa sa a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Klike sou espikè a pou yo ka koute istwa a. Fè yo koute istwa a plizyè fwa jistan yo konnen l. | Koute istwa a epi memorize l. |
| 3 | Lè yo fin konnen l, chwazi elèv, youn apre lòt, pou pase devan epi resite li ak kèk jès li wè ki ka mache ak istwa l ap resite a. Si elèv la bliye yon pati oswa yon fraz nan istwa a, fè li rekoute pati sa a. | Resite bout istwa a epi fè bon jès. |
| 4 | **Remak:** Pa gen bon oswa move jès. Kanpe aktivite a menm si tout elèv pa gentan vin resite devan klas la.<br>**Jès yo kapab fè**: leve men anlè oswa souke kò oswa montre kontantman, … | |

1 2 3 4 5 6 7

Koute dezyèm pati istwa a, repete l epi fè tout jès nou wè ki ka mache ak li.





Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li premye pati konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo koute istwa a plizyè fwa.<br><br>Li dezyèm pati konsiy lan. Esplike elèv yo yo pral pran plas chak bèt ki te genyen nan istwa yo sot koute a epi pou yo fè sa bèt la te fè oswa te di nan istwa a. | Koute istwa a ak esplikasyon mèt la. |
| 3 | Pou reyalize sèn nan, chwazi yon elèv ki pou jwe wòl chat la, yon lòt ki pou jwe wòl chen an, yon lòt ki pou jwe wòl kapitèn bato a epi rès klas la ap reprezante tout lòt bèt ki te sou bato a.<br><br>Fè elèv yo di menm pawòl epi fè menm jès bèt yo ap jwe wòl li a te di oswa te fè nan istwa yo te koute a.<br><br>Si nesesè, fè yo rekoute istwa a ankò pandan yo ap jwe sèn nan. | Entèprete istwa a. |

1 2 3 4 5 6 7

Koute twazyèm pati istwa a.
Chwazi yon pèsonaj epi jwe wòl li genyen nan istwa a.





Ekran 4

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsyi lan. |
| 2 | Envite kèk elèv pou vin devan klas la, youn apre lòt, pou rakonte rès istwa « Konpè chat ak Konpè chen » an.<br><br>**Pa gen bon oswa move istwa.** | Rakonte rès istwa a. |
| 3 | Apre plizyè elèv fin rakonte vèsyon pa yo a, klike sou espikè a pou yo ka koute vrè finisman istwa « Konpè chat ak Konpè chen » an.<br><br>Konpare vèsyon elèv yo te bay, dapre imaj yo, ak vrè istwa a.<br><br>Mande yo kiyès vèsyon ki te pi pwòch vrè istwa a. | Koute rès istwa a.<br><br>Konpare istwa a ak pa yo a. |




Ekran 5

**Aktivite 6 :** Esplike santiman ak reyaksyon yo nan yon sityasyon.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsyi lan. |
| 2 | Li lis santiman yo. Apre chak santiman poze elèv yo kèk kesyon sou li.<br><br>**Egzanp: <u>Laperèz</u>** : Kilè nou konn pè? Kisa ki konn fè nou pè? Lè nou pè kijan nou konn santi nou? Kijan figi nou konn ye lè konsa? Etc…<br><br>**Kapab genyen plizyè repons ki bon.** | Reponn kesyon mèt la. |
| | Apre elèv yo fin pale de santiman yo, mande yo pou yo gade imaj yo byen.<br><br>Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin antoure santiman ki mache ak imaj yo epi pou yo esplike chwa yo fè a. Konpare repons yo ak repons yo te bay nan dezyèm etap la. | Antoure bon repons. |



Jwenn santiman ki koresponn ak imaj sa yo.

laperèz, tristès, kontantman, sezisman, kòlè





Ekran 6

| M ap aprann anjwèt | **Aktivite 7 :** Esprime santiman ak emosyon sou yon istwa. | 7/7 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsyi lan. |
| 2 | Envite kèk elèv pou vin devan klas la, youn apre lòt, pou rakonte pati nan istwa « Konpè chat ak Konpè chen » an yo te pi renmen an epi pou l esplike poukisa.<br><br>Mande elèv la pou li touche imaj ki koresponn ak pati istwa li sot rakonte a.<br><br>**Remak:** Kapab gen youn oswa plizyè imaj ki koresponn ak pati istwa elèv la rakonte a.<br><br>**Pa gen bon oswa move istwa.** | Rakonte yon pati nan istwa a. |

1 2 3 4 5 6 7




Ekran 7

# Leson 36
## Son z



# Rezime aktivite kou a:

## Obsève/li/koute



**Aktivite 1 :** Li yon tèks san pwoblèm.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks aprè lekti.




**Aktivite 3 :** Regwoupe mo ki fè pati yon menm tèm ansanm.



**Aktivite 4 :** Asosye kèk mo ki gen son [z] ak imaj ki koresponn ak li.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [z].

## Mwen konprann




**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « z » pami lòt lèt ak nan kèk mo.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 7 :** Li silab ak mo ki gen son [z] ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 8 :** Idantifye lèt « z » nan yon tèks.

## M ap ekri



**Aktivite 9 :** Ekri lèt « z ».



**Aktivite 10 :** Repwodui mo ki gen lèt « z » apati non yon imaj.



**Aktivite 11 :** Ekri kèk fraz senp san fòt.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 12 :** Rekopye yon fraz ak tout siy ponktiyasyon ki ladan l.



**Aktivite 13 :** Konplete kèk fraz apati non imaj.

## M ap aprann an jwèt




**Aktivite 14 :** Rekonèt lèt « z » nan yon tèks.

Obsève/li/koute | **Aktivite 1 :** Li yon tèks san pwoblèm.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | klas | ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la pou elèv yo:<br><br>« Zamò, kouzen Èzilen, gen yon manman bèf. Li mare li nan pye zaboka a pou li tire li. Li poze veso a atè. Bèf la refize rete trankil, l ap toumante kò li. Li bay veso a kout pye. Tout lèt la tonbe. Zamò sezi. Li toujou bwè lèt chak jou pou li gen fòs. Men jodia, li p ap bwè lèt. ». Sous tèks sa se liv Pòl ak Anita.<br><br>Mande elèv yo li tèks la nan kè yo. Apre sa fè yo li tèks la byen fò ansanm.<br><br>Chak fwa, ede yo lè yo gen difikilte.<br><br>Si nesesè, touche mo yo pou elèv yo. | Li tèks la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks aprè lekti.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an pou elèv yo.<br><br>Envite elèv ki konn repons lan leve men yo epi chwazi youn pou reponn.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la bay la.<br>Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv pou reponn.<br><br>Si nesesè, retounen sou ekran anvan an pou yo ka reli tèks la epi jwenn repons lan. | Reponn kesyon yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo. | |




Ekran 2

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Mwen konprann | **Aktivite 3 :** Regwoupe mo ki fè pati yon menm tèm ansanm.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li rès mo yo.<br>Chak fwa, touche mo pou elèv yo li a. | Li mo yo. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin deplase mo ki pou konplete lis la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br>**Repons yo**: sè, tonton, matant, frè, kouzen. | Deplase bon repons lan.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 3




Ekran korije

Mwen konprann

**Aktivite 4 :** Asosye kèk mo ki gen son [z] ak imaj ki koresponn ak li.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br><br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br><br>Si yo gen difikilte pou li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si li dakò ak si li pa dakò. |




Ekran 4




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève/li/koute | **Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [z]. | 5/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [z] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (z).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [z] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |






Ekran 5

**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « z » pami lòt lèt ak nan kèk mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou yo tande son an ak mo a.<br><br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « z » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « z » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « z » yo.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « z ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6




Ekran korije

| Obsève/li/koute | **Aktivite 7 :** Li silab ak mo ki gen son [z] ladan yo. | 7/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li pati silab yo yon premye fwa; dezyèm fwa fè elèv yo repete apre w; twazyèm fwa kite yo li l poukont yo. | Koute, repete epi li silab yo. |
| 3 | Fè menm jan pou pati ki gen mo yo. | Koute, repete epi li mo yo. |






Ekran 7

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la ak elèv yo.<br><br>Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin antoure « z » li jwenn nan tèks la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « z ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9 :** Ekri lèt « z ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Adwaz / Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou lèt « z » ki anwo a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt la.<br><br>Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin sou tablo a pou fè lèt « z » la. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « z » a.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 9

**Aktivite 10 :** Repwodui mo ki gen lèt « z » apati non yon imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br><br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:*** *Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si nou pa gen tan.*




Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Ekri kèk fraz senp san fòt.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou elèv yo kapab tande fraz la.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou ekri fraz li sot tande a. Ensiste sou lèt majiskil nan kòmansman fraz la ak pwen nan finisman fraz la. Si nesesè, fè yo koute fraz la plizyè fwa. | Koute fraz la.<br><br>Ekri fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri fraz la. |
| 4 | Refè etap 2 ak 3 pou lòt fraz la. | |

**Remak :** *Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si nou pa gen tan.*




Ekran 11




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Rekopye yon fraz ak tout siy ponktiyasyon ki ladan l. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz la ansanm ak elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou rekopye fraz la.<br><br>Ensiste sou siy ponktiyasyon ki gen nan fraz la, **lèt majiskil, vigil ak pwen.** | Li fraz la.<br><br>Rekopye fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Rekopye fraz la. |

Rekopye fraz la sou tablo a epi sou adwaz nou.



Bèf la refize rete trankil, l ap toumante kò li.

Ekran 12

Rekopye fraz la sou tablo a epi sou adwaz nou.



Bèf la refize rete trankil, l ap toumante kò li.

Bèf la refize rete trankil,

l ap toumante kò li.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Konplete kèk fraz apati non imaj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |



| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou li idantifye imaj la epi ekri non an sou liy lan pou konplete fraz la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a ekri a.<br><br>Si nesesè, li fraz la pou elèv la. | Idantifye imaj la epi ekri non li.<br><br>Di si li dakò ak si li pa dakò. |




Ekran 13




Ekran korije

**Aktivite 14 :** Rekonèt lèt « z » nan yon tèks.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la ak elèv yo epi klike sou espikè a pou yo ka tande chante a.<br><br>Fè yo aprann chante a. Apre sa, fè yo site tout mo nan tèks la ki gen lèt « z » la ladan. | Li tèks la. Chante chante a.<br><br>Site mo ki gen « z ». |
| 3 | Mande elèv yo kisa yo remake.<br><br>**Repons**: Nan tèks la gen yon sèl mo ki gen « z » ladan: zoranj. | Reponn kesyon mèt la. |

12
13
14




Ekran 14

# Leson 37

## Son y



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ki gen son «y» ladan l.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon sou yon tèks senp ki gen son «y» ladan l.

## M ap antrene



**Aktivite 3 :** Idantifye mo ki gen son [y] ladan yo



**Aktivite 4 :** Idantifye plas son [y] nan sèten mo apati imaj.



**Aktivite 5:** Dekouvri divès fason yo ekri son [y].



**Aktivite 6:** Idantifye lèt «y» sou divès fòm ak nan divès mo li parèt.



**Aktivite 7:** Asosye lèt « y» ak vwayèl pou fòme silab.



**Aktivite 8:** Li silab ki fòme ak lèt « y».



**Aktivite 9:** Li mo ki gen lèt « y» ladan yo.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 10:** Li tèks ki fòme ak mo ki gen lèt « y» la dan yo.



**Aktivite 11:** Byen li mo ki fòme ak lèt «y».

## M ap ekri



**Aktivite 12:** Ekri mo nou tande ki gen son [y] ladan yo.

## M ap aprann an jwèt



**Aktivite 13:** Byen idantifye lèt «y», pandan n ap anmize nou.

**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ki gen son «y» ladan l.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 13 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo suiv yon premye lekti w ap fè pou yo. | Suiv mèt la k ap li. Koute istwa a ak atansyon. |
| 2 | Envite elèv yo li, yo menm, ansanm. | Elèv yo ap li istwa a. |
| 3 | Envite yon elèv li istwa a poukont li. Si gen kèk mo li pa ka li, poze l kesyon apati imaj la.<br><br>Mande lòt elèv yo ede l dekouvri mo difisil la. Apre sa, envite yon lòt elèv fè yon lòt lekti ankò. | Yon elèv ap li istwa a poukont li. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Li ansanm ak pwofesè nou.

## Yanm ginen

Chak maten, Mirèy leve, li prepare manje pou kay la. Yon jou, grann li, Yaya, mande l pou li bouyi yon bèl moso yanm ginen pou li manje ak aransò, paske bouch li pa bon ditou. Lè manje a pare, Grann di : "Ala bon bagay se yanm ginen !"



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 13 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Chwazi yon elèv pou reponn premye kesyon an sou tablo ki nan klas la. Si repons li a pa fin kòrèk, mande yon lòt elèv ajoute sa ki manke oubyen korije repons lan. | Yon elèv ap pase devan pou reponn kesyon 1 an. Si repons li a pa fin kòrèk, yon lòt elèv ap vin make bon repons la. |
| 2 | Mèt la ap fè menm jan an pou twa lòt kesyon yo. L ap chwazi yon elèv pou chak kesyon yo. | Menm jan an, chak fwa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Reponn kesyon sou istwa yanm nan.

1. Kisa Mirèy fè chak maten?
2. **Ki pwoblèm Grann Yaya genyen?**
3. Ki sèvis Grann Yaya mande Mirèy?
4. Kisa ki bon anpil nan bouch Grann?

Ekran 2

**Repons yo:**

1. Chak maten Mirèy fè manje pou kay la.
2. Grann Yaya pa gen apeti : bouch li pa bon.
3. Grann Yaya mande Mirèy pou l bouyi yon moso yanm Ginen pou li poul manje al aransò.
4. Se yanm Ginen ki bon konsa nan bouch Grann.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Klike sou imaj yo pou klas la ka tande non yo chak. | Bat men yo de fwa lè yo tande son [y] nan yon mo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

**Remak:** Mo y ap bat men pou yo se: yanvalou, yoyo, chany, peny, kaye, kay.




Ekran 3

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| M ap antrene | **Aktivite 4** : Idantifye plas son [y] nan sèten mo apati imaj. | 4/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Chwazi kèk elèv youn apre lòt, pou al fè egzèsis sou tablo a. | Tout klas la ap koute esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. Mande yo dekri imaj yo. Apre sa, y ap kolorye kaz yo. | Y ap koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Fè yon egzanp pou yo anvan sa. | Y ap fè egzèsis la, selon jan konsiy lan mande a. |






Ekran 4




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 5 :** Dekouvri divès fason yo ekri son [y]. | 5/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo gade epi koute. | Koute son an epi gade jan li ekri. |
| 2 | Klike sou diferan fòm lèt la, youn apre lòt. | |




Ekran 5

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Klike sou ti opalè agòch la pou tout klas la tande. | Antoure lèt la tout kote li parèt. |
| 3 | Apre sa, mande yon elèv nan klas la vin sou tablo a pou antoure lèt la.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò avèk tout sa l fè yo. | Rès klas la ap suiv sa elèv la ap fè a epi y ap reyaji, si sa nesesè. |






Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Itilize chema sou tablo a, pou w fè elèv yo fè konbinezon lèt « y » ak vwayèl yo, jan yo parèt sou tablo a, dekwa pou yo ka fòme silab avèk yo. | Suiv mouvman mèt la ap fè sou tablo a. |
| 3 | Mande diferan elèv, youn apre lòt, pase devan pou vin li yon mo nan lis mo ki parèt anba yo. | Youn apre lòt, elèv yo ap pase devan pou yo li youn nan mo yo. |

Gade byen epi li.




soulye - yanm - tiyo - avyon -mayi - ayisyen - chay - kay - mabouya - liy

wosiyòl - yanvalou - kamyon - maryaj - kaye - vyann - zonyon - kafetyè

Ekran 7

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Chwazi senk elèv , youn apre lòt, pou al antoure silab yo, selon jan konsiy lan mande sa. | Chak elèv ap vin antoure silab yo, youn apre lòt. |
| 3 | Si yon elèv pa antoure bon silab la, mèt la ap mande yon lòt ki volontè vin korije. | Yon elèv pral korije lòt ki sou tablo a, si l fè erè. |






Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9:** Li mo ki gen lèt « y » ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | lAksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy mèt la ak esplikasyon li yo. |
| 2 | Chwazi 3 elèv, youn apre lòt, pou al fè egzèsis la sou tablo a. Yo chak ap relye ant twa ak kat mo. | Elèv, mèt la chwazi yo, ap pase devan youn apre lòt, pou al fè egzèsis la. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo suiv sa elèv ki sou tablo a ap fè. Si youn fè yon erè, l ap siyale sa epi yon lòt elèv pral korije sa l fè a. | Yon elèv pral korije sa elèv sou tablo a fè a, si l ta fè erè. |




Ekran 9




Ekran korije

**Sa mwen ka fè** | **Aktivite 10 :** Dekouvri lòd ki genyen nan sekans istwa ki fòme ak mo ki gen lèt «y» ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pase devan pou al reyalize egzèsis la. | Pase devan pou reyalize egzèsis la sou tablo a. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo di sa yo panse sou klasman elèv la fè a. | Lòt elèv yo ap bay opinyon yo sou travay la. |






Ekran 10




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè yo. |
| 2 | Mande yon elèv pou vin reyalize egzèsis la. Mande lòt elèv yo pou yo byen suiv sa elèv la ap fè a. | Òtografye fraz sou tablo a oswa sou adwaz . |
| 3 | Mande yon lòt elèv vin korije sa elèv la fè a, sizoka li ta fè erè. | Yon lòt elèv ap vin korije erè lòt elèv la, si genyen. |




Ekran 11




Ekran korije

**Aktivite 12 :** Ekri mo ki gen son [y] ou tande.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Dikte: mande elèv yo pou yo pran adwaz yo oswa kaye yo pou yo ekri mo yo tande lè w klike sou chak imaj yo. | Tande mo yo epi ekri mo yo. |
| 3 | Lè dikte a fini, mande yon elèv al ekri mo li tande yo pou koreksyon dikte a. | Yon elèv pral sou tablo pou l korije dikte a. |






Ekran 12




Ekran korije

| M ap aprann anjwèt | **Aktivite 13 :** Idantifye lèt « y » nan kèlkeswa kote li parèt. | 13/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande senk elèv pase devan klas la, youn apre lòt, pou al antoure lèt « y » yo wè nan pasyans lan. | Elèv yo ap pase devan pou al fè jwèt pwofesè a esplike a. |
| 3 | Mande elèv yo suiv sa elèv ki sou tablo a ap fè. | Rès klas la ap suiv sa lòt elèv yo ap fè sou tablo a. |

12

13




Ekran 13




Ekran korije

# Leson 38

## Son w



# Rezime aktivite kou a:

## Obsève/li/koute



**Aktivite 1 :** Li yon tèks san pwoblèm.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks apre lekti.



**Aktivite 3 :** Asosye yon imaj ak fraz ki koresponn ak li.



**Aktivite 4 :** Defini kèk mo apati imaj.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [w].

## Mwen konprann



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt «w» pami lòt lèt ak nan kèk mo.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 7 :** Li silab ak mo ki gen son [w] ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 8 :** Idantifye lèt « w » nan yon tèks.

## M ap ekri



**Aktivite 9 :** Ekri lèt « w ».



**Aktivite 10 :** Repwodui mo ki gen lèt « w » apati son.



**Aktivite 11 :** Ekri kèk fraz senp san fòt.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 12 :** Rekopye yon fraz ak tout siy ponktiyasyon ki ladan l.



**Aktivite 13 : K**onplete kèk fraz apati non imaj.

## M ap aprann an jwèt



**Aktivite 14 :** Rekonèt lèt « w » nan yon tèks.

| Obsève/li/koute | **Aktivite 1 :** Li yon tèks san pwoblèm. | 1/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | klas | ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la pou elèv yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo li tèks la nan kè yo. Apre sa fè yo li tèks la byen fò ansanm.<br><br>Chak fwa, ede yo lè yo gen difikilte.<br><br>Si nesesè, touche mo yo pou elèv yo. | Li tèks la. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

Byen li tèks la pou nou ka reponn kesyon sou li.

Pwen (.)

Yon pwen se yon siy ponktiyasyon ou jwenn nan finisman yon fraz. Yo rele fraz, yon gwoup mo yo mete ansanm ki vle di yon bagay epi ki gen sans. Premye lèt k ap ekri apre yon pwen dwe yon lèt majiskil.

Nou jwenn divès lòt kalite pwen, tankou:
_ pwen entèwogasyon (?)
_ pwen esklamasyon (!)
_ de pwen (:)

Nou sèvi ak pwen entèwogasyon nan finisman yon fraz kote n ap poze yon kesyon.
Egzanp: Eske zwazo konn vole?

Nou sèvi ak pwen esklamasyon nan yon fraz lè nou sou emosyon oswa lè n ap pase lòd.
Egzanp: Jan, chita tousuit!

Ekran 1

**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks apre lekti.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an pou elèv yo.<br>Envite elèv ki konn repons lan leve men yo epi chwazi youn pou reponn.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la bay la.<br><br>Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv pou reponn.<br><br>Si nesesè, retounen sou ekran anvan an pou yo ka reli tèks la epi jwenn repons lan. | Reponn kesyon yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo. | |

An n reponn kesyon sa yo.

1- Kisa yon pwen ye?

2- Ki kalite lèt nou mete aprè yon pwen?

3- Site 3 kalite pwen nou konnen.

4- Kilè nou sèvi ak pwen entèwogasyon?

5- Di sa nou konnen sou pwen esklamasyon.

Ekran 2

**Repons yo:**

1. Se yon siy ponktiasyon ki nan finisman yon fraz.
2. Yon lèt majiskil.
3. Pwen entèwogasyon, pwen ekklamasyon, de pwen.
4. Nan yon fraz kote n ap poze kesyon.
5. Nan fraz kote n ap pale sou emosyon nou oswa pou bay yon lòd.

**Aktivite 3 :** Asosye yon imaj ak fraz ki koresponn ak li.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li fraz yo epi byen gade imaj la.<br>Si nesesè, touche mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka li ansanm. | Li fraz yo.<br>Gade imaj la. |
| 3 | Chwazi yon elèv pou vin kwoche fraz ki koresponn ak imaj la.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Tcheke.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4 :** Defini kèk mo apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo byen gade bèt yo ki anba a. Fè yo idantifye ki bèt yo ye. | Gade epi idantifye. |
| 3 | Li premye definisyon an ak elèv yo. Envite elèv ki gen repons lan vin sou tablo a pou deplase bèt ki koresponn ak definisyon an.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase bon repons lan.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Refè etap 2 ak 3 a pou lòt definisyon yo. | |






Ekran 4




Ekran korije

| Obsève/li/koute | **Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [w]. | 5/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [w] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (w).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [w] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |






Ekran 5

| Mwen konprann | **Aktivite 6 :** Idantifye lèt « w » pami lòt lèt ak nan kèk mo. | 6/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou yo tande son an ak mo a.<br><br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « w » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « w » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « w » yo.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « w ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

## Obsève/li/koute — **Aktivite 7 :** Li silab ak mo ki gen son [w] ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li pati silab yo yon premye fwa; dezyèm fwa fè elèv yo repete apre w; twazyèm fwa kite yo li l poukont yo. | Koute, repete, li silab yo. |
| 3 | Fè menm jan pou pati ki gen mo yo. | Koute, repete, ekri mo yo. |






Ekran 7

| M ap antrene | **Aktivite 8 :** Idantifye lèt « w » nan yon tèks. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la ak elèv yo.<br><br>Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin antoure « w » li jwenn nan tèks la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « w ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou lèt « w » ki anwo a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt la.<br><br>Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin sou tablo a pou fè lèt « w » a. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « w » a.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |




Ekran 9

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 10 :** Repwodui mo ki gen lèt « w » apati son.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo tande a. | Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:*** *Ekran sa a ak sa ki swiv li pa obligatwa. Nou tojou ka pa fe l si nou pa gen tan.*




Ekran 10




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou elèv yo kapab tande fraz la.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou ekri fraz li sot tande a. Ensiste sou lèt majiskil nan kòmansman fraz la ak pwen nan finisman fraz la. Si nesesè, fè yo koute fraz la plizyè fwa. | Koute fraz la.<br>Ekri fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri fraz la. |
| 4 | Refè etap 2 ak 3 pou lòt fraz la. | |




Ekran 11




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Rekopye yon fraz ak tout siy ponktiyasyon ki ladan l. | 12/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz la ansanm ak elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou rekopye fraz la.<br><br>Ensiste sou siy ponktiyasyon ki gen nan fraz la.<br><br>**Lèt majiskil, vigil ak pwen.** | Li fraz la.<br><br>Rekopye fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Rekopye fraz la. |




Ekran 12




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Konplete kèk fraz apati non imaj. | 13/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |



| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou li idantifye imaj la epi ekri non an sou liy lan pou konplete fraz la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a ekri a.<br><br>Si nesesè, li fraz la pou elèv la. | Idantifye imaj la epi ekri non li.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 13




Ekran korije

| M ap aprann an jwèt | **Aktivite 14 :** Rekonèt lèt « w » nan yon tèks. | 14/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la ak elèv yo. Fè yo aprann chante a. Apre sa, fè yo site tout mo nan tèks la ki gen lèt « w » la ladan. | Li tèks la. Chante chante a.<br><br>Site mo ki gen « w ». |

12 13 14




Ekran 14

# Leson 39

## Kominikasyon oral

An nou vizite Sitadèl la



# Rezime aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1** : Idantifye ki kote Sitadèl la ye.

## Dekouvèt



**Aktivite 2** : Aprann kèk enfòmasyon sou Sitadèl la.



**Aktivite 3 :** Distenge kijan anndan Sitadèl la ye.

## Fiksasyon



**Aktivite 4 :** Idantifye ki jan noun ka ale nan Sitadèl la.



**Aktivite 5 :** Idantifye wout ki mennen nan vil Okap.



**Aktivite 6** : Esplike pou kisa Sitadèl la chita sou tèt yon mòn.



**Aktivite 7** : Distenge enfòmasyon sou moniman nou yo.

## Evalyasyon



**Aktivite 8:** Bay enfòmasyon sou Sitadèl la.



**Aktivite 9**: Idantifye moniman ki nan zòn lakay nou.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo montre 4 pwen kadino yo sou tablo a, epi di nan ki pati nan peyi a yo jwenn Sitadèl la. | Elèv yo ap montre 4 pwen kadino yo sou tablo a, epi yo ap di nan ki pati nan peyi a yo jwenn Sitadèl la. |






Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv, youn apre lòt, tande enfòmasyon yo bay sou Sitadèl la epi rapòte li bay lòt timoun yo.<br><br>Chak fwa, yo dwe kòmanse fraz la konsa : « Dapre listwa, Sitadèl la …. » | Elèv ki deziye a ap tande enfòmasyon yo bay sou Sitadèl la epi yo ap rapòte li bay lòt timoun yo.<br><br>Chak fwa, yo dwe koumanse fraz la konsa : « Dapre listwa, Sitadèl la …. » |



Tande Chak enfòmasyon yo bay sou Sitadèl la epi rapòte enfòmasyon an. Koumanse fraz la avèk : " Dapre listwa, Sitadèl ... "

Se yon fò ki te bati pou sòlda ka defann peyi a.

Li rele l Sitadèl Laferyè oswa Sitadèl Anri Kristòf.

Desalin te pote lide Sitadèl la men se Kristop ki te bati li.

Li gen gwo zam kanno ki ka tire boulèt jouk sou bato nan lanmè a.



Ekran 2

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI | Nan klas | pèsonèl | 2 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Elèv yo ap di ki sa yo wè sou tablo a epi yo ap koute konsiy lan. |
| 2 | Li konsiy lan.<br><br>Envite 4 elèv yo, youn apre lòt, vin di ki sa yo rekonèt sou tablo a epi esplike kijan yo konprann yo.<br><br>Pwofesè a dwe ankouraje elèv yo jwenn repons yo. | Elèv ki vle ale sou tablo dwe leve men li.<br><br>Elèv ki deziye a ap vin sou tablo a, pou li ki sa li rekonèt sou tablo a epi esplike kijan li konprann yo.<br><br>. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Tout foto sa yo soti nan Sitadèl la. Esplike sa nou wè sou yo.



Ekran 3

**Aktivite 4 :** Idantifye ki jan noun ka ale nan Sitadèl la.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la.<br><br>Tande konsy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou antoure mwayen moun ka itilize pou monte nan Sitadèl la epi chak fwa, esplike pou kisa. | Chak elèv ap vin antoure mwayen moun ka itilize pou monte nan Sitadèl la epi chak fwa, li ap esplike pou kisa.<br><br>Elèv ki vle ale sou tablo a dwe leve men li. |
| 3 | **Remak:** Pwofesè a ka ede elèv yo jwenn esplikasyon yo. | |






Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la epi koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou chwazi yon vil kote kamyonèt yo ye a, apre sa, yo ap gen pou yo trase wout yo ap fè soti nan vil sa a pou yo ale nan vil Okap. | Elèv ki deziye a ap vin sou tablo a pou li chwazi yon vil kote kamyonèt yo ye a, apre, li ap gen pou yo trase wout li ap fè soti nan vil sa a pou li ale nan vil Okap. |
| 3 | Chak elèv ka chwazi yon koulè pou trase wout la. | Elèv ki vle bay repons lan dwe leve men li. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9




Ekran 5

| Fiksasyon | **Aktivite 6 :** Esplike pou kisa Sitadèl la chita sou tèt yon mòn. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansam | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la epi koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin di pou kisa dapre yo Sitadèl la chita sou tèt yon mòn. | Elèv ki dezisye a ap vin di pou kisa dapre li  Sitadèl la chita sou tèt yon mòn. |
| 3 | Mande elèv yo leve men yo si yo konnen repons yo.<br><br>Ankouraje yo jwenn repons yo. | |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Yo bati Sitadèl Laferyè sou tèt mòn Bonè Levèk.
Dapre nou poukisa se sou tèt yon mòn yo bati li?



Ekran 6

| Fiksasyon | **Aktivite 7 :** Distenge enfòmasyon sou moniman nou yo. | 7/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 4 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi li konsiy lan. | Gade imaj la epi Koute konsiy. |
| 2 | Envite elèv yo vini sou tablo a pou relye enfòmasyon ak fraz ki koresponn ak yo. | Elèv ki deziye aap vin relye enfòmasyon li konnen ak fraz ki koresponn ak yo. |
| 3 | Egzanp. Chak elèv dwe fè fraz la sou modèl sa a « Nou dwe konnen se nan Katedral Milo a yo te proklame Kristòf wa ». | |

1 2 3 4 4 6 7 8 9




Ekran 7




Ekran korije

| Fiksasyon | **Aktivite 8 :** Bay enfòmasyon sou Sitadèl la. | 8/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2/2 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Gade imay la epi li konsiy lan. | Gade imaj la epi Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo koute kesyon yo epi vini reponn yo dapre enfòmasyon yo konnen sou Sitadèl la. | Elèv ki deziye a ap vini reponn kesyon yo dapre enfòmasyon li konnen sou Sitadèl la. |






Ekran 8

| Fiksasyon | **Aktivite 9 :** Idantifye moniman ki nan zòn lakay nou. | 9/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin bay enfòmasyon yo konnen sou moniman sa yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin bay enfòmasyon sou lòt moniman yo konnen ki nan zòn kote yo rete. | Leve men nou si nou gen enfòmasyon sou moniman sa yo.<br><br>Bay lòt enfòmayon ou konnen sou lòt moniman ou konnen ki nan zòn kote ou rete. |

1 2 3 4 4 6 7 8 9




Ekran 9

# Leson 40
## Son ò



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Koute yon istwa (son [ò]) epi gade tèks la.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Konprann tèks la.



**Aktivite 3 :** Klase mo dapre kategori ki koresponn avè l.



**Aktivite 4 :** Asosye mo ak imaj.



**Aktivite 5 :** Tcheke fraz ki bon yo.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 6 :** Dekouvri imaj ki koresponn ak chak definisyon.

## Mwen konprann



**Aktivite 7 :** Klase yon imaj siw tande son [ò].

## Obsève/koute/li



**Aktivite 8 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [ò].

## M ap ekri



**Aktivite 9 :** Ekri lèt « ò ».

## M ap antrene



**Aktivite 10:** Ekri mo ki gen lèt « ò » dapre yon son.



**Aktivite 11:** Ekri yon fraz dapre yon son.



**Aktivite 12:** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13:** Konplete fraz.

| Mizantren | **Aktivite 1** : Koute yon istwa (son [ò]) epi gade tèks laj. | 1/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou fè elèv yo tande ti kont la. Fè yo tande l 2 a 3 fwa. | Tande ti kont lan. |
| 3 | Mande pou yo chante ti kont lan tou. | Chante kont lan tou. |

Klike pou nou tande ti kont sa

## Anatòl

Ala nèg dwòl se Anatòl
Monte sou tòl ak yon gòl
Keyi kowosòl

Anatòl monte sou tòl
Pou l al keyi kowosòl
Gèp panyòl bobo l nan dyòl o!



Ekran 1

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Poze premye kesyon an epi mande yon elèv vin antoure vrè repons lan.<br><br>Fè menm jan pou lòt kesyon yo tou. | Reponn kesyon yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |




Ekran 2




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Di yo, yo pral klase chak mo nan katefori pa yo.<br><br>Li chak mo epi chak kategorie. Mande elèv yo pou yo repete apre w. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin klase mo yo nan kategori ki koresponn avè l. | Klase mo yo nan kategori ki koresponn avèk yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Mande yo gade imaj yo byen epi li chak fraz youn apre lòt. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin asosye imaj ki koresponn ak fraz pa l. | Asosye imaj ak fraz ki koresponn avè l. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Mande yo gade imaj la byen epi li chak fraz youn apre lòt. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin koche tout fraz ki bon ki koresponn ak fraz imaj lal. | Koche tout fraz ki koresponn ak imaj la. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |



Koche tout fraz ki bon yo.



- [ ] Li manje grenn mayi.
- [ ] Li gen plim.
- [ ] Li gen kat pat.
- [ ] Li gen 2 zèl.



- [ ] Yo fè farin ak li.
- [ ] Li dous anpil.
- [ ] Yo fè kasav avèl.
- [ ] Si l pa amè li ka manje lèl bouyi.

Ekran 5

Koche tout fraz ki bon yo.



- [x] Li manje grenn mayi.
- [x] Li gen plim.
- [ ] Li gen kat pat.
- [x] Li gen 2 zèl.



- [x] Yo fè farin ak li.
- [ ] Li dous anpil.
- [x] Yo fè kasav avèl.
- [x] Si l pa amè yo ka manje l lèl bouyi.

Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 6 :** Dekouvri imaj ki koresponn ak chak definisyon. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv ke yo pral jwe yon jwèt yo rele jwèt memwa. Yo pral klike sou yon premye kawo. Si se yon imaj gade l byen. Si se yon definisyon li l pou elèv yo plizyè fwa epi mande yo definisyon ki mo li ye.<br><br>Mande yo klike sou yon dezyèm kawo. Si se yon definisyon gade si li koresponn ak imaj la. Si li pa mache rekomanse ankò jiskaske nou jwenn definisyon ki mache ak chak imaj epi jwèt la ap fini | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk vin sou tablo vin klike sou kawo yo. | Jwe jwèt la jiskaske yo fini. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande yo gade imaj yo byen. Di chak non imaj yo epi mande yo repete apre w. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin deplase imaj yo mete yo nan kat ki koresponn avkè yo. | Deplase imaj yo mete yo nan kat koresponn ak imaj la |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò.<br><br>**Resilta:** trezò, kawòt, kòbèy, zòrye, kowosòl | Di si nou dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12







Ekran 7

Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 8** : Idantifye diferan fason yo ekri son [p]. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran.<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande  yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (ò).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [ò] a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 8

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou ti kawo ble a ki gen lèt « ò » anndan l la, epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « ò ».<br><br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt la youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt « ò » a. | Ekri. |




Ekran 9

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 10 :** Ekri mo ki gen lèt « ò » daprè yon son.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo yo sou kaye yo oswa sou adwaz. |






Ekran 10




Ekran korije

M ap antrene | **Aktivite 11 :** Ekri yon fraz daprè yon son.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lot pou ekri fraz yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye yo oswa sou adwaz. |




Ekran 11




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo gade chak imaj byen epi mande yo pou yo di non yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lot pou ekri mo ki koresponn ak chak imaj. | Gade chak imaj byen epi di non yo.<br><br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo yo sou kaye yo oswa sou adwaz. |




Ekran 12




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansam | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Komanse li fraz la. Epi esplike elèv yo ke fraz yo poko fini. Mande yo pou gad imaj ki bò kote chak fraz.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou vin konplete fraz yo daprè imaj ki bò kote yo. | Koute esplikasyon mèt la.<br><br>Konplete chak fraz daprè imaj ki bò kote l la. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si nou dakò. |






Ekran 13




Ekran korije

# Leson 41
## Son an



# Rezime aktivite kou a:

## Obsève/li/koute



**Aktivite 1 :** Li yon tèks san pwoblèm.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks aprè lekti.



**Aktivite 3 :** Asosye kèk fraz ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 4 :** Defini kèk mo apati imaj.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [an].

## Mwen konprann



**Aktivite 6 :** Idantifye « an » pami lòt lèt ak nan kèk mo.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 7 :** Li silab ak mo ki gen son [an] ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 8 :** Idantifye « an » pami lòt silab.



**Aktivite 9 :** Idantifye « an » nan yon tèks.

## M ap ekri



**Aktivite 10 :** Ekri « an ».



**Aktivite 11 :** Repwodui mo ki gen « an » apati son.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 12 :** Ekri kèk fraz senp san fòt.



**Aktivite 13 :** Rekopye yon fraz ak tout siy ponktiyasyon ki ladan l.



**Aktivite 14 :** Konplete kèk fraz apati non imaj.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou elèv yo koute tèks la.<br><br>Fè elèv yo li tèks la ansanm men nan kè yo. Apre sa fè yo li tèks la byen fò ansanm.<br><br>Chak fwa, ede yo lè yo pa kapab.<br><br>Si nesesè, touche mo yo pou elèv yo. | Li tèks la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an ak repons yo pou elèv yo.<br><br>Envite elèv ki konn repons lan leve men yo epi chwazi youn pou vin mete yon kwa devan bon repons lan.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la bay la. Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv pou reponn.<br><br>Si nesesè, retounen sou ekran anvan an pou yo ka reli tèks la epi jwenn repons lan. | Reponn kesyon yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo. | |




Ekran 2




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 3 :** Asosye kèk fraz ak imaj ki koresponn ak yo. | | | 3/14 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li fraz yo epi byen gade imaj yo.<br>Si nesesè, touche mo yo nan fraz yo pou elèv yo ka li ansanm. | Li fraz yo.<br>Gade imaj yo. |
| 3 | Chwazi yon elèv pou vin relye yon fraz ki koresponn ak imaj li.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Relye.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Refè etap 3 a pou rès fraz yo ak imaj yo. | |



Ekran 3



Ekran korije

**Aktivite 4 :** Defini kèk mo apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo byen gade imaj yo ki anba a. Fè yo idantifye yo. | Gade epi idantifye. |
| 3 | Li premye definisyon an ak elèv yo. Envite elèv ki gen repons lan vin sou tablo a pou deplase imaj ki koresponn ak definisyon an.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase bon repons lan.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò |
| 4 | Refè etap 2 ak 3 a pou lòt definisyon yo. | |




Ekran




Ekran korije

| Obsève/li/koute | **Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [an]. | 5/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [an] an.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (an).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [an] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 5

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 6 :** Idantifye « an » pami lòt lèt ak nan kèk mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou yo tande son an ak mo a.<br><br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « an » an parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « an » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « an » yo.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « z ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

Obsève/li/koute | **Aktivite 7 :** Li silab ak mo ki gen son [an] ladan yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li pati silab yo yon premye fwa; dezyèm fwa fè elèv yo repete apre w; twazyèm fwa kite yo li l poukont yo. | Kout, repete; li silab yo. |
| 3 | Fè menm jan pou pati ki gen mo yo. | Koute, repete epi li mo yo. |






Ekran 7

M ap antrene | **Aktivite 8 :** Idantifye « an » pami lòt silab. | 8/14

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin antoure « an » sou tablo a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Koute mèt la epi reponn.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la ak elèv yo.<br><br>Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin souliye « an » li jwenn nan tèks la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « an ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 9




Ekran korije

**Aktivite 10 :** Ekri « an ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou « an » ki anwo a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt la.<br><br>Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin sou tablo a pou fè « an » an. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè « an » an.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |




Ekran 10

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| M ap ekri | **Aktivite 11 :** Repwodui mo ki gen « an » apati son. | 11/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo tande a. | Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak**. Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 11




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri kèk fraz senp san fòt. | 12/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou elèv yo kapab tande fraz la epi chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou ekri fraz li sot tande a. Ensiste sou lèt majiskil nan kòmansman fraz la ak pwen nan finisman fraz la.<br><br>Si nesesè, fè yo koute fraz la plizyè fwa. | Koute fraz la.<br>Ekri fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri fraz la. |
| 4 | Refè etap 2 ak 3 pou lòt fraz la. | |

***Remak**. Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 12




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Rekopye yon fraz ak tout siy ponktiyasyon ki ladan l. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |



| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz la ansanm ak elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou rekopye fraz la.<br><br>Ensiste sou siy ponktiyasyon ki gen nan fraz la, **vigil ak pwen**, epi **tou** sou **lèt majiskil.** | Li fraz la.<br><br>Rekopye fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Rekopye fraz la. |

Rekopye kesyon an sou tablo a epi sou adwaz nou.

*Daprè nou, eske timoun dwe manje tout kalite manje?*



Ekran 13

## **Aktivite 14 :** Konplete kèk fraz apati non imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou li idantifye imaj la epi ekri non an sou liy lan pou konplete fraz la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a ekri a.<br><br>Si nesesè, li fraz la pou elèv la. | Idantifye imaj la epi ekri non li.<br><br>Di si li dakò ak si li pa dakò. |






Ekran 14




Ekran korije

# Leson 42
## Alfabè kreyòl la



## Rezime tout aktivite kou a:

### M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Idantifye mo ki gen son [a] ak son [an] ladan yo apati imaj.



**Aktivite 2 :** Idantifye mo ki gen son [e], [è] oubyen son [en] ladan yo.




**Aktivite 3 :** Idantifye vwayèl ki pwòch youn ak lòt.

### M ap antrene




**Aktivite 4 :** Idantifye lòd vwayèl yo nan alfabè a.




**Aktivite 5:** Idantifye mo ki gen son [o], [ò], [on] oubyen son [ou] ladan yo apati imaj.



**Aktivite 6:** Idantifye lòd vwayèl yo nan alfabè a.



**Aktivite 7:** Idantifye konsòn ki nan kòmansman mo, apati imaj .



**Aktivite 8:** Idantifye konsòn ki nan kòmansman mo apati imaj.




**Aktivite 9:** Site lèt yo selon lòd alfabè a kreyòl la.

### M ap ekri




**Aktivite 10:** Ekri lèt yo selon lòd alfabè kreyòl la.

### M ap aprann an jwèt



**Aktivite 11:** Idantifye diferan mo ki kòmans ak youn nan chak lèt alfabè a, an jwèt.

Obsève/ Koute/ Li

**Aktivite 1 :** Idantifye mo ki gen son [a] ak son [an] ladan yo apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 13 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo li. | Elèv yo ap koute. |
| 2 | Envite 2 elèv vin sou tablo a, youn apre lòt: youn ap ranpli pànye[A] a ak bèt ki gen son [a] nan non yo, lòt la ap ranpli pànye [AN] an ak bèt ki gen son [an] nan non yo. | De elèv yo ap pase devan, youn apre lòt. |
| 3 | Envite lòt elèv yo bay opinyon apre travay chak elèv yo fè. | Lòt elèv yo ap bay opinyon yo sou travay de elèv yo. |









Ekran 1

| Obsève/li/koute | **Aktivite 2 :** Idantifye mo ki gen son [e], [è] oubyen son [en] ladan yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 13 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi l ap esplike yo li. | Elèv yo ap koute. |
| 2 | Envite 3 elèv vin sou tablo a, youn apre lòt:<br>- youn ap ranpli kazye [E] a ak bèt ki gen son [e] nan non yo,<br>- yon lòt ap ranpli kazye [È] a ak bèt ki gen son [è] nan non yo epi<br>- yon lòt ap ranpli kazye [EN] an ak bèt ki gen son [en] nan non yo. | Twa elèv yo ap pase devan, youn apre lòt. |
| 3 | Envite lòt elèv yo bay opinyon apre travay chak elèv yo fè. | Lòt elèv yo ap byen gade epi bay opinyon yo sou travay twa elèv yo fè. |




Ekran 2




Ekran korije

| Obsève/li/koute | **Aktivite 3 :** Idantifye vwayèl ki pwòch youn ak lòt. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Elèv yo ap tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi yon elèv pou al fè egzèsis la. Mande rès klas la suiv pou yo ka bay opinyon sou sa elèv la fè a.<br><br>Si l gen difikilte, l ap mande yon lòt elèv vin korije l. | Yon elèv ap pase devan pou al fè egzèsis la.<br><br>Lòt yo ap suiv sa elèv la ap fè a. Y ap bay opinyon yo sou sa.<br><br>Si se nesesè, yon lòt pral korije sa l fè a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11




Ekran 3




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 4 :** Idantifye lòd vwayèl yo nan alfabè a. | 4/11 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi yon elèv pou al fè egzèsis la.<br><br>Mande rès klas la suiv pou yo ka bay opinyon sou sa elèv la fè a. Si l gen difikilte, l ap mande yon lòt elèv vin korije l. | Yon elèv ap pase devan pou reyalize egzèsis la.<br><br>Suiv sa elèv la ap fè a, bay opinyon yo sou sa. Si se nesesè, yon lòt pral korije sa l fè a. |
| 3 | Veye pou lè elèv la fin reyaliize travay la, pou w fè tout elèv yo li chak liy vwayèl, dekwa pou yo byen abitye ak lòd yo parèt nan alfabè a. | Li chak liy vwayèl yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11




Ekran 4




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 5 :** Idantifye mo ki gen son [o], son [ò], son [on] oubyen son [ou] ladan yo apati imaj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi yon elèv pou al relye premye ranje bèt anwo yo ak kat lèt ki nan mitan yo.<br><br>Mande rès klas la suiv pou yo ka bay opinyon sou sa elèv la fè a. Si l gen difikilte, l ap mande yon lòt elèv vin korije l.<br><br>Chwazi yon lòt elèv pou al relye lòt ranje bèt anba a. | De elèv pral sou tablo a, youn apre lòt. Lòt yo ap suiv sa chak elèv yo ap fè a.<br><br>Bay opinyon yo sou sa. Si se nesesè, yon lòt pral korije sa yo fè a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11




Ekran 5




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 6 :** Idantifye lòd vwayèl yo nan alfabè a. | 6/11 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi yon elèv pou al fè egzèsis la.<br><br>Mande rès klas la suiv pou yo ka bay opinyon sou sa elèv la fè a.<br><br>Si l gen difikilte, mande yon lòt elèv vin korije l. | Yon elèv ap pase devan pou al reyalize egzèsis la. Lòt yo ap suiv sa elèv la ap fè a, bay opinyon yo sou sa.<br><br>Si se nesesè, yon lòt pral korije sa l fè a. |
| 3 | Mèt la ap veye pou lè elèv la fin reyaliize travay la, li fè tout elèv yo li chak liy vwayèl, dekwa pou yo byen abitye ak lòd yo parèt nan alfabè a. | Elèv yo ap li chak liy  wayèl yo. |






Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7 :** Idantifye konsòn nan kòmansman mo, apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 3 elèv, youn apre lòt: yo chak ap fè yon kolòn imaj kòm egzèsis.<br><br>Mande rès klas la suiv pou yo ka bay opinyon sou sa elèv yo fè a.<br><br>Si yo gen difikilte, mande yon lòt elèv vin korije yo. | Twa elèv ap pase devan pou al reyalize egzèsis la, youn apre lòt.<br><br>Lòt yo ap suiv sa chak elèv yo ap fè a. Y ap bay opinyon yo sou sa. Si se nesesè, yon lòt pral korije sa yo fè a. |
| 3 | Sonje pou w fè elèv yo li lèt yo, lè 3 elèv yo fin fè egzèsis la (èl, pe, te, ve, pe, ka, ve, ès, èm /enm, se ach, i grèk, de, zèd, èf, èr). | Elèv yo ap li tout lèt yo. |






Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8:** Idantifye konsòn ki nan kòmansman mo, apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 2 elèv, youn apre lòt: yo chak ap fè yon kolòn imaj kòm egzèsis.<br><br>Mande rès klas la suiv pou yo ka bay opinyon sou sa elèv yo fè a. Si yo gen difikilte, mande yon lòt elèv vin korije yo. | De elèv ap pase devan pou al reyalize egzèsis la, youn apre lòt.<br><br>Lòt yo ap suiv sa chak elèv yo ap fè a. Y ap bay opinyon yo sou sa. Si se nesesè, yon lòt pral korije sa yo fè a. |
| 3 | Sonje pou w fè elèv yo li lèt yo, lè de elèv yo fin fè egzèsis la (ve, èm /enm, double ve, be, èn/enn, ji, ach, je, te, ès). | Elèv yo ap li tout lèt yo. |






Ekran 8




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 9:** Site lèt yo selon lòd kreyòl la. | 9/11 |
| --- | --- | --- |

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | lAksyon elèv la |
| --- | --- | --- |
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy mèt la ak esplikasyon li yo. |
| 2 | Chwazi yon elèv pou vin li lèt yo pou tout rès klas la. | Elèv, mèt la chwazi a, ap pase devan pou al fè egzèsis la. |
| 3 | Apre sa, mande tout rès klas la, li tout lèt yo ansam, menm jan elèv la sot fè a, pandan twa fwa, pou yo ka abitye ak lòd lèt yo nan alfabè a. | Tout elèv ansanm ap li alfabè a, pandan twa fwa. |
| 4 | **Kado** Vin ak debèl kreyon. Fè yon ti paryaj nan klas la ant de elèv w ap chwazi. Mande yo pou yo resite alfabè a san yo pa mamote. Elèv ki rive fè sa pami de de elèv yo, ap jwenn yon bèl kreyon. Si tou le de rive fè sa san mamote, yo chak ap jwenn yon kreyon. | De elèv ap pase devan klas la pou konkou a. Lòt elèv yo ap bat bravo pou sa ki genyen an, oubyen pou tou le de si tou le de genyen. |




Ekran 9

**Aktivite 10 :** Ekri lèt yo selon lòd alfabè kreyòl la.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande elèv yo pran kaye yo pou yo ekri tout lèt alfabè yo. | Elèv yo ap ekri nan kaye yo pou yo ekri. |






Ekran 10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| jwèt. | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li tèks «**Mwen di …** » a pou tout klas la tande pawòl yo byen pandan de fwa. Esplike yo w pral fè yon ti jwèt avèk yo. Anonse pou chak fwa w di:<br><br>***«Mwen di…+ tèl lèt nan nan alfabè a »*** , pou yo kouri di pou ki rezon. Y ap sonje sa yo sot li a ansanm ak pwofesè a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè yo.<br><br>Elèv yo ap reponn apre pwofesè a. |

Tande pwofesè nou epi li apre li.

Jwe: apre chak lèt nou site, bat men nou 3 fwa. Epi, Yon lòt elèv ap kouri di pou kisa nou site lèt la.

Mwen di...

| | | | |
|---|---|---|---|
| a | paske m wè anana | m | paske m wè yon mouton |
| an | paske m renmen manba | n | paske m te wè Rene |
| b | paske m wè tibebe | o | paske m monte moto |
| ch | paske m renmen pistach | ò | paske m toujou bòzò |
| d | paske m manje pentad | on | chak fwa m sonje tonton r |
| e | paske lanmè a ble | ou | paske m renmen joumou |
| è | lè kabrit rele bèèè | p | lè granpè m pran yon pip |
| en | paske m te manje pen | r | lè moun yo retounen |
| f | paske m gen yon fòs bèf | s | lè tout moun ap fè jès |
| g | paske m renmen bay blag | t | lè manman bay tete |
| h | paske ou te di m "Enhen" | ui | lè y ap manje zuit |
| i | lè m manje pitimi | v | lè tout timoun fè rèv |
| j | lè m wè yon bèl jaden | w | si Pyè mèg kou yon kaw |
| k | paske mango a rak | y | lè m manje yon bon yanm |
| l | paske mwen wè lalin | z | lè m rankontre zanmi m |

Ekran 11

# Leson 43

## Kominikasyon oral

Konsiy senp: sekirite



# Kominikasyon Oral: leson 43: “Konsiy senp: sekirite”

## Rezime tout aktivite kou a:

### M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks sou yon konsiy senp pou sekirite.



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon sou yon tèks ak konsiy senp pou sekirite.



**Aktivite 3 :** Fòmile yon konsiy senp pou sekirite.

### M ap antrene



**Aktivite 4 :** Fòmile konsiy senp pou sekirite nan divès sitiyasyon .



**Aktivite 5:** Asosye de moso pawòl ansanm pou w fè yon konsiy sekirite apati imaj.

### Mwen konprann



**Aktivite 6:** Fòmile pati nan yon konsiy ki reprezante prekosyon pou w pran an pou w konplete konsiy lan.



**Aktivite 7:** Fòmile pati nan yon konsiy ki reprezante rezon an oubyen sitiyasyon an pou w konplete konsiy lan.

### Sa mwen ka fè



**Aktivite 8:** Fòmile yon konsiy senp apati yon seri mo an dezòd.

**Aktivite 1 :** Li yon tèks sou konsiy senp pou sekirite.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 13 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo suiv yon premye lekti w ap fè pou yo. | Suiv mèt la k ap li. Koute istwa a ak anpil atansyon. |
| 2 | Envite elèv yo li, yo menm, ansanm. | Elèv yo ap li istwa a. |
| 3 | Envite yon elèv li istwa a poukont li.<br><br>Si gen kèk mo li pa ka li, poze l kesyon apati imaj la. Mande lòt elèv yo ede l dekouvri mo difisil la.<br><br>Apre sa, envite yon lòt elèv fè yon lòt lekti ankò. | Yon elèv ap li istwa a poukont li. |



Li istwa sa a ak pwofesè nou.

**Dlo trete**

Jan sòti larivyè. Li sot chache dlo pou kay la.
Etan li sou wout, li rankontre Ana.
Nan mache, mache, Jan vin swaf.
Etan li leve kalbas dlo a pou l bwè enpe, Ana di:
"Atansyon, Jan!
Toujou **trete** dlo w ap bwè **pou w pa** pran
maladi, **tande**!"



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 13 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Chwazi yon elèv pou reponn premye kesyon an sou tablo ki nan klas la.<br><br>Si repons li a pa fin kòrèk, mande yon lòt elèv ajoute sa ki manke oubyen korije repons lan. | Yon elèv ap pase devan pou reponn kesyon 1 an.<br><br>Si repons li a pa fin kòrèk, yon lòt elèv ap vin make bon repons la. |
| 2 | Mèt la ap fè menm jan an pou twa lòt kesyon yo. L ap chwazi yon elèv pou yo chak. | Menm jan an, chak fwa. |

1 2 3 4 5 6 7 8

Reponn kesyon sou istwa nou sot li a.

Ki kote Jan sòti?

Kilès li rankontre nan wout ?

Pou kisa li leve kalbas dlo a pou l bwè?

Ki konsèy Ana ba li?

Ekran 2

**Repons yo:**

1. Jan sòti larivyè.
2. Etan li sou wout, li rankontre Ana.
3. Paske li te swaf.
4. Li di l pou l toujou trete dwo l ap bwè pou l pa pran maladi.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo gade imaj la byen. Chwazi youn pami yo pou poze kesyon an.<br><br>Si l gen difikilte pou dezyèm repons lan, fè elèv la klike sou pwen entèwogasyon an. | Tande konsiy lan ak kesyon an.<br><br>Youn pami yo pral reponn kesyon an epi l ap klike. Elèv la ap klike sou mak kesyon an. |
| 2 | Si elèv la pa ka jwenn repons lan, mande yon volontè vin reponn. | Yon elèv ap vin reponn si elèv la pa ka jwenn bon konsiy lan. |



Kisa ki rive Pyè la a? Kisa nou te ka di Pyè pou l ka pwoteje tèt li.




Ekran 3

**Repons yo:**

1. Pyè, ap mouye nan lapli.
2. Pyè, sèvi ak parapli pou w pa mouye nan lapli.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo gade imaj yo byen. Chwazi 3 pami yo pou y al fòmile yon konsiy pou chak sitiyasyon yo. Si yo gen difikilte pou dezyèm pati kesyon, fè yo klike sou imaj ki konsène a. | Elèv yo ap tande konsiy lan ak kesyon an . Twa ladan yo ap pase devan, youn apre lòt, yo pral reponn kesyon an epi l ap klike. Elèv la ap klike sou mak kesyon an. |
| 2 | Si elèv yo pa ka jwenn repons lan, mande yon volontè vin reponn. | Yon lòt elèv ap vin fòmile konsiy lan, si youn nan elèv yo pa ka jwenn bon konsiy lan. |
| 3 | Elèv ki klike sou motosiklis la epi ki jwenn yon kas parèt, l ap fòmile konsiy lan konsa: Mete kas nan tèt ou lè w ap kondi moto.<br><br>Pou tigason k ap leve chodyè a, yon gan ap parèt. Konsiy lan kapab: Mete gan pou w pa boule lè w ap fè manje.<br><br>Pou timoun k ap dòmi nan mitan moustik yo, moustikè ap parèt. Konsiy lan kapab: Sèvi ak moustikè lè w ap dòmi. | |

1
2
3
4
5
6
7
8

Gade imaj sa yo byen. Kisa nou te ka di chak moun yo pou sekirite yo?





Ekran 4

Gade imaj sa yo byen. Kisa nou te ka di chak moun yo pou sekirite yo?





Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Esplike konsiy lan. | Elèv yo ap koute esplikasyon yo. |
| 2 | Mande yon elèv ki vle pase sou tablo pou al relye etikèt yo.<br><br>Si l gen difikilte pou l li etikèt yo, ede l li yo. | Elèv la ap relye etikèt yo. |
| 3 | Mande lòt elèv al korije egzèsis la, si elèv la fè erè. | Yon lòt elèv pral korije erè si lòt elèv la fè erè. |




Ekran 5




Ekran korije

**Aktivite 6 :** Fòmile pati nan yon konsiy ki reprezante prekosyon pou w pran.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite 4 elèv pase devan, youn apre lòt, pou al reyalize egzèsis sou tablo a. Esplike konsiy lan pou tout klas la. | Elèv yo ap koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Klike sou ti wopalè agòch la pou tout klas la tande. | Kat elèv yo ap pase devan youn apre lòt pou reyalize egzèsis la. |
| 3 | Apre chak sa youn nan kat elèv yo fè, mande rès klas la si yo dakò.<br><br>Si yo pa dakò, yon lòt elèv ap vin di kisa li menm, li t ap di. | Rès klas la ap suiv sa elèv la ap di a epi y ap reyaji, si sa nesesè. Sa vle di yon elèv ap vin korije sa lòt la te di a. |

1 2 3 4 5 6 7 8

Klike sou imaj yo pou nou tande yon moso pawòl epi di kisa nou t ap di anvan yo chak.









Ekran 6

**Repons yo:**

Byen bwose dan ou

Toujou lave men ou

Toujou fè devwa ou

Mete soulye nan pye ou

Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 7 :** Fòmile pati nan yon konsiy ki reprezante rezon an oubyen sitiyasyon an pou w konplete konsiy lan. | 7/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Itilize chema sou tablo a, pou w fè elèv yo fè konbinezon lèt « y » ak vwayèl yo, jan yo parèt sou tablo a, dekwa pou yo ka fòme silab avèk yo. | Suiv mouvman mèt la ap fè sou tablo a. |
| 3 | Mande diferan elèv , youn apre lòt, pase devan pou vin li yon mo nan lis mo ki parèt anba yo.<br><br>***Remak.*** \`Moso fraz ki nan tablo korije adwat yo se egzanp. Elèv yo gen dwa bay pwòp moso fraz pa yo. | Youn apre lòt, elèv yo ap pase devan pou yo li youn nan mo yo. |




Ekran 7

**Repons yo:**

Pou lapli pa mouye w

Pou l pa mòde etranje yo

Lè w ap sòti nan solèy

Lè w chita nan machin

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 8:** Fòmile yon konsiy senp apati yon seri mo an dezòd. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Esplike konsiy lan. | Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Mande yon premye elèv al mete premye gwoup mo yo nan lòd pou fè yon konsiy.<br>Apre sa, mande yon lòt elèv al mete dezyèm gwoup mo yo nan lòd. Toujou mande elèv la, pou l li fraz li ranje a byen fò pou tout rès klas la.<br>Apre sa chak elèv sa yo fè kòm travay, mande lòt elèv yo opinyon yo, pou si gen erè, yon lòt elèv kapab al korije. | Premye elèv la ap pase vin fè egzèsis la. Lè l fini , dezyèm elèv la ap fè lòt gwoup mo a. |









Ekran korije

# Leson 44

## Son ui



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 : K**oute yon istwa (son [ui]) epi li tèks la.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Konprann tèks la.



**Aktivite 3 :** Mete yon istwa nan lòd.



**Aktivite 4 :** Antoure fraz ki bon an.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 5 :** Dekouvri ki mo ki koresponn ak chak definisyon.

## Mwen konprann



**Aktivite 6 : K**lase yon imaj siw tande son [ui].

## M ap ekri



**Aktivite 7:** Ekri mo ki gen lèt « ui » dapre yon son.



**Aktivite 8:** Ekri yon fraz dapre yon son.



**Aktivite 9:** Ekri yon fraz dapre yon modèl.

## M ap antrene



**Aktivite 10:** Ekri yon ti tèks dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 11:** Konplete yon fraz.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou fè elèv yo tande ti kont la. Fè yo tande l d a twa fwa. | Tande ti kont lan. |
| 3 | Mande pou yo chante ti kont lan tou. | Chante kont lan tou. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Poze premye kesyon an epi mande yon elèv vin koche vrè repons lan.<br><br>Fè menm jan pou lòt kesyon yo tou. | Reponn kesyon yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

**Chwazi bon repons lan.**

**1- Kisa Ti Gason genyen?**

- [ ] Vant Ti Gason plen.
- [ ] Ti Gason fè asid.
- [ ] Ti Gason gen vant fè mal.

**1- Ak kisa Ti Gason te renmen bwè te a?**

- [ ] De biskuit ak kat kasav.
- [ ] Twa pen ak bè.
- [ ] Kat kasav ak manba.

**1- Kisa Ti Gason te renmen bwè?**

- [ ] Te vèvenn ak siwo.
- [ ] Te kowosòl ak siwo.
- [ ] Te sitwonèl ak siwo

Ekran 2

**Chwazi bon repons lan.**

**1- Kisa Ti Gason genyen?**

- [ ] Vant Ti Gason plen.
- [ ] Ti Gason fè asid.
- [x] Ti Gason gen vant fè mal.

**1- Ak kisa Ti Gason te renmen bwè te a?**

- [x] De biskuit ak kat kasav.
- [ ] Twa pen ak bè.
- [ ] Kat kasav ak manba.

**1- Kisa Ti Gason te renmen bwè?**

- [ ] Te vèvenn ak siwo.
- [x] Te kowosòl ak siwo.
- [ ] Te sitwonèl ak siwo

Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 3** : Mete yon istwa nan lòd. | 3/11 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Fè yo konnen yo pral mete yon istwa nan lòd.<br><br>Mande yo gade chak imaj byen epi mande yo raple yo ti istwa avan. | Tande esplikasyon pwofesè. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin deplase chak imaj mete yo anlè nan lòd yo panse li fè sans lan. | Deplase chak imaj mete yo anlè nan lòd ki fè sans pou yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |







Ekran 3

Ekran korije

Mwen konprann | **Aktivite 4**: Antoure fraz ki bon an .



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Mande yo gade imaj la byen epi li chak fraz youn apre lòt. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin antoure tout fraz ki bon ki koresponn ak fraz imaj lal. | Antoure tout fraz ki koresponn ak imaj la. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |



Antoure fraz ki koresponn ak imaj la.



Zuit viv nan twou wòch.

Zuit viv nan lanmè.

Zuit viv sou pye bwa.




Yon likid epè ki gra. Yo fri vyann avè l.

Yon likid epè ki gra. Yo fè labouyi avè l.

Yon likid epè ki gra. Yo fè akasan avè l.

Ekran 4

Antoure fraz ki koresponn ak imaj la.



Zuit viv nan twou wòch.

Zuit viv nan lanmè.

Zuit viv sou pye bwa.




Yon likid epè ki gra. Yo fri vyann avè l.

Yon likid epè ki gra. Yo fè labouyi avè l.

Yon likid epè ki gra. Yo fè akasan avè l.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan epi esaye li l. |
| 2 | Li chak definisyon byen fò epi mande elèv yo pou yo repete apre w.<br><br>Li chak mo byen fò epi mande elèv yo pou yo repete apre w. | Tande eksplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a vin deplase mo mete devan definisyon ki koresponn avè l | Deplase mo mete devan definisyon ki koresponn ak yo |
| 4 | Mande lòt elèv si yo dakò. | Di si yo dakò epi eskplike poukisa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11

Chwazi nan mo ki sou kote yo pou mete devan definisyon yo.

| | |
|---|---|
| Yon ti pen | |
| Likid epè, gra, ki pa melanje ak dlo | |
| Vyann kochon sale ki bay manje gou | |
| Bèt ki viv nan dlo, anndan yon kokiy | |
| Pati nan kay kote yo kuit manje | |

zuit
kuizin
biskuit
luil
andui
kuiv

Ekran 5

Chwazi nan mo ki sou kote yo pou mete devan definisyon yo.

| | |
|---|---|
| Yon ti pen | biskuit |
| Likid epè, gra, ki pa melanje ak dlo | luil |
| Vyann kochon sale ki bay manje gou | andui |
| Bèt ki viv nan dlo, anndan yon kokiy | zuit |
| Pati nan kay kote yo kuit manje | kuizin |

kuiv

Ekran korije

**Aktivite 6**: Klase yon imaj siw tande son [ui].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande yo gade imaj yo byen. Di chak non imaj yo epi mande yo repete apre w. | Tande eksplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin deplase imaj yo tande son [ui] ladan l lan mete yo nan pànye a. | Deplase imaj ki gen son [ui] ladan yo mete yo nan pànye a. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11




Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7:** Ekri mo ki gen lèt « ui » daprè yon son.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>**Mo yo**: Zuit, andui, luil, biskuit, kuizin, ventuit. | Ekri mo yo sou kaye nou oswa sou adwaz nou. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11







Ekran 7

| M ap ekri | **Aktivite 8 :** Ekri yon fraz dapre yon son. | 8/11 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lot pou ekri fraz yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo.<br><br>**Fraz yo**: (1) andui an kòmanse gate; (2) Biskuit cho ak bè bon anpil; (3) Manman Aana renmen mete anpil luil nan manje l. | Ekri fraz yo sou kaye nou oswa sou adwaz nou. |







Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li chak fraz epi mande elèv yo repete apre w.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri fraz ki sou tablo a. | Repete apre pwofesè a.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye nou oswa sou adwaz nou. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11

Ekri chak fraz sa yo.

1- Kuizin kay Ana piti anpil.

____________________________________

2- Moun Okay remen met andui nan manje.

____________________________________

3- Galon luil la anba tab la.

____________________________________

Ekran 9

M ap antrene | **Aktivite 10:** Ekri yon ti tèks dapre yon modèl. | 10/11

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la epi mande elèv yo pou yo lil ansanm avè w. | Li ti tèks la ak pwofesè a. |
| 3 | Bay elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri ti tèks la. | Ekri tèks la sou kaye yo oswa adwaz yo. |
| 4 | Ede elèv ki pa kapab yo oswa ki gen difikilte. | |

Rekopye tèks la sou tablo a epi sou adwaz nou.

O! Gad kijan yon manje plen lwil. Ki moun ki nan kuizin nan? Vin pran pou mwen. Se konsa granpè jan te reyaji. Apresa, li leve, li ale.



Ekran 10

| Sa mwen ka fè | Aktivite 11 : Konplete yon fraz. | 11/11 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Komanse li fraz la. Epi esplike elèv yo ke fraz yo poko fini. Li chak mo ki anba fraz yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou vin deplase bon mo a pou konplete fraz yo. | Koute esplikasyon mèt la.<br><br>Konplete chak fraz dapre ak bon mo a. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 11




Ekran korije

# Leson 45
## Aksan grav



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Dekouvri wòl aksan grav jwe nan ekriti kèk mo ki gen vwayèl ki pwòch tankou [a] ak [an].



**Aktivite 2 :** Dekouvri mo ki son [a] ladan yo ki mande aksan grav.



**Aktivite 3 :** Dekouvri wòl aksan grav jwe nan ekriti kèk mo ki gen vwayèl ki pwòch tankou [ò] ak [on].



**Aktivite 4 :** Dekouvri wòl aksan grav jwe nan ekriti kèk mo ki gen vwayèl ki pwòch tankou [è] ak [en].

## Mwen konprann



**Aktivite 5:** Konpare òtograf sèten mo ki ekri avèk aksan grav ak lòt mo san aksan grav, pou byen konprann wòl aksan grav la.

## M ap ekri



**Aktivite 6:** Ekri mo ki sèvi ak aksan grav apati imaj.

## M ap antrene



**Aktivite 7:** Li yon tèks ki gen mo ki ekri avèk aksan grav.



**Aktivite 8:** Konplete fraz ak mo ki ekri ak aksan grav.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 9:** Tande mo ki pran aksan grav ak lòt mo ki pa pran aksan grav epi ekri yo.

**Aktivite 1 :** Dekouvri wòl aksan grav jwe nan ekriti kèk mo ki gen vwayèl pwòch tankou [a] ak [an].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade de imaj ki sou ekran yo byen. | Elèv yo ap byen gade imaj yo. |
| 2 | Poze premye kesyon an epi mande yon elèv ki vle leve men l pou l reponn li.<br><br>Mande rès klas la si yo dakò ak repons lan, epi pou yo bay bon repons lan si repons elèv la pa kòrèk. | Yon elèv ap leve men l pou l reponn kesyon an. |
| 3 | Apre sa, mande yon elèv al klike sou wopalè ki anlè imaj la pou klas la ka verifye repons lan.<br><br>Apre sa, mande yo pou yo li mo ki make anlè imaj la. | Yon elèv pral klike.  Tout elèv yo ap li mo ki make anlè imaj la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Gade imaj sa yo epi reponn kesyon yo.

1. Kisa ki fè fèy latànye yo panche yon sèl bò?

2. Kisa yon moun bezwen pou l fè dlo vini nan tiyo lakay li?

van



vàn



**Repons yo:**

1. Van
2. Vàn

Ekran 1

| Obsève/li/koute | **Aktivite 2** : Dekouvri mo ki gen son [a] ladan yo ki mande aksan grav, apati imaj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Esplike elèv yo konsiy lan  epi chawazi yon elèv pou bay repons kesyon an.<br><br>Si repons lan pa kòrèk, mande rès klas la bon repons la. | Elèv yo ap suiv esplikasyon mèt la.<br><br>Youn pami yo ap bay repons kesyon an. |



Gade imaj sa yo epi reponn kesyon yo.

Ogis pral chache yon mekanisyen nan zòn nan. Ki mwayen li ka chwazi pami twa sa ki adwat yo?



avyon



bato



bekàn



Ekran 2

**Repons lan:**

Bekan

| Obsève/li/koute | **Aktivite 3** : Dekouvri wòl aksan grav nan ekriti kèk mo ki gen vwayèl pwòch tankou [ò] ak [on]. | 3/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade de imaj ki sou ekran yo. | Elèv yo ap byen gade imaj yo. |
| 2 | Poze premye kesyon an epi mande yon elèv ki vle, leve men l pou l reponn li.<br><br>Mande rès klas la si yo dakò ak repons lan, epi pou yo bay bon repons lan si repons elèv la pa kòrèk. | Yon elèv ap leve men l pou l reponn kesyon an. |
| 3 | Apre sa, mande yo pou yo li mo ki make anlè imaj la. | Y ap li mo ki make anlè imaj la. |
| 4 | Menm jan an pou lòt imaj la. | Menm aksyon yo pou dezyèm kesyon an. |




Ekran 3

**Repons kesyon yo:**

1. Nèg la ap jwe jon.
2. Ana mete yon rad jòn.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade de imaj ki sou ekran yo. | Byen gade imaj yo. |
| 2 | Poze premye kesyon an epi mande yon elèv ki vle, leve men l pou l reponn li. Mande rès klas la si yo dakò ak repons lan, epi pou yo bay bon repons lan si repons elèv la pa kòrèk. | Yon elèv ap leve men l pou l reponn kesyon an. |
| 3 | Apre sa, mande yo pou yo li mo ki make anlè imaj la. | Li mo ki make anlè imaj la. |
| 4 | Menm jan an pou lòt imaj la. | Menm aksyon yo pou dezyèm kesyon an. |



Gade imaj sa yo epi reponn kesyon yo.

1. Ak kisa manman Ana kapab fè yon te pou Ana?
2. Ak kisa manman Ana ka fè legim pou Ana?

jenjanm



berejèn



Ekran 4

**Repons kesyon yo:**

1. Ak jenjanm.
2. Ak berejèn.

| Mwen konprann | **Aktivite 5 :** Konpare òtograf sèten mo ki ekri avèk aksan grav ak lòt mo san aksan grav, pou byen konprann wòl aksan grav la. | 5/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Esplike konsiy lan.<br><br>Chwazi yon elèv pou vin klike sou chak imaj yo, pou tout klas la ka tande. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo.Yon elèv ap pase devan pou al klike pou tout lòt yo. |
| 2 | Pou chak imaj  apre chak mo elèv yo tande, mande yo pou yo byen gade kijan mo yo ekri. | Elèv yo ap obsève jan mo yo tande a ekri. |






Ekran 5

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite 5 elèv, youn apre lòt, pou vin ekri mo ki koresponn ak youn nan chak imaj yo.<br><br>Envite klas la bay dizon li sou jan chak elèv yo ekri mo yo. | Elèv, mèt la chwazi yo, ap pase devan youn apre lòt pou ekri youn nan mo yo.<br><br>Apre chak mo, yon elèv ekri, klas la ap bay dizon li. |






Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo li tèks la yon premye fwa pou yo ka byen tande istwa a.<br><br>Li l ansanm avèk yo yon dezyèm fwa, men fwa sa a, fè yon fason pou w kapte atansyon yo sou sèten mo, pa egzanp sou: **Jan/Jàn, Leyogàn/Degan, jòn/jon, tibebe/bèbè**. | Li ansanm ak pwofesè a. |
| 2 | Mande 4 elèv youn apre lòt, pase devan pou al antoure youn nan 4 pè mo anlè yo epi mande rès klas la pou yo suiv sa chak elèv yo ap fè a, pou yo ka reyaji. | Kat elèv yo ap pase devan, youn apre lòt, pou antoure pè mo, mèt la di yo antoure a.<br><br>Reyaji sou sa l fè a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

An nou li ansanm.

**Plezi Ton Jan**

Jan se tonton Jàn. Li renmen rara Leyogàn anpil.
Li abite zòn Degan. Lè l prale nan rara Leyogàn, li toujou abiye tou de jòn. Li renmen gade moun k ap jwe jon.
Ton Jan tèlman renmen rara, yon jou, li di konsa: "lè y ap jwe mizik rara, ata tibebe ak bèbè ka pale".



Ekran 7

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite 6 elèv pou y al konplete chak fraz yo ak youn nan mo ki nan lis anvan fraz yo.<br><br>Fè yon fason pou yon elèv diferan konplete youn nan chak fraz yo. …toujou sonje pou w mande klas la reyaji sou sa chak elèv fè, pou yon lòt elèv kapab al korije. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br><br>Si yon elèv fè yon erè, yon lòt elèv pral korije. |



Konplete fraz yo ak mo ki koresponn ak yo.

pan, vàn, pàn, van, jòn, berejèn, bekàn, jon

1. Tifi a bwòdè tank ou yon ________.
2. Machin Ogis la an ________, l ap rive an reta.
3. Ogis pral chache mekanisyen, l ap bezwen yon ________.
4. Lè Ana abiye tou de ______, li kontan.
5. Ton Jan renmen gade lè y ap jwe ______ nan rara.
6. Manman Ana pral fè yon bon legim ___________ kite pou Ana.

Ekran 8

Konplete fraz yo ak mo ki koresponn ak yo.

pan, vàn, pàn, van, jòn, berejèn, bekàn, jon

1. Tifi a bwòdè tank ou yon *pan*.
2. Machin Ogis la an *pàn*, l ap rive an reta.
3. Ogis pral chache mekanisyen, l ap bezwen yon *bekàn*
4. Lè Ana abiye tou de *jòn*, li kontan.
5. Ton Jan renmen gade lè y ap jwe *jon* nan rara.
6. Manman Ana pral fè yon bon legim *berejèn* kite pou Ana.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 9:** Tande mo ki pran aksan grav ak lòt mo ki pa pran aksan grav epi ekri yo. | 9/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo pou yo pran kaye yo oswa adwaz yo pou y al pran dikte.<br>Mande yo ekri:<br>Janmari, Marijàn, pelikan, bekàn, Ànmari, Maryàn, Antwàn, Estefàn, Fanfan, Lisyen, Lisyèn, Ivon, Ivòn, Wozmon, Mòn Tapyon. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. Ekri mo yo. |
| 2 | Mande 3 elèv youn apre lòt al korije dikte a sou tablo, epi mande lòt elèv yo suiv pou yo ka reyaji. | Lòt elèv yo ap suiv epi y ap bay opinyon yo. |

Koute sa pwofesè a di epi ekri.



## Mo dikte a:

Janmari, Marijàn, pelikan, bekàn,

Ànmari, Maryàn, Antwàn,

Estefàn, Fanfan, Lisyen, Lisyèn,

Ivon, Ivòn, Wozmon, Mòn Tapyon

Ekran 9

# Leson 46

## Son [br,kr]



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** koute yon istwa (son [br, kr]) epi gade tèks la.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Konprann tèks la.



**Aktivite 3 :** Asosye mo ak imaj.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 4 :** Dekouvri imaj ki korespon ak chak definisyon.

## Mwen konprann



**Aktivite 5 :** Chwazi imaj ki korespon ak chak kategori.



**Aktivite 6 :** Klase mo daprè yon son.



**Aktivite 7 :** Klase yon imaj si w tan son [br].



**Aktivite 8 :** Klase yon imaj si w tande son [kr].

## M ap ekri



**Aktivite 9:** Ekri mo ki gen lèt « br ak kr » daprè yon son.



**Aktivite 10:** Ekri mo ki korespon ak yon imaj.



**Aktivite 11:** Ekri yon fraz daprè yon son.



**Aktivite 12:** Ekri yon fraz daprè yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13:** Aprann fini yon yon istwa.

| Mizantren | **Aktivite 1 :** Koute yon istwa (son [br, kr]) epi gade tèks laj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou fè elèv yo tande ti kont la. Fè yo tande l 2 a twa fwa. | Tande ti kont lan. |
| 3 | Mande pou yo chante ti kont lan tou. | Chante kont lan tou. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Annou tande chante sa.

## Ti Zwazo

Ti zwazo kote ou prale ?
Maprale kay Fiyèt Lalo
Fiyèt Lalo konn manje timoun
Si w ale l a manje ou tou
Brit kolobrit, brit kolobrit…
Wosiyòl manje kowosòl





Fiyèt Lalo manje pitit an mwen
Pitit mwen Ti zwazo
Brit kolobrit, brit kolobrit…
Woulo woulo woulo
Mwen prale lavil jakmèl
Tout bèt tonbe nan dlo

Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Poze premye kesyon an epi mande yon elèv vin koche vrè repons lan.<br><br>Fè menm jan pou lòt kesyon yo tou. | Reponn kesyon yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

Mwen konprann | **Aktivite 3** : Asosye mo ak imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Mande yo gade imaj yo byen epi li chak fraz youn apre lòt. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin asosye imaj ki koresponn ak fraz pa l. | Asosye imaj ak fraz ki koresponn avè l. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |




Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | Esplike elèv ke yo pral jwe yon jwèt yo rele jwèt memwa. Yo pral klike sou yon premye kawo. Si se yon imaj gade l byen. Si se yon definisyon li l pou elèv yo.<br><br>Mande yo klike sou yon dezyèm kawo. Si se yon definisyon gade si li koresponn ak imaj la (tann 5 segonn anvan ou klike sou yon twazyèm kawo). Si li pa mache lap disparèt; rekòmanse ankò jiskaske nou jwenn definisyon ki koresponn ak chak imaj epi jwèt la ap fini | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo vin klike sou kawo yo. | Jwe jwèt la jiskaske yo fini. |






Ekran 4




Ekran korije

**Aktivite 5**: Chwazi imaj ki koresponn ak chak kategori.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Di yo, yo pral chwazi imaj ki koresponn ak chak katefori<br><br>Fè yo di chak non imaj byen fò. | Tande esplikasyon pwofesè a epi di non chak imaj. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin chwazi imaj ki koresponn ak chak kategori. | Chwazi imaj ki koresponn ak chak kategori. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5




Ekran korije

Mwen konprann | **Aktivite 6** : Klase mo dapre yon son. | 6/13

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Fè yo konnen y ap genyen pou yo klase chak mo nan kaz pal dapre son (br oubyen kr) yo tande a.<br><br>Li chak mo ki sou tablo a epi fè elèv yo repete apre w. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin deplase mo mete yo nan kaz ki koresponn ak yo a. | Deplase mo mete yo nan kaz ki koresponn ak yo a. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande yo gade imaj yo byen. Di chak non imaj yo epi mande yo repete apre w. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin deplase imaj yo mete yo nan kat ki koresponn avè yo. | Deplase imaj yo mete yo nan kat koresponn ak imaj la |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande yo gade imaj yo byen. Di chak non imaj yo epi mande yo repete apre w. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin deplase imaj yo mete yo nan kat ki koresponn avèk yo. | Deplase imaj yo mete yo nan kat koresponn ak imaj la. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo yo sou kaye yo oswa sou adwaz. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 9




Ekran korije

| M ap ekri | **Aktivite 10**: Ekri mo ki koresponn ak yon imaj. | 10/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo gade chak imaj byen epi mande yo pou yo di non yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lot pou ekri mo ki koresponn ak chak imaj | Gade chak imaj byen epi di non yo.<br><br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>**Mo yo**: zabriko, krikèt, kranpon, kabrit, bra, krab. | Ekri mo yo sou kaye nou oswa sou adwaz nou. |




Ekran 10

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri fraz yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye yo oswa sou adwaz yo. |






Ekran 11




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li chak fraz epi mande elèv yo repete apre w.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri fraz ki sou tablo a. | Repete apre pwofesè a.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye yo oswa sou adwaz yo. |

Ekri chak fraz sa yo.

1- Kreson bay bouyon bon gou.

2- Ana renmen bwè krèm.

3- Zafè kabrit pa zafè mouton.

Ekran 12


1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |



| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Fè yo konnen yo pral kontinye yon.<br><br>Klike sou espikè a pou w ka fè yo tande kòmansman istwa. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande istwa a. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin deplase pou tèmine istwa. | Tèmine istwa a. |




Ekran 13

# Leson 47

## Kominikasyon oral

Katastwòf natirèl



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève / m ap pale



**Aktivite 1 :** Idantifye kèk tip katastwòf natirèl.

## M ap dyaloge



**Aktivite 2 :** Aprann dyaloge ak yon pwofesè.

## M ap dekouvri




**Aktivite 3 :** Idantifye kèk tip emosyon.

## M ap dyaloge



**Aktivite 4 :** Aprann dyaloge ak yon pwofesè.

## M ap aprann



**Aktivite 5 :** Dekouvri kijan pou pwoteje tèt nou lè gen tranblemantè.

## M ap dyaloge



**Aktivite 6 :** Aprann dyaloge ak yon pwofesè.

## M ap aprann



**Aktivite 7 :** Dekouvri kèk bagay nou dwe fè lè gen move tan.

## M ap aprann




**Aktivite 8 :** Aprann prepare yon kit ijans.

| Obsève / Pale | **Aktivite 1** : Idantifye kèk tip katastwòf natirèl | 1/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Pou chak imaj fè chak elèv di sa yo panse. Pran yon ti tan pou yo di si youn nan evènman sa yo rive devan yo deja. | Di sa yo panse de chak imaj. Èske youn nan katastwòf sa yo rive devan yo deja? |
| 3 | Esplike kisa katastwòf natirèl ye. | Tande pwofesè a. |




Ekran 1

| M ap dyaloge | **Aktivite 2:** Aprann dyaloge ak yon pwofesè. | 2/8 |
| --- | --- | --- |

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
| --- | --- | --- |
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou fè elèv yo tande sa Ana ap di pwofesè. Fè sa pou pi piti 2 fwa. | Koute sa Ana ap di pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv yo ak ki imaj nan ekran avan istwa Ana koresponn. | Di ak ki imaj istwa Ana koresponn. |
| 4 | Fè elèv yo pale de eksperyans pa yo si sa rive yo deja. | Pale de eksperyans pa yo. |




Ekran 2

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo gade imaj yo byen epi mande yo kisa chak imaj vle di pou yo. | Di kisa chak imaj vle. |
| 3 | Mande kèk elèv yo pè kijan yo konn santi yo. Fè sa pou chak imaj. | Di kijan yo konn santi yo lè pè, frèt oubyen sezi. |



Di kijan nou konn santi nou lè gen lapli ak gwo van.




Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy nan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou fè elèv yo tande sa Ana ap di pwofesè. Fè sa pou pi piti 2 fwa. | Koute sa Ana ap di pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv yo ak ki imaj nan premye ekran istwa Ana koresponn. | Di ak ki imaj istwa Ana koresponn. |
| 4 | Fè elèv yo pale de esperyans pa yo si sa rive yo deja. | Pale de eksperyans pa yo. |






Ekran 4

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy nan. |
| 2 | Eksplike elèv yo ke yo pral aprann kisa pou yo fè pou yo pwoteje tèt yo si tranblemantè ta pase nan lekòl la.<br><br>Esplike chak imaj youn apre lòt:<br>1. Pandan premye sekous la kouri antre anba ban<br>2. Pwoteje tèt nou<br>3. Si ban oubyen tab la ap bouje kenbe pye yo<br>4. Si nou pa chita nan sal la, kouri al kanpe nan yon kwen mi oubyen anba yon pòt<br>5. Apre sekous yo, swiv konsiy pwofesè a epi kite lekòl la sann pa panike<br>6. Ale lwen lekòl la kote ki pa gen mi ak kay kap sekwe. | Tande pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv yo si yo pa gen kesyon. | Poze pwofesè a kesyon. |



Ann aprann sa nou dwe fè lè gen tranblemantè.




Ekran 5

| M ap dyaloge | **Aktivite 6:** Aprann dyaloge ak yon pwofesè. | 6/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou fè elèv yo tande sa Jan ap di pwofesè a. Fè sa pou pi piti 2 fwa. | Tande sa Jan ap di pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv kisa yo panse de sa Jan di ya. Èske yo konn sa pou yo fè pou yo pwoteje tèt yo lè gen gwo van ak gwo lapli. | Di si yo konn sa pou yo fè lè gen gwo van ak gwo lapli. |

1
2
3
4
5
6
7
8




Ekran 6

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy nan. |
| 2 | Eksplike elèv yo ke yo pral aprann kisa yo dwè fè lè gen gwo van, gwo lapli, inondasyon ak siklòn:<br>1. Sa yo dwè fè avan siklòn nan rive<br>2. Sa yo dwe fè apre siklòn nan vin pase. | Tande pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv yo si gen kesyon. | Poze pwofesè a kesyon si yo genyen |






Ekran 7

| M ap aprann | **Aktivite 8** : Aprann prepare yon kit ijans. | 8/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy nan. |
| 2 | Eksplike elèv yo kisa kit ijans lan ye. Poukisa yo dwe prepare yon kit ijans lè gen move tan. Esplike yo tout se pa tout bagay yo dwe mete nan yon kit ijans. | Tande pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin prepare yon kit ijans kote yo pral antoure tout sa yo vle mete nan kit la. | Vin sou tablo a. Antoure tout sa nou vle mete nan kit la. |
| 4 | Mande elèv yo si yo dakò ak sa elèv yo mete nan kit ijans lan. | Di si yo dakò e di poukisa. |

1 2 3 4 5 6 7 8




Ekran 8

# Leson 48

## Son [pr]



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks ki gen konbinezon lèt [pr] ladan l.



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki gen konbinezon lèt [pr] ladan l.



**Aktivite 3 :** Idantifye silab ki fèt ak konbinezon lèt pr.

## M ap antrene



**Aktivite 4 :** Fòme  silab nan asosye konbinezon lèt [pr] avèk vwayèl.



**Aktivite 5:** Li silab avèk mo ki gen konbinezon [pr] ladan yo.

## Mwen konprann



**Aktivite 6:** Konplete fraz ak mo ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo.



**Aktivite 7:** Koute mo ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo  epi ekri yo.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 8:** Koute mo ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo  epi ekri yo.



**Aktivite 9:** Verifye òtograf mo ou te ekri, ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo.

**Aktivite 1 :** Li yon tèks ki gen konbinezon lèt [pr] ladan l.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Envite elèv yo suiv yon premye lekti w ap fè pou yo. | Suiv mèt la k ap li. Koute istwa a ak atansyon. |
| 2 | Envite elèv yo li, yo menm, ansanm. | Elèv yo ap li istwa a. |
| 3 | Envite yon elèv li istwa a poukont li. Si gen kèk mo li pa ka li, poze l kesyon apati imaj la. Mande lòt elèv yo ede l dekouvri mo difisil la.<br><br>Apre sa, envite yon lòt elèv fè yon lòt lekti ankò. | Yon elèv ap li istwa a poukont li. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Li ansanm ak pwofesè nou.

Pou fèt Ana

Marenn Ana se koutiryè. Pou fèt Ana, marenn li deside li pral koud yon bèl wòb pou li kòm kado. Lavèy jou fèt la, wòb la gentan prèske pare: marenn Ana annik monte presyon ladan l. Epi, li bay Ana mezire l yon dènye fwa. Wòb la bèl anpil. Menm kote a, Ana anvi pran lari pou l al fè bwòdè.



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 13 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Chwazi yon elèv pou reponn premye kesyon an sou tablo ki nan klas la. Si repons li a pa fin kòrèk, mande yon lòt elèv ajoute sa ki manke oubyen korije repons lan. | Yon elèv ap pase devan pou reponn kesyon 1 an. Si repons li a pa fin kòrèk, yon lòt elèv ap vin make bon repons la. |
| 2 | Fè menm jan an pou twa lòt kesyon yo. Chwazi yon elèv pou chak kesyon yo. | Menm jan an, chak fwa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9




Ekran 2




Ekran korije

| Obsève/li/koute | **Aktivite 3** : Idantifye silab ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo. | 3/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi yon elèv pou chak fraz. | Elèv, mèt la chwazi a ap vin antoure silab li tande a. Lòt elèv yo ap bay opinyon yo sou silab li chwazi a. |



Antoure silab nou te tande nan chak fraz.

**Marenn Ana monte presyon nan wòb la.**
pri prè pre

**Ana pare pou pran lari tousuit.**
prè pran pri

**Wòb Ana a prèske pare.**
pre pra prè

**Ana prese, li pral mezire wòb li a.**
pri pre pra



Ekran 3

Antoure silab nou te tande nan chak fraz.

**Marenn Ana monte presyon nan wòb la.**
pri prè pre

**Ana pare pou pran lari tousuit.**
prè pran pri

**Wòb Ana a prèske pare.**
pre pra prè

**Ana prese, li pral mezire wòb li a.**
pri pre pra



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li ansanm ak elèv yo. Lè w rive kote ki gen egzanp yo, fè youn ladan yo vin bay mo ki gen silab la ladan l.<br><br>Apre sa, mande li pou l tou ekri mo a, nan plas egzanp lan. | Elèv yo ap suiv. Yon elèv pral bay yon egzanp epi l ap ekri mo a. |
| 2 | Ede elèv yo jwenn mo yo kòm egzanp, nan poze yo kesyon, jiskaske yo tonbe sou mo yo, sizoka yo pa ta ka jwenn egzanp yo. | Elèv yo ap fè efò pou jwenn mo egzanp yo, nan suiv esplikasyon mèt la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Ann chanje vwayèl yo.

Nou di pre, tankou nan presyon

Nan pre, wete e, mete è, sa ban nou prè

Egzanp: ________________

Nan prè, wete è, mete en, sa ban nou pren

Egzanp: ________________

Nan pren, wete en, mete i, sa ban nou pri

Egzanp: ________________

Nan pri, wete i, mete a, sa ban nou pra

Egzanp: ________________

Ekran 4

Ann chanje vwayèl yo.

Nou di pre, tankou nan presyon

Nan pre, wete e, mete è, sa ban nou prè

Egzanp: près

Nan prè, wete è, mete en, sa ban nou pren

Egzanp: pòtoprens

Nan pren, wete en, mete i, sa ban nou pri

Egzanp: privilèj

Nan pri, wete i, mete a, sa ban nou pra

Egzanp: pratik

Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 5 :** Li silab avèk mo ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo. | 5/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Itilize chema sou tablo a, pou w fè elèv yo fè konbinezon lèt « pr » ak vwayèl yo, jan yo parèt sou tablo a, dekwa pou yo ka fòme silab avèk yo. | Suiv mouvman mèt la ap fè sou tablo a. |
| 3 | Mande diferan elèv , youn apre lòt, pase devan pou vin li yon mo nan lis mo ki parèt anba yo. | Youn apre lòt, elèv yo ap pase devan pou yo li youn nan mo yo. |



Gade byen epi li silab yo ak mo yo.




presyon - pratik - prete - prive - prezidan - Pòtoprens
près - prekosyon - Prenston - pran - Previlon - Pradèl
privilèj - aprann - pri

Ekran 5

**Aktivite 6 :** Konplete fraz ak mo ki gen konbinezon [pr] ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande yon elèv pase devan pou al konplete fraz yo.<br><br>Mande lòt elèv yo opinyon sou mo li chwazi mete nan espas vid yo. | Lòt elèv yo ap bay opinyon yo sou sa elèv la fè a. |



Chwazi nan mo ki nan pànye a pou nou konplete fraz yo.

*Maryàn bezwen de grenn ________________ pou l ka tache kòsaj li.*

*Yon ________________ se yon moun k ap dirije yon peyi.*

*Fòk Ana pran ________________ pou l pa tonbe nan ravin nan.*

*Ogisten chèlbè paske li te bay chemiz li nan ______________ .*




Ekran 6

Chwazi nan mo ki nan pànye a pou nou konplete fraz yo.

*Maryàn bezwen de grenn presyon ________ pou l ka tache kòsaj li.*

*Yon prezidan ________ se yon moun k ap dirije yon peyi.*

*Fòk Ana pran prekosyon ________ pou l pa tonbe nan ravin nan.*

*Ogisten chèlbè paske li te bay chemiz li nan près ________ .*




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 7 :** Koute mo ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo epi ekri yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Klike sou opalè yo epi mande pou yon elèv vin ekri mo li tande a.<br><br>Mande lòt elèv opinyon yo. Si li fè erè, yon lòt elèv pral korije. Yon lòt elèv pral ekri lòt mo, mèt la ap klike a.<br><br>Lòt elèv yo ap reyaji. | Yon elèv pral ekri mo li tande a. Lòt elèv yo ap di si l byen ekri mo a oswa si l mal ekri l. Youn nan yo pral korije. |




Ekran 7




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 8:** Koute mo ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo epi ekri yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Di mo nou pral jwenn tousuit yo byen klè, pou tout klas ka tande epi pou elèv yo ekri mo sa yo sou adwaz yo. | Koute konsiy lan ak mo pwofesè a ap di yo epi ekri yo sou adwaz. |




Ekran 8

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 9:** Verifye òtograf ,mo ou te ekri, ki gen konbinezon lèt [pr] ladan yo. | 9/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Envite yon elèv al klike sou kazye yo pou tout elèv ka verifye òtograf mo yo, kòm koreksyon pou dikte a. | Yon elèv ap pral klike sou kazye yo, pou l fè koreksyon dikte a. |




Ekran 7




Ekran korije

# Leson 49
## Son vr



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks ki gen konbinezon lèt vr ladan l.



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki gen konbinezon lèt vr ladan l.




**Aktivite 3 :** Idantifye silab ki fèt ak konbinezon lèt vr.

## M ap antrene



**Aktivite 4 :** Fòme silab nan asosye konbinezon lèt vr avèk vwayèl.



**Aktivite 5:** Li silab avèk mo ki gen konbinezon vr ladan yo.

## Mwen konprann



**Aktivite 6:** Konplete fraz ak mo ki gen konbinezon lèt vr ladan yo.



**Aktivite 7:** Koute mo ki gen konbinezon lèt vr ladan yo epi ekri yo.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 8:** Fòme mo ki gen konbinezon lèt vr ladan yo, nan divès pozisyon.

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 1 :** Li yon tèks ki gen konbinezon lèt [vr] ladan l. | 1/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 13 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Envite elèv yo suiv yon premye lekti w ap fè pou yo. | Suiv mèt la k ap li. Koute istwa a ak atansyon. |
| 2 | Envite elèv yo li, yo menm, ansanm. | Elèv yo ap li istwa a. |
| 3 | Envite yon elèv li istwa a poukont li. Si gen kèk mo li pa ka li, poze l kesyon apati imaj la. Mande lòt elèv yo ede l dekouvri mo difisil la.<br><br>Apre sa, envite yon lòt elèv fè yon lòt lekti ankò. | Yon elèv ap li istwa a poukont li. |

1 2 3 4 5 6 7 8

An nou li ansanm.

Kantav rete Jamèvi. Li pran desizyon pou ale Fondènèg nan mwa fevriye. Yon bon maten, li pran wout la. Lè li rive Lomon, li santi li grangou anpil. Chans pou li, li rankontre Pyewo ki ba li yon kasav ak yon bèl zaboka. Li santi li delivre, l al chita anba yon pye flanbwayan, li byen manje epi li repran wout la ak kè kontan.



Ekran 1

| Obsève/li/koute | **Aktivite 2** : Reponn kesyon sou yon tèks ki gen konbinezon lèt [vr] ladan l. | 2/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Chwazi yon elèv pou reponn premye kesyon an sou tablo ki nan klas la. Si repons li a pa fin kòrèk, mande yon lòt elèv ajoute sa ki manke oubyen korije repons lan. | Koute konsiy lan.<br><br>Yon elèv ap pase devan pou reponn kesyon 1 an. Si repons li a pa fin kòrèk, yon lòt elèv ap vin make bon repons la. |
| 2 | Fè menm jan an pou twa lòt kesyon yo. A chak fwa, chwazi yon elèv pou chak kesyon yo. | Menm jan an, chak fwa. |

1
2
3
4
5
6
7
8

Reponn kesyon sou istwa Kantav la.

1. Ki kote Kantav rete?
2. Kilè li deside ale Fondènèg?
3. Kisa ki pase li lè l rive Lomon?
4. Ki jan li te santi li lè Pyewo ba li bagay pou l manje ?

Ekran 2

Reponn kesyon sou istwa Kantav la.

1. Kantav rete Jamèvi.
2. Li deside ale Fondènèg nan mwa fevriye.
3. Lè li rive Lomon, li grangou anpil?
4. Li te santi li delivre lè Pyewo ba li bagay pou l manje.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike elèv yo aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi yon elèv pou chak fraz. | Elèv mèt la chwazi a ap vin antoure silab li tande a. Lòt elèv yo ap bay opinyon yo sou silab li chwazi a. |






Ekran 3




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 4** : Fòme silab nan asosye konbinezon lèt [vr] avèk vwayèl yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Li ansanm ak elèv yo. Lè w rive kote ki gen egzanp yo, fè youn ladan yo vin bay mo ki gen silab la ladan l. Apre sa, mande li pou l tou ekri mo a, nan plas egzanp lan. | Elèv yo ap suiv. Yon elèv pral bay yon egzanp epi l ap ekri mo a. |
| 2 | Ede elèv yo jwenn mo yo kòm egzanp, nan poze yo kesyon, jiskaske yo tonbe sou mo yo, sizoka yo pa ta ka jwenn egzanp yo. | Elèv yo ap fè efò pou jwenn mo egzanp yo, nan suiv esplikasyon mèt la. |

1 2 3 4 5 6 7 8

Chanje vwayèl yo.

Nou di **vri**, tankou nan **fevriye**.

Nan **vri**, wete **i**, mete **e** , sa ban nou **vre**

Egzanp: ______________________________

Nan **vre**, wete **e**, mete **an** , sa ban nou **vran**

Egzanp: ______________________________

Nan **vran**, wete **an**, mete **è** , sa ban nou **vrè**

Egzanp: ______________________________

Ekran 4

| M ap antrene | **Aktivite 5 :** Li silab avèk mo ki gen konbinezon lèt [vr] ladan yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Itilize chema sou tablo a, pou w fè elèv yo fè konbinezon lèt « pr » ak vwayèl yo, jan yo parèt sou tablo a, dekwa pou yo ka fòme silab avèk yo. | Suiv mouvman mèt la ap fè sou tablo a. |
| 3 | Mande diferan elèv , youn apre lòt, pase devan pou  vin li yon mo nan lis mo ki parèt anba yo. | Youn apre lòt, elèv yo ap pase devan pou yo li youn nan mo yo. |






Ekran 5

**Mwen konprann** | **Aktivite 6 :** Konplete fraz ak mo ki gen konbinezon [vr] ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande yon elèv pase devan pou al konplete fraz yo.<br><br>Mande lòt elèv yo opinyon sou mo li chwazi mete nan espas vid yo. | Lòt elèv yo ap bay opinyon yo sou sa elèv la fè a. |

Chwazi nan mo ki nan pànye a pou nou konplete fraz yo.

*Mwa ______________ pote 28 oswa 29 jou.*

*Mesye Jan santi li __________ lè mekanisyen an leve pàn machin nan.*

*Se yon istwa ______________ mèt la rakonte jodi a.*

*Jan te tèlman swaf, lè Ana lonje yon vè dlo ba li, se te yon __________.*




Ekran 6

Chwazi nan mo ki nan pànye a pou nou konplete fraz yo.

*Mwa __fevriye__ pote 28 oswa 29 jou.*

*Mesye Jan santi li __delivre__ lè mekanisyen an leve pàn machin nan.*

*Se yon istwa __vrè__ mèt la rakonte jodi a.*

*Jan te tèlman swaf, lè Ana lonje yon vè dlo ba li, se te yon __delivrans__.*




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Klike sou opalè yo epi lmande pou yon elèv vin ekri mo li tande a.<br><br>Mande lòt elèv opinyon yo. Si li fè erè, yon lòt elèv pral korije. Yon lòt elèv pra ekri lòt mo, mèt la ap klike a. Lòt elèv yo ap reyaji. | Yon elèv pral ekri mo li tande a. Lòt elèv yo ap di si l byen ekri mo a oswa si l mal ekri l. Youn nan yo pral korije. |




Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Envite 6 elèv pou y al plase youn mo sou bò goch kadriyaj la anndan kadriyaj la, nan nenpòt plas kote yo wè konbinezon [vr].<br><br>Chak elèv ap plase yon mo nan kadriyaj la. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br><br>Si yon elèv fè yon erè, yon lòt elèv pral korije. |




Ekran 8




Ekran korije

# Leson 50
## Son [tr, gr]



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Koute yon istwa (son [tr, gr]) epi gade tèks la.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Konprann tèks la.



**Aktivite 3 :** Antoure fraz ki bon an.



**Aktivite 4 :** Asosye mo ak imaj.



**Aktivite 5 :** Dekouvri definisyon ki mo.



**Aktivite 6 :** Klase mo dapre yon son.



**Aktivite 7 :** Chwazi mo ki koresponn ak chak kategori.



**Aktivite 8 :** Klase yon imaj si w tande son [tr].

## M ap ekri



**Aktivite 9:** Ekri yon mo daprè yon son.



**Aktivite 10:** Ekri yon fraz daprè yon son.



**Aktivite 11:** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



**Aktivite 12:** Ekri yon fraz dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13:** Konplete yon fraz.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou fè elèv yo tande ti istwa a. Fè yo tande l de a twa fwa. | Tande ti istwa. |
| 3 | Mande pou yo li istwa tou. | Li istwa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

An nou koute istwa sa a.

## Chop "Bon Pri"




Manman Ana ak Ana pral achte rad nan chòp « Bon Pri », yon magazen ki fèk louvri.

Yo rantre nan magazen an. Ana wè yon jip gri ak yon kòsaj krèm li renmen.

San grate tèt manman l achte l pou li. Li peye trant goud pou rad yo. Li prèske achte yo gratis, paske se piyay ki genyen nan « Bon Pri » chak samdi.

Ana kontan anpil. Li bo manman l epi li di l: "ou se yon trezò pou mwen".

Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Poze premye kesyon an epi mande elèv yo pou yo di bon repons lan.<br><br>Si gen plizyè repons, mande yon elèv vin sou tablo a vin verifye l pou yo ka wè ki elèv ki te te jwenn bon repons lan.<br><br>Fè menm jan pou lòt kesyon yo tou. | Reponn kesyon yo |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò |






Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Mande yo gade imaj la byen epi li chak fraz youn apre lòt. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin antoure fraz ki bon an. | Koche tout fraz ki koresponn ak imaj la |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

Antoure fraz ki koresponn ak chak imaj.



Manman cheri ou se yon trezò pou mwen.

Mwen renmen w anpil papi.

Pa gen tankou w tonton.



Granpè ap manje yon plat diri ak pwa.

Granpè ap repoze l.

Granpè tris anpil.

Ekran 3

Antoure fraz ki koresponn ak chak imaj.



Manman cheri ou se yon trezò pou mwen.

Mwen renmen w anpil papi.

Pa gen tankou w tonton.



Granpè ap manje yon plat diri ak pwa.

Granpè ap repoze l.

Granpè tris anpil.

Ekran korije

**Aktivite 4** : Asosye mo ak imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Mande yo gade imaj yo byen epi li chak mo youn apre lòt. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin deplase mo yo depoze yo anba imaj ki koresponn ak yo. | Deplase mo mete yo anba imaj ki mache avè l. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo ke yo pral jwe yon jwèt devinèt.<br><br>Li chak definisyon. Fè elèv yo repete apre w.<br><br>Lè elèv yo fin li yon definisyon, mande yo devine definisyon ki mo li ye. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Li chak definisyon.<br><br>Devine definisyon ki mo li ye. |
| 3 | Fè yon elèv vin klike sou pwen entèwogasyon an pou ka verifye repons elèv yo. | Verifye repons lan. |






Ekran 5




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Fè yo konnen y ap genyen pou yo klase chak mo nan kaz pal daprè son [tr] oubyen [gr] yo tande a.<br><br>Li chak mo ki sou tablo a epi fè elèv yo repete apre w. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin deplase mo mete yo nan kaz ki koresponn ak yo a. | Deplase mo mete yo nan kaz ki koresponn ak yo a. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7** : Chwazi mo ki koresponn ak chak kategori.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo aktivite a. Di yo, yo pral chwazi mo ki koresponn ak chak katefori.<br><br>Fè yo li chak mo byen fò. | Tande esplikasyon pwofesè a epi li chak mo byen fò. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin antoure mo ki koresponn ak chak kategori. | Chwazi mo ki koresponn ak chak kategori. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo akò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Antoure tout mo ki koresponn ak chak kategori.

**Matematik**

Trant Trèz Pwason Triyang Metrès

Maladi Kreyon Karamèl Trapèz Kalkilatris

**Pèsonaj**

Majistra Kanaval Bèf Metrès Aktris

Granpè Grèp Gwayav Kabrit Grann

Ekran 7

Antoure tout mo ki koresponn ak chak kategori.

**Matematik**

Trant Trèz Pwason Triyang Metrès

Maladi Kreyon Karamèl Trapèz Kalkilatris

**Pèsonaj**

Majistra Kanaval Bèf Metrès Aktris

Granpè Grèp Gwayav Kabrit Grann

Ekran korije

**Aktivite 8** : Klase yon imaj si w tan son [tr].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo gade imaj yo byen. Di chak non imaj yo epi mande yo repete apre w. | Tande esplikasyon pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin deplase imaj yo mete yo nan kat ki koresponn avè yo. | Deplase imaj yo mete yo nan kat ki koresponn ak imaj la. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9 :** Ekri yon fraz daprè yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li chak fraz epi mande elèv yo repete apre w.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri fraz ki sou tablo a. | Repete apre pwofesè a.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye yo oswa sou adwaz. |






Ekran 9

**Aktivite 10 :** Ekri mo ki gen lèt « tr, gr » daprè yon son.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo yo sou kaye yo oswa sou adwaz yo. |






Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Ekri yon fraz dapre yon son.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri fraz yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye yo oswa sou adwaz yo. |




Ekran 11




Ekran korije

**Aktivite 12**: Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo gade chak imaj byen epi mande yo pou yo di non yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo ki koresponn ak chak imaj | Gade chak imaj byen epi di non yo.<br><br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>**Mo yo:** triyang, trezò, bètrav, metrès, kalkilatris, granpè | Ekri mo yo sou kaye yo oswa sou adwazyo. |






Ekran 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Konplete yon fraz. | 13/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |



| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Komanse li fraz la. Epi eksplike elèv yo ke fraz yo poko fini. Mande yo pou gad imaj ki bò kote chak fraz.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou vin konplete fraz yo daprè imaj ki bò kote yo. | Koute eksplikasyon mèt la.<br><br>Konplete chak fraz daprè imaj ki bò kote l la. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

Sèvi ak non desen yo pou nou konplete fraz yo.

Mwen manje __________ chak vandredi sen.



Grann Ana fè kafe l ak ________ chak maten.



Jan ap trase yon_________ ak règ la.



Ekran 13

# Leson 51

## Son [bl, dl]



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ki gen konbinezon son [bl] ak [dl] ladan.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Asosye yon tèks senp ak ilistrasyon ki mache ak li



**Aktivite 3 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.



**Aktivite 4 :** Asosye fraz ki fòme ak mo ki gen son [bl ] oswa [dl ] ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 5 :** Asosye mo ki gen son [bl] oswa [dl] ak definisyon yo.



**Aktivite 6 :** Dekouvri konbinezon lèt [bl] ak [dl] nan mo yo konnen deja.



**Aktivite 7 :** Asosye konbinezon lèt [bl] ak [dl] ak son ki bay yo a, nan mo yo konnen.

## M ap antrene



**Aktivite 8 :** Diskrimine konbinezon son [bl] nan yo konnen.



**Aktivite 9 :** Klase mo familye ki gen konbinezon [bl] oswa [dl] pa kategori.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 10 :** Òtografye mo familye ki gen konbinezon [bl] oswa [dl] ladan yo.



**Aktivite 11 :** Ekri fraz ki gen konbinezon [bl] oswa [dl] nan mo yo.

## M ap ekri



**Aktivite 12 :** Repwodui yon ti tèks kout ki gen mo ki gen konbinezon [bl] oswa [dl] sou TBI a, adwaz, kaye.

## Sa mwen ka fè (2)



**Aktivite 13 :** Ranje yon istwa ki gaye nan lòd dapre pwogresyon li.

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 1** : Li yon tèks senp ki gen konbinezon son [bl] ak [dl] ladan. | 1/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Li pwezi a pou elèv yo | Tande konsiy lan.<br><br>Koute pwofesè a ak atansyon pandan l ap li pwezi a. |
| 2 | Envite kèk elèv li yon paragraf nan pwezi a awotvwa, youn apre lòt.<br><br>Mande lòt elèv yo pou yo koute oswa li nan kè yo | Li awotvwa oswa nan kè yo.<br><br>Koute lekti kanmarad yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

Mwen konprann

Aktivite 2 : Asosye yon tèks senp ak ilistrasyon ki mache ak li



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo byen obsève imaj yo.<br>Li konsiy lan. | Obsève imaj yo.<br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv youn apre lòt, pou yo di si imaj ou montre yo a gen rapò ak pwezi a. Mande yo pou yo esplike repons yo. Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons ki bay la epi pwopoze koreksyon jistan klas la dakò. | Chwazi imaj ki gen rapò ak pwezi a epi esplike chwa yo. Fè kòmantè sou repons kanmarad yo. |
| 3 | Mande yon elèv vin sou tablo a pou antoure imaj ki te chwazi yo. | Antoure imaj ki deja seleksyone nan yon seri imaj. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 3 elèv pou ale sou tablo a.<br><br>Mande 3 lòt elèv pou yo li kesyon yo, youn apre lòt. Chak fwa youn nan elèv ki sou tablo a ap chwazi repons pou l kwaze a. | Ale sou tablo a.<br><br>Fè yon kwa sou bon repons yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |




Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4** : Asosye fraz ki fòme ak mo ki gen son [bl], [dl] ak imaj ki koresponn ak yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande kèk elèv pou dekri imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 3 elèv pou vin sou tablo a, pou yo li yon fraz epi relye l ak imaj ki koresponn ak li a. | Li fraz ki sou tablo a epi relye yo chak fwa ak imaj ki koresponn nan. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |




Ekran 4




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 5:** Asosye mo ki gen son « bl » oswa « dl » ak definisyon yo. | 5/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li chak definisyon yo pou elèv yo, youn apre lòt.<br><br>Apre lekti chak definisyon, mande yon elèv pou l ale sou tablo a epi pou l chwazi mo li panse ki koresponn ak definisyon sa a.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò.<br><br>Lè mo a fin valide, mande elèv la pou l ekri nimewo mo a nan rektang ki gen definisyon l lan. | Koute lekti definisyon yo.<br><br>Chwazi mo ki koresponn ak chak definisyon nan lis ki sou tablo a.<br><br>Ekri nimewo mo yo chwazi a nan rektang ki koresponn yo. |





Ekran 5/6



Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 6 :** Dekouvri konbinezon lèt ”bl” ak ”dl” nan mo familye. | 6/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande kèk elèv , pou yo li, youn apre lòt, mo yo ki nan lis la. Fè yo peze sou son [dl] ak [bl] kote yo jwenn yo nan mo yo.<br><br>Mande 10 elèv pou yo vin ekri mo yo, youn apre lòt, nan kolòn ki apwopriye pou sa. | Li mo yo ki nan lis la. Peze sou son [dl] ak [bl] kote yo jwenn yo nan mo yo.<br><br>Ekri mo yo sou tablo a nan kolòn ki apwopriye pou sa. |
| 3 | Mande rès elèv yo korije epi valide travay ki fèt la. | Korije epi valide travay ki fèt la. |






Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou yo vin fè egzèsis la sou tablo a.<br><br>Mande rès elèv yo pou yo korije epi valide travay ki fèt la. | Klike pou tande son yo epi antoure oswa souliye mo yo dapre son yo tande a.<br><br>Korije epi valide travay ki fèt la. |






Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 8:** Diskrimine konbinezon son [bl] nan mo yo konnen.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Chwazi yon elèv, pou l vin drage imaj ki gen son [bl] ladan yo mete nan rektang lan, sou tablo a.<br><br>**Remak.** Non imaj yo se: *tablo, tabliye, blouz, biblo, boutèy*<br><br>Mande lòt elèv yo pou korije epi valide travay kanmarad yo fè a si gen bezwen pou sa. | Drage imaj ki gen son [bl] ladan yo mete nan rektang lan , sou tablo a.<br><br>Korije epi valide travay kamarad yo fè a si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 9




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 9 :** Klase mo familye ki gen konbinezon [bl] oswa [dl] pa kategori. | 9/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande yon elèv pou l li kategori yo epi yon lòt elèv pou l li mo yo.<br><br>Mande 4 elèv pou yo chak chwazi yon kategori epi vin glise mo ki koresponnn ak kategori yo chwazi a nan kazye pa l la. | Li kategori yo ak mo yo.<br><br>Glise mo ki koresponnn ak chak kategori nan kazye pa l. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |



Mete chak mo nan kategori pa li.

| ekipman lekòl | rad pwoteksyon | dekorasyon | likid |
|---|---|---|---|
| | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| bibliyotèk | tablo | tablèt | biblo |
| blouz | dlo | tabliye | blad |

Ekran 9

Mete chak mo nan kategori pa li.

| ekipman lekòl | rad pwoteksyon | dekorasyon | likid |
|---|---|---|---|
| bibliyotèk | blouz | biblo | dlo |
| tablo | tabliye | blad | |
| tablèt | | | |

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10:** Òtografye mo familye ki gen konbinezon [bl] oswa [dl] ladan yo . |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 10 elèv, youn apre lòt, pou vin klike sou yon wopalè epi pou yo ekri mo yo tande a sou liy lan.<br><br>Mande lòt elèv yo pou ekri mo yo sou adwaz yo. | Klike sou wopalè yo epi ekri mo yo tande a sou liy lan oswa sou adwaz yo. |
| 3 | Mande tout klas la pou valide bon òtograf mo yo. | Valide bon òtograf mo yo. |




Ekran 10




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 11 :** Ekri fraz ki gen konbinezon [bl] oswa [dl] ladan yo. | 11/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè yo. |
| 2 | Mande 3 elèv, youn apre lòt, pou vin mete mo yo nan lòd sou tablo a pou yo fè fraz. | Mete mo yo nan lòd sou tablo a pou yo fè fraz. |
| 3 | Mande tout klas la pou valide fraz yo. | Valide fraz yo. |




Ekran 11




Ekran korije

| M ap ekri | **Aktivite 12:** Repwodui yon ti tèks ki gen mo ak konbinezon [bl], [dl] sou TBI a, adwaz, kaye. | 12/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi youn oswa kèk elèv pou vin sou tablo a pou rekopye ti tèks la ak lèt kisif. | Ekri ti tèks la sou tablo a, |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri ti tèks la. **Remak:** Pa fè twòp egzijans pou majiskil kisif yo. | Ekri mo sou fèy, adwaz oswa kaye. |




Ekran 13




Ekran korije

**Aktivite 13:** Ranje yon istwa ki gaye nan lòd dapre pwogresyon li.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Fè elèv yo koute chak pati istwa a, youn oswa 2 fwa si sa nesesè.<br><br>Chwazi 4 elèv pou li chak pati istwa a.<br><br>Mande klas la pou klase 4 elèv sa yo soti nan 1 rive nan 4 dapre pati istwa yo te li a. Kite yo diskite yon moman sou chwa yo. Dirije epi oryante diskisyon yo. | Koute chak pati istwa a. Li chak pati istwa a.<br><br>Pwopoze yon lòd pou istwa a. Jistifye chwa lòd yo fè a. |
| 3 | Lè klasman an fin valide, mande chak elèv pou l plase pòsyon istwa li te li a nan bon plas li pou rekonstwi istwa a nan lòd.<br><br>Mande 4 lòt elèv pou reli istwa a nan lòd klas la mete l la. | Plase chak paragraf nan pozisyon pa yo. Reli tout istwa a nan lòd yo te chwazi a. |





Ekran 13



Ekran korije

# Leson 52

## Kominikasyon oral

M ap di sa ki nan tèt mwen



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap koute/ M ap pale/ M ap di sa m panse



**Aktivite 1 :** Koute (premye pati) yon istwa.



**Aktivite 2 :** Idantifye pèsonaj ak sèn yon istwa yo koute, apati imaj.



**Aktivite 3 :** Dekri pèsonaj yon istwa/ Eksprime santiman yo pou yon pèsonaj.



**Aktivite 4 :** Koute suit yon istwa.



**Aktivite 5 :** Eksprime santiman yo pa rapò ak evennman k ap pase nan yon istwa.



**Aktivite 6 :** Koute suit yon istwa.



**Aktivite 7 :** Dekri ak detay sèn ki mache ak yon pòsyon istwa yo fin tande.



**Aktivite 8 :** Rezime yon pòsyon istwa yo fin tande apati yon sekans imaj.



**Aktivite 9 :** Koute dènye pati yon istwa.



**Aktivite 10 :** Idantifye epi dekri pèsonaj yo wè nan yon imaj ki koresponn ak yon pòsyon istwa yo fin tande.



**Aktivite 11 :** Esplike yon sèn apati yon imaj ki koresponn ak yon pòsyon istwa yo fin tande.



**Aktivite 12 :** Eksprime santiman yo sou yon istwa yo fin tande.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade epi dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi dekri li.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo koute istwa a ak atansyon. Di yo se premye pati a yo pral koute.<br><br>Mande youn oswa 2 elèv pou yo rakonte ak mo pa yo.<br><br>Mande elèv yo si yo vle koute yon dezyèm fwa. Fè yo koute yon dezyèm fwa. | Koute premye pati istwa a ak atansyon.<br><br>Rakonte premye pati istwa a ak mo pa yo.<br><br>Di si yo vle koute yon dezyèm fwa. Koute premye pati istwa a yon dezyèm fwa si sa nesesè. |



Koute premye pati istwa larenn pwason an.



Ekran 1

**Aktivite 2** : Idantifye pèsonaj ak sèn yon istwa yo koute, apati imaj.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li premye pati konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo pou yo byen gade chak pèsonaj ki nan imaj la pandan yon moman. | Tande premye pati konsiy lan.<br><br>Byen gade chak pèsonaj ki nan imaj la pandan yon moman. |
| 2 | Mande yon elèv pou l di ki pèsonaj li rekonèt nan imaj la epi pou l site non yo. Mande lòt elèv yo pou yo valide oswa korije repons elèv la bay la. | Di ki pèsonaj li rekonèt nan imaj la epi site non yo.<br><br>Valide oswa korije repons kanmarad li yo. |
| 3 | Li dezyèm pati konsiy lan.<br><br>Mande youn oswa 2 elèv pou yo di ki pati ekzak nan istwa a imaj la ilistre. Mande lòt elèv yo pou yo valide oswa korije repons elèv yo bay la. | Tande dezyèm pati konsiy lan.<br><br>Di ki pati ekzak nan istwa a imaj la ilistre.<br><br>Valide oswa korije repons kanmarad li yo. |

Idantifye pèsonaj sa yo ki nan imaj la.
Imajine ak ki pati nan istwa a imaj la koresponn.



Ekran 2

Repons n ap tann:
1- Pèsonaj yo se: Lòmilis ak Larenn pwason
2- Pati imaj la montre a se kote Larenn pwason parèt sanzatann sou Lòmilis nan dlo a.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 3 elèv , youn apre lòt, pou yo dekri pèsonaj ki sou ekran an.<br><br>Mande lòt elèv yo pou yo koute ak atansyon. | Dekri pèsonaj ki sou ekran an.<br><br>Koute deskripsyon kanmarad yo ap fè |
| 3 | Mande plizyè elèv pou yo di kilès nan pèsonaj sa yo yo pi renmen epi poukisa. | Eksprime santiman yo pou kèk pèsonaj nan istwa a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Dekri chak pèsonaj sa yo.
Di kilès ladan yo nou pi renmen nan istwa a epi poukisa.


Lòmilis


Madan Lòmilis


Larenn pwason

Ekran 3

| Obsève/ Koute/ di sa w panse | **Aktivite 4 :** Koute suit yon istwa. | 4/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade epi dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi dekri li.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo koute suit istwa a ak atansyon. Di yo se dezyèm pati a yo pral koute.<br><br>Mande youn oswa 2 elèv pou yo rakonte ak mo pa yo.<br><br>Mande elèv yo si yo vle koute yon dezyèm fwa. Fè yo koute yon dezyèm fwa. | Koute dezyèm pati istwa a ak atansyon.<br><br>Rakonte dezyèm pati istwa a ak mo pa yo.<br><br>Di si yo vle koute yon dezyèm fwa. Koute dezyèm pati istwa a yon dezyèm fwa si sa nesesè. |




Ekran 4

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève/ Koute/ di sa w panse | **Aktivite 5:** Eksprime santiman yo pa rapò ak evennman k ap pase nan yon istwa. | 5/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo eksprime yo pa rapò ak kesyon ki nan konsiy lan. | Eksprime yo pou reponn kesyon ki nan konsiy lan. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12




Ekran 5

**Aktivite 6 :** Koute suit yon istwa.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏱⏱ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade epi dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi dekri li.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo koute suit istwa a ak atansyon. Di yo se twazyèm pati a yo pral koute.<br><br>Mande youn oswa 2 elèv pou yo rakonte ak mo pa yo.<br><br>Mande elèv yo si yo vle koute yon dezyèm fwa. Fè yo koute yon dezyèm fwa. | Koute twazyèm pati istwa a ak atansyon.<br><br>Rakonte twazyèm pati istwa a ak mo pa yo.<br><br>Di si yo vle koute yon dezyèm fwa. Koute twazyèm pati istwa a yon dezyèm fwa si sa nesesè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Koute twazyèm pati istwa larenn pwason an.



Ekran 6

| Obsève/ Koute/ di sa w panse | **Aktivite 7:** Dekri ak detay sèn ki mache ak yon pòsyon istwa yo fin tande. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi dekri li.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande plizyè elèv , youn apre lòt, pou yo chwazi youn nan pèsonaj ki sou ekran an, yon moun oswa yon bèt, pou yo idantifye li epi dekri li. | Idantifye epi dekri pèsonaj ki sou ekran an, dapre pòsyon istwa yo te koute sou ekran avan an. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Idantifye tout pèsonaj, ni moun, ni bèt nou rekonèt sou imaj la.
Di non yo, dekri yo.



Ekran 7

Repons n ap tann:
Nou wè Lòmilis, madan Lòmilis, 2 timoun yo: Ti Yaya ak Ti Yeye epi 2 chen yo ki rele Levelo. Nou wè lòt moun tou nou pa konnen. (Elèv yo ap dekri moun ak bèt yo site yo ak mo pa yo).

Ekran korije

**Aktivite 8:** Rezime yon pòsyon istwa yo fin koute apati yon sekans imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade chak imaj ki sou tablo a .<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Chwazi 4 elèv. Mande yo pou yo rakonte, youn apre lòt, nan lòd nimewo yo, pati istwa ki koresponn ak imaj pa yo a.<br><br>Mande kèk lòt elèv pou yo konplete sa kanmarad yo rakonte a. | Rezime yon pati istwa a ki koresponn ak yon imaj .<br><br>Konplete rezime kanmarad yo pwodui a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8

Repons n ap tann:

sèn 1: Ti Yaya ak Levelo pati, yo nan wout.

sèn 2: Ti Yaya ap pale ak Imakila.

sèn 3:Ti Yaya ak Levelo ap goumen ak dyab ki t ap vin chèche Imakila yo.

sèn 4: Ti Yaya ap marye ak Imakila, lakay wa a.

Ekran korije

| Obsève/ Koute/ di sa w panse | **Aktivite 9 :** Koute dènye pati yon istwa. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade epi dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi dekri li.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo koute fen istwa a ak atansyon. Di yo se fen istwa a yo pral koute.<br><br>Mande youn oswa 2 elèv pou yo rakonte ak mo pa yo.<br><br>Mande elèv yo si yo vle koute yon dezyèm fwa. Fè yo koute yon dezyèm fwa. | Koute fen istwa a ak atansyon.<br><br>Rakonte fen istwa a ak mo pa yo.<br><br>Di si yo vle koute yon dezyèm fwa. Koute fen istwa a yon dezyèm fwa si sa nesesè. |




Ekran 9

| Obsève/ Koute/ di sa w panse | **Aktivite 10 :** Idantifye epi dekri pèsonaj . | 10/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi dekri li.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande yon elèv pou l idantifye epi dekri pèsonaj ki nan imaj la, mande yon lòt pou l esplike sèn nan. | Idantifye epi dekri pèsonaj ki nan imaj la dapre pòsyon istwa yo te koute sou ekran avan an.<br><br>Esplike sèn nan. |



Idantifye epi dekri pèsonaj yo, esplike sèn nan.



Ekran 10

Repons n ap tann:
Pèsonaj yo se gran ladyablès la, ti dyab yo ak ti Yaya. Sèn sa a se kote gran ladyablès la ak pakèt ti dyab ki te soti nan vant li yo touye Ti Yaya.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade chak imaj ki sou ekran an.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Chwazi 3 elèv.<br><br>Mande yo pou yo rakonte, youn apre lòt, pati istwa ki koresponn ak imaj ou montre yo a.<br><br>Mande kèk lòt elèv pou yo konplete sa kanmarad yo rakonte a. | Rezime yon pati istwa a ki koresponn ak yon imaj .<br><br>Konplete rezime kanmarad yo pwodui a. |

Chwazi youn nan sèn sa yo epi esplike l.







Ekran 11

Repons n ap tann:

sèn 1: Se kote Ti Yeye ak Levelo vin pote Ti Yaya sekou. Yo touye ti dyab yo epi yo revini Ti Yaya ak lòt jenn gason yo. Gran ladyablès la degèpi, li kouri l ale nan bwa a.

sèn 2: Se maryaj ak nòs Ti Yeye ak Imakile, marasa Imakila a.

sèn 3: Se kote Lòmilis ap antre anba dlo a pou l retounen al jwenn larenn pwason.

Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande plizyè elèv ki pa t ko patisipe pou yo di ki pati nan istwa a yo pi renmen oswa pa renmen. | Di ki pati nan istwa a yo pi renmen oswa yo pa renmen. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 12

# Leson 53

## Son [fl, gl]



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ki gen konbinezon son « fl » ak « gl » ladan.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Ranje yon sekans imaj pou retabli lòd pwogresyon yon istwa yo fin koute.



**Aktivite 3 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.

## M ap antrene



**Aktivite 4 :** Asosye fraz ki fòme ak mo ki gen son [fl] oswa gl ]ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 5 :** Asosye mo ki gen son [fl] oswa [gl] ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 6 :** Dekouvri konbinezon lèt [fl] ak [gl] nan mo familye.



**Aktivite 7 :** Asosye konbinezon lèt [fl] ak [gl] ak son ki bay yo a, nan mo familye.



**Aktivite 8:** Diskrimine konbinezon son [fl] nan mo yo konnen.



**Aktivite 9:** Diskrimine konbinezon son [gl] nan mo yo konnen.



**Aktivite 10 :** Òtografye mo elèv yo konnen ki gen konbinezon [fl] oswa [gl] ladan yo.



**Aktivite 11 :** Òtografye fraz ki gen konbinezon [fl] oswa [gl] nan mo yo.

## M ap ekri



**Aktivite 12 :** Repwodui yon ti tèks kout ak mo ki gen konbinezon [fl] oswa [gl] sou TBI a, adwaz, kaye.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Ranje yon seri moso tèks pou retabli lòd pwogresyon yon istwa yo konnen deja.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Klike pou elèv yo kapab koute istwa a. | Tande konsiy lan.<br><br>Koute istwa a ak atansyon. |
| 2 | Envite 4 elèv pou yo li 4 pati istwa a, youn apre lòt, jan li dekoupe sou ekran an .<br><br>Mande lòt elèv yo pou yo koute oswa li nan kè yo. | Li istwa a awotvwa oswa nan kè yo.<br><br>Koute lekti kanmarad yo. |
| 3 | Si gen tan, envite 4 lòt elèv fè menm egzèsis la, pou pèmèt klas la pi byen konnen istwa a. | Li istwa a awotvwa oswa nan kè yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Koute istwa a, apresa li chak pati yo byen fò.

## Sòs ti Malis

1- Vwala, se Malis k ap fè manje. L ap pare yon sòs pou l manje ak pen. Bouki ki t ap flannen nan bouk la pwofite pase kay neve li.
-Bonjou Malis.
-Bonjou tonton.
-Ki manje w ap fè la?
-M ap fè yon ti sòs pou m manje ak pen.
-Ebyen Malis, mwen byen rive, m ap tann pa m!

2- Malis pa t anvi separe sòs la, men li pa t kapab refize tonton l. Yon lide vin nan tèt li. Li di li pral reyisi fè Bouki kite visye atò. Li pran yon ponyen piman zwazo, epi li mete tout nan sòs la. Lè sòs la pare, li ofri tonton l sèvi avan.

3- Bouki pran pen, li tranpe nan sòs, li kòmanse manje. Malis te panse tonton l ta pral rele pou jan li te pike sòs la. Se atò Bouki manje pen ak sòs. Lè tout sòs la fini, Bouki pase yon dènye mòso pen nan bòl la epi li manje l.

4- Apresa, misye bwè yon gode dlo byen glase, epi li di Malis konsa:
-Mèsi neve m, pou jan m te grangou la!
Men, ala sòs gou Malis, li te gen bon piman. Mwen fè w konpliman. Epi Bouki leve, li ale.
Malis mete de men nan tèt tèlman li sezi!

Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo byen obsève imaj yo.<br><br>Li konsiy lan. | Obsève imaj yo.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande yon elèv vin sou tablo a pou ranje imaj yo dapre lòd istwa yo te koute a. | Retabli lòd istwa yo te koute apati imaj. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo ki sou tablo a bay la epi pwopoze koreksyon jistan klas la dakò. | Di si yo dakò ak repons kanmarad yo ki sou tablo a bay la epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. |




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 3 elèv pou ale sou tablo a.<br><br>Mande 3 lòt elèv pou yo li kesyon yo ak repons ki pwopoze yo, youn apre lòt. Chak fwa, youn nan elèv ki sou tablo a ap chwazi repons pou l kwaze a. | Ale sou tablo a.<br><br>Li kesyon yo ak repons ki pwopoze yo.<br><br>Fè yon kwa sou bon repons yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Fè yon kwa nan ti kare ki devan bon repons la.

- Ki kote Bouki te soti?
  - ☐ li t ap flannen
  - ☐ li te sot legliz
  - ☐ li te sot nan jaden

- Kisa Bouki te bwè lè li fin manje?
  - ☐ yon gode ji zoranj byen fre
  - ☐ yon tas kafe byen cho
  - ☐ yon gode dlo byen glase

- Poukisa Malis te mete tout piman sa yo nan sòs la?
  - ☐ paske l te konnen tonton l renmen piman.
  - ☐ paske l te bezwen pou tonton l pa ka bwè sòs la
  - ☐ paske piman zwazo pa pike.

Ekran 3

Fè yon kwa nan ti kare ki devan bon repons la.

- Ki kote Bouki te soti?
  - ☒ li t ap flannen
  - ☐ li te sot legliz
  - ☐ li te sot nan jaden

- Kisa Bouki te bwè lè li fin manje?
  - ☐ yon gode ji zoranj byen fre
  - ☐ yon tas kafe byen cho
  - ☒ yon gode dlo byen glase

- Poukisa Malis te mete tout piman sa yo nan sòs la?
  - ☐ paske l te konnen tonton l renmen piman.
  - ☒ paske l te bezwen pou tonton l pa ka bwè sòs la
  - ☐ paske piman zwazo pa pike.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande kèk elèv pou dekri imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 3 elèv pou vin sou tablo a, pou yo li yon fraz epi relye l ak imaj ki koresponn ak li a. | Li fraz ki sou tablo a epi relye yo chak fwa ak imaj ki koresponn nan. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12



Ekran 4



Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 5 :** Asosye mo ki gen son [fl] oswa [gl] ak imaj ki koresponn ak yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l ale sou tablo a epi pou l glise chak mo anba imaj ki koresponn ak li a.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò epi korije si sa nesesè. | Chwazi epi asosye chak mo ki sou tablo a ak imaj li koresponn nan.<br><br>Valide/korije repons kanmarad yo. |




Ekran 5




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 6 :** Dekouvri konbinezon lèt [fl] ak [gl] nan mo yo konnen. | 6/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande kèk elèv , pou yo li mo yo ki nan lis la, youn apre lòt. Fè yo peze sou son [fl] ak [gl] kote yo jwenn yo nan mo yo.<br><br>Mande 10 elèv pou yo vin ekri mo yo, youn apre lòt, nan kolòn ki apwopriye pou sa. | Li mo yo ki nan lis la. Peze sou son [fl] ak [gl] kote yo jwenn yo nan mo yo.<br><br>Ekri mo yo sou tablo a nan kolòn ki apwopriye pou sa. |
| 3 | Mande rès elèv yo korije epi valide travay ki fèt la. | Korije epi valide travay ki fèt la. |



Ekran 6



Ekran korije

**Aktivite 7 :** Asosye konbinezon lèt [fl] ak [gl] ak son ki bay yo a, nan mo yo konnen.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou yo vin fè egzèsis la sou tablo a.<br><br>Mande rès elèv yo pou yo korije epi valide travay kanmarad yo fè a. | Klike pou tande son yo epi antoure oswa souliye mo yo dapre son yo tande a.<br><br>Korije epi valide travay kanmarad yo. |




Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8:** Diskrimine konbinezon son [fl] nan mo elòv yo konnen.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Chwazi yon elèv, pou l vin drage imaj ki gen son [fl] ladan yo mete nan rektang lan, sou tablo a.<br><br>Mande lòt elèv yo pou korije epi valide travay kanmarad yo fè a si gen bezwen pou sa.<br><br>**Remak:** Menm aktivite ak konbinezon [gl] nan ekran 9 la. | Drage imaj ki gen son [bl] ladan yo mete nan rektang lan , sou tablo a.<br><br>Korije epi valide travay kanmarad yo fè a si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9:** Diskrimine konbinezon son [fl]  nan mo yo konnen.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Chwazi yon elèv,  pou l vin drage imaj ki gen son [gl] ladan yo mete nan rektang lan, sou tablo a.<br><br>Mande lòt elèv yo pou korije epi valide travay kanmarad  yo fè a si gen bezwen pou sa.<br><br>**Remak:**  Menm aktivite ak konbinezon « gl » nan ekran 9 la. | Drage imaj ki gen son [gl] ladan yo mete nan rektang lan , sou tablo a.<br><br>Korije epi valide travay kanmarad yo fè a si gen bezwen pou sa. |



Ekran 9



Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 10 :** Òtografye mo familye ki gen konbinezon « fl » oswa « gl » ladan yo . | 10/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 10 elèv, youn apre lòt, pou vin klike sou yon wopalè epi pou yo ekri mo yo tande a sou liy lan.<br>Mande lòt elèv yo pou ekri mo yo sou adwaz yo. | Klike sou wopalè yo epi ekri mo yo tande a sou liy lan oswa sou adwaz yo. |
| 3 | Mande tout klas la pou valide bon òtograf mo yo. | Valide bon òtograf mo yo. |




Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Otografye fraz ki gen konbinezon [ fl] oswa [gl] nan mo yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè yo. |
| 2 | Mande 3 elèv, youn apre lòt, pou vin klike sou yon wopalè epi ekri fraz yo tande a.  Mande lòt elèv yo pou ekri fraz yo sou adwaz yo. | Otografye fraz sou tablo a oswa sou adwaz . |
| 3 | Mande tout klas la pou valide  òtograf fraz yo. | Valide òtograf fraz yo. |




Ekran 11




Ekran  korije

**Aktivite 12 :** Repwodui yon ti tèks ki gen mo ak konbinezon [fl], [gl] sou TBI a, adwaz, kaye.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi youn oswa kèk elèv pou vin sou tablo a pou rekopye ti tèks la ak lèt kisif. | Ekri ti tèks la sou tablo a, |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri ti tèks la. NB. Pa fè twòp egzijans pou majiskil kisif yo. | Ekri mo sou fèy, adwaz oswa kaye. |




Ekran 12




Ekran korije

**Aktivite 13 :** Ranje yon istwa ki gaye nan lòd dapre pwogresyon li.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li chak pati istwa a, youn oswa 2 fwa si sa nesesè. Mande yo pou yo byen koute pandan y ap obsève imaj yo.<br><br>Chwazi 4 elèv pou li chak pati istwa a. Mande klas la pou klase 4 elèv sa yo soti nan 1 rive nan 4 dapre pati istwa yo te li a. Kite yo diskite yon moman sou chwa yo. Dirije epi oryaqnte diskisyon yo. | Koute chak pati istwa a. Obsève imaj yo.<br><br>Li chak pati istwa a.<br><br>Pwopoze yon lòd pou istwa a. Jistifye chwa lòd yo fè a. |
| 3 | Lè klasman an fin valide, mande chak elèv pou l plase pòsyon istwa li te li a nan bon plas li pou rekonstwi istwa a nan lòd.<br><br>Mande 4 lòt elèv pou reli istwa a nan lòd klas la mete l la. | Plase chak paragraf nan pozisyon pa yo. Reli tout istwa a nan lòd yo te chwazi a. |

12
13




Ekran 13




Ekran korije

# Leson 54

## Son [kl, pl]



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ki gen konbinezon son [kl] ak [pl] ladan.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.



**Aktivite 3 :** Asosye fraz ki fòme ak mo ki gen son [kl] oswa [pl] ak yon imaj ki koresponn.



**Aktivite 4 :** Asosye mo ki gen son [kl] oswa «[pl ] ak definisyon yo.



**Aktivite 5 :** Dekouvri konbinezon lèt [kl] ak [pl] nan mo yo konnen deja.



**Aktivite 6 :** Diskrimine konbinezon son [kl] nan mo elèv yo konnen.



**Aktivite 7 :** Diskrimine konbinezon son [pl] nan mo yo konnen.



**Aktivite 8 :** Li kèk konsiy senp epi egzekite yo.

## M ap antrene



**Aktivite 9 :** Òtografye mo familye ki gen konbinezon [kl] oswa [pl] ladan yo.



**Aktivite 10 :** Òtografye fraz ki gen konbinezon [kl] oswa [pl] ladan yo.

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Repwodui yon ti tèks tou kout ki gen mo ki gen konbinezon [kl] oswa [pl] sou TBI a, adwaz, kaye

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 12 :** Konplete fraz ekri ak mo ki gen [kl] oswa [pl] ladan yo, apati imaj.



**Aktivite 13 :** Li epi resite yon pwezi senp apwopriye ak son ki etidye nan leson an.

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 1** : Li yon tèks senp ki gen konbinezon son [kl] ak [pl] ladan. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Li pwezi a pou elèv yo. | Tande konsiy lan.<br><br>Koute pwofesè a ak atansyon pandan l ap li pwezi a. |
| 2 | Envite kèk elèv li pwezi a awotvwa, youn apre lòt.<br><br>Mande lòt elèv yo pou yo koute oswa li nan kè yo. | Li awotvwa oswa nan kè yo.<br><br>Koute lekti kanmarad yo. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

Li nan kè nou, apresa byen fò .

*Lapli*

Tòk, tòk, tòk
Solèy pa klere
Tòk, tòk, tòk
Syèl la fè zèklè
Tòk, tòk, tòk
Loraj ap gwonde
Tòk, tòk, tòk
Lapli pral tonbe
Tòk, tòk, tòk
Plant yo va wouze.



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 3 elèv pou ale sou tablo a.<br><br>Mande 3 lòt elèv pou yo li kesyon yo, youn apre lòt. Chak fwa youn nan elèv ki sou tablo a ap chwazi repons pou l bare a. | Ale sou tablo a.<br><br>Bare move repons la. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Bare fraz ki pa bon an.

1) Lè lapli pral tonbe, pi souvan:
- solèy la pa klere
- solèy la klere

2) Lè loraj gwonde:
- syèl la fè zèklè
- syèl la fè dife

3) Lè dlo lapli wouze plant yo:
- y ap byen grandi
- y ap neye

Ekran 2

Bare fraz ki pa bon an.

1) Lè lapli pral tonbe, pi souvan:
- solèy la pa klere
- ~~solèy la klere~~

2) Lè loraj gwonde:
- syèl la fè zèklè
- ~~syèl la fè dife~~

3) Lè dlo lapli wouze plant yo:
- y ap byen grandi
- ~~y ap neye~~

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande kèk elèv pou dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou vin sou tablo a, pou relye fraz ki koresponn nan ak imaj la. | Chwazi fraz ki koresponn nan epi relye l ak imaj la. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

Antoure fraz ki koresponn ak imaj la.

Papa Rita ap kloure twati kay la.

Papa Rita ap klete pòt kay la.

Papa Rita ap ranmase dlo lapli.



Ekran 3

Antoure fraz ki koresponn ak imaj la.

Papa Rita ap kloure twati kay la.

Papa Rita ap klete pòt kay la. (circled)

Papa Rita ap ranmase dlo lapli.



Ekran korije

**Aktivite 4:** Asosye mo ki gen son [kl] oswa [pl] ak definisyon yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li chak definisyon yo pou elèv yo, youn apre lòt.<br><br>Apre lekti chak definisyon, mande yon elèv pou l ale sou tablo a epi pou l chwazi mo li panse ki koresponn ak definisyon sa a.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò.<br><br>Lè mo a fin valide, mande elèv la pou l ekri nimewo mo a nan rektang ki gen definisyon l lan. | Koute lekti definisyon yo.<br><br>Chwazi mo ki koresponn ak chak definisyon nan lis ki sou tablo a.<br><br>Ekri nimewo mo yo chwazi a nan rektang ki koresponn yo. |




Ekran 4




Ekran korije

**Aktivite 5 :** Dekouvri konbinezon lèt [kl] ak [pl] nan mo yo konnen.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande kèk elèv , pou yo li, youn apre lòt, mo yo ki nan lis la. Fè yo peze sou son [kl] ak [pl] kote yo jwenn yo nan mo yo.<br><br>Mande 10 elèv pou yo vin ekri mo yo, youn apre lòt, nan kolòn ki apwopriye pou sa. | Li mo yo ki nan lis la. Peze sou son [dl] ak [bl] kote yo jwenn yo nan mo yo.<br><br>Ekri mo yo sou tablo a nan kolòn ki apwopriye pou sa. |
| 3 | Mande rès elèv yo korije epi valide travay ki fèt la. | Korije epi valide travay ki fèt la. |




Ekran 5




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 6 :** Diskrimine konbinezon son [kl] nan mo yo konnen. | 6/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Fè elèv yo repete non imaj yo.<br>Mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou yo vin fè egzèsis la sou tablo a.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije epi valide travay ki fèt la.<br><br>**Remak.** Men non imaj yo: *klou, lakrè, kivèt, kòl, kle, klòch.* | Tande epi repete non imaj yo.<br><br>Deplase imaj ki gen son « kl » nan non yo, mete nan rektang lan.<br><br>Korije epi valide travay ki fèt la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7 :** Diskrimine konbinezon son ”pl” nan mo yo konnen.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Fè elèv yo repete non imaj yo.<br><br>Mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou yo vin fè egzèsis la sou tablo a.<br><br>Mande rès elèv yo pou yo korije epi valide travay ki fèt la.<br><br>**Remak -** Men non imaj yo: *plant, plim, piman, pèl, lapli.* | Tande epi repete non imaj yo.<br><br>Deplase imaj ki gen son « pl » nan non yo, mete nan rektang lan.<br><br>Korije epi valide travay ki fèt la. |




Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8:** Li kèk konsiy senp epi egzekite yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li konsiy 1,2, 3 ki nan rektang lan. Fè elèv yo repete yo epi li yo. Fè yo konprann yo pral egzekite konsiy sa yo nan lòd yo ye a.<br>Mande 3 elèv pou yo vin egzekite 3 konsiy yo, youn apre lòt.<br>Apre travay chak elèv, mande lòt elèv yo si yo dakò epi korije si sa nesesè. | Li epi repete plizyè konsiy pou egzekite. Egzekite plizyè konsiy anchèn.<br>Korije epi valide travay kanmarad yo fè a si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 9 :** Òtografye mo familye ki gen konbinezon [kl] oswa [pl] ladan yo. | 9/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 10 elèv, youn apre lòt, pou vin klike sou yon wopalè epi pou yo ekri mo yo tande a sou liy lan.<br><br>Mande lòt elèv yo pou ekri mo yo sou adwaz yo. | Klike sou wopalè yo epi ekri mo yo tande a sou liy lan oswa sou adwaz yo. |
| 3 | Mande tout klas la pou valide bon òtograf mo yo. | Valide bon òtograf mo yo. |






Ekran 9




Ekran korije

**Aktivite 10 :** Otografye fraz ki gen konbinezon [kl] oswa [pl] ladan yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè yo. |
| 2 | Mande 3 elèv, youn apre lòt, pou vin klike pou tande fraz yo epi ekri yo sou kote wopalè yo. | Klike pou tande fraz yo epi ekri yo. |
| 3 | Mande tout klas la pou valide òtograf fraz yo. | Valide òtograf fraz yo. |




Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Repwodui yon ti tèks ki gen mo ak konbinezon « kl » /« pl » sou TBI a, adwaz, kaye.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi youn oswa kèk elèv pou vin sou tablo a pou rekopye ti tèks la ak lèt kisif. | Ekri ti tèks la sou tablo a. |
| **3** | **Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri ti tèks la. Remak.- Pa fè twòp egzijans pou majiskil kisif yo.** | Ekri mo sou fèy, adwaz oswa kaye. |

Rekopye tèks la sou tablo a epi sou adwaz nou.

Nou dekore klas nou an maten an, li bèl.
Se yon plezi pou nou travay nan bèl klas nou an.



Ekran 11

Rekopye tèks la sou tablo a epi sou adwaz nou.

Nou dekore klas nou an maten an, li bèl.
Se yon plezi pou nou travay nan bèl klas nou an.



*Nou dekore klas nou an maten an, li bèl.*
*Se yon plezi pou nou travay nan bèl klas*
*nou an*

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 4 elèv pou vin ekri mo ki pou konplete fraz yo. | Ekri mo ki apwopriye pou konplete fraz yo. |
| 3 | Chwazi elèv ki pou li fraz yo. | Li fraz yo. |



Ekran 12



Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 14 :** Li epi resite yon pwezi senp apwopriye ak son ki etidye nan leson an. | 13/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br><br>Li pwezi a pou elèv yo ak yon entonasyon apwopriye. | Koute konsiy lan.<br><br>Koute pwofesè a k ap li pwezi a. |
| 2 | Mande plizyè elèv , sitou sa ki vle, pou resite pwezi a ak jès.<br><br>**M**ande lòt elèv yo pou aplodi epi bay chak elèv ki resite yon nòt pou make apresyasyon yo. | Resite pwezi a ak jès.<br><br>Aplodi epi bay nòt. |

12

13

Li epi resite pwezi a.

lapli tonbe!
tonbe lapli!
ala yon bèl lapli!
tout bèt kontan.
ala plante n ap plante demen
toulejou na reve lakansyèl

Félix M. Leroy



Ekran 13

# Leson 55

## Son [oun, ann, enn, onn]



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ki gen konbinezon son [oun], [ann], [enn] oswa [onn] ladan.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.



**Aktivite 3 :** Asosye fraz ki fòme ak mo ki gen son [oun], [ann], [enn] oswa [onn] ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 4 :** Asosye mo ki gen son [oun], [ann], [enn] oswa [onn] ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 5 :** Dekouvri konbinezon [oun], [ann], [enn] oswa [onn] nan mo yo konnen.



**Aktivite 6 :** Diskrimine konbinezon son [ann] ak [enn] nan mo yo konnen.

## M ap antrene



**Aktivite 7 :** Òtografye mo familye ki gen konbinezon [ann], [onn], [enn], [oun] ladan yo.



**Aktivite 8 :** Òtografye fraz ki gen konbinezon [ann], [enn], [onn], [oun] ladan yo.

## M ap ekri



**Aktivite 9 :** Repwodui yon ti tèks tou kout ki gen mo ki gen konbinezon [oun], [ann], [enn], [onn] sou TBI a, adwaz, kaye.

## Sa mwen ka fè




**Aktivite 10 :** Rezime aloral , ak mo pa yo ,yon istwa yo te li.

| Obsèv/ Koute/ Li | **Aktivite 1** : Li yon tèks senp ki gen konbinezon [oun], [ann], [enn] oswa [onn] ladan. | 1/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Li istwa a byen dousman pou elèv yo koute. | Tande konsiy lan.<br><br>Koute istwa a ak atansyon. |
| 2 | Envite kèk elèv li yon paragraf nan istwa a  awotvwa, youn apre lòt.<br><br>Mande lòt elèv yo pou yo koute oswa li nan kè yo | Li awotvwa oswa nan kè yo.<br><br>Koute lekti kanmarad yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Li istwa a nan kè nou, apresa li l byen fò.

Larenn pwason

1-Woy, woy, woy
M pral peche pwason
Woy, woy, woy!

Depi kèk mwa Konpè Lòmilis te santi l ap dekouraje: youn ou de ti sadin sèlman ak anpil limon mawon, vèt, jòn li te konn pran nan nas li.
"Papa Bondye, woy! lavi a rèd!"

2- Dlo a klere kòmsi l fann ti fil, ti fil dyaman. Lòmilis pouse kannòt li glise nan dlo a. Sèl zetwal yo ki la ap fè wout ansanm ak li. Pa gen yon ti bwi, floupfloup pwason volan sèlman.
Bajou kase, Lòmilis pako janm pran anyen. Kòd ti kannòt la nan men li, l ap fè yon ti kabicha.


2

3- Sanzatann, yon sèl vag lanmè soti kote l soti a prèske koule kannòt la, yon sèl kout loray pete silans la. Konpè Lòmilis leve voup! Sa l wè devan je l, yon fanm taza gwo pase labalèn, je l klere tou ble, l ap gade l, l ap souri ba li epi l ap chante:

Papa Milis tann mwen la
Mwen di Papa Milis tann mwen la
Se mwenmenm larenn pwason ki vin chache w
Papa Milis tann mwen la!

Ekran 1

| Mwen konprann | **Aktivite 2** : Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp. | 2/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 3 elèv pou ale sou tablo a.<br><br>Mande 3 lòt elèv pou yo li kesyon yo, youn apre lòt. Chak fwa youn nan elèv ki sou tablo a ap chwazi repons pou l antoure a. | Ale sou tablo a.<br><br>Antoure bon repons yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande kèk elèv pou dekri imaj yo ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 4 elèv pou vin sou tablo a, pou yo li yon fraz epi relye l ak imaj ki koresponn ak li a. | Li fraz ki sou tablo a epi relye yo chak fwa ak imaj ki koresponn nan. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10



Ekran 3



Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 4:** Asosye mo ki gen son [oun], [ann] …ak imaj ki koresponn ak yo. | 4/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l ale sou tablo a epi pou l glise chak mo anba imaj ki koresponn ak li a.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò epi korije si sa nesesè. | Chwazi epi asosye chak mo ki sou tablo a ak imaj li koresponn nan.<br><br>Valide/korije repons kanmarad yo. |






Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande kèk elèv , pou yo li, youn apre lòt, mo yo ki nan lis la. Fè yo peze sou son [ann], [enn], [onn] ak [oun] kote yo jwenn yo nan mo yo.<br><br>Mande 10 elèv pou yo vin ekri mo yo, youn apre lòt, nan kolòn ki koresponn pou sa. | Li mo yo ki nan lis la. Peze sou son [ann], [enn], [onn], ak [oun] kote yo jwenn yo nan mo yo.<br><br>Ekri mo yo sou tablo a nan kolòn ki koresponn pou sa. |
| 3 | Mande rès elèv yo korije epi valide travay ki fèt la. | Korije epi valide travay ki fèt la. |






Ekran 5




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 6:** Diskrimine konbinezon son [ann] ak [enn] nan mo elèv yo konnen. | 6/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Chwazi yon elèv, pou l vin drage imaj ki gen son « ann » oswa « enn » ladan yo mete nan rektang lan, sou tablo a.<br><br>Mande lòt elèv yo pou korije epi valide travay kanmarad yo fè a si gen bezwen pou sa.<br><br>**Remak. M**en mo yo: kabann, kodenn, lapen, zanmann, yanm. | Drage imaj ki gen son « ann » oswa « enn » ladan yo mete nan rektang lan , sou tablo a.<br><br>Korije epi valide travay kanmarad yo fè a si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 6




Ekran korije

M ap antrene | **Aktivite 7 :** Òtografye mo familye ki gen konbinezon [ann], [enn], … ladan yo. | 7/10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 10 elèv, youn apre lòt, pou vin klike sou yon wopalè epi pou yo ekri mo yo tande a sou liy lan.<br><br>Mande lòt elèv yo pou ekri mo yo sou adwaz yo. | Klike sou wopalè yo epi ekri mo yo tande a sou liy lan oswa sou adwaz yo. |
| 3 | Mande tout klas la pou valide bon òtograf mo yo. | Valide bon òtograf mo yo. |






Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8 :** Otografye fraz ki gen konbinezon [ann], [enn], [onn], [oun] ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè yo. |
| 2 | Mande 3 elèv, youn apre lòt, pou vin klike pou tande fraz yo epi ekri yo akote wopalè yo. | Tande fraz yo apresa ekri yo. |
| 3 | Mande tout klas la pou valide òtograf fraz yo. | Valide òtograf fraz yo. |



Ekran 8



Ekran korije

| M ap ekri | **Aktivite 9 :** Repwodui yon ti tèks ki gen mo ak konbinezon [ann], [enn] sou TBI a, adwaz, kaye. | 9/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi youn oswa kèk elèv pou vin sou tablo a pou rekopye ti tèks la ak lèt kisif. | Ekri ti tèks la sou tablo a, |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri ti tèks la.<br><br>**Remak**. Pa fè twòp egzijans pou majiskil kisif yo. | Ekri mo sou fèy, adwaz oswa kaye. |




Ekran 9




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10 :** Rezime aloral , ak mo pa yo ,yon istwa yo te li. | 10/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv pou rakonte pati istwa yo te li nan premye ekran an.<br><br>Si gen elèv ki vle ajoute detay enpòtan pou byen konstwi resi a, kite yo pran lapawòl, men veye pou tout moun pa tonbe pale ansanm. | Rakonte pati istwa a ki nan ekran 1 an ak mo pa yo.<br><br>Mande epi pran lapawòl kòmsadwa pou konplete resi a, rann li pi vivan. |

***Remak***. *Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 10

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 56

## **Kominikasyon oral**

## Ana al nan mache



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ m ap koute/ m'ap pale



**Aktivite 1 :** Koute epi li yon istwa san pwoblèm.

## M ap kominike



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon istwa rakonte.



**Aktivite 3 :** Rekonèt manje fanmi yo jwen nan mache.



**Aktivite 4 :** Site divès gou yon manje ka genyen (dous, sale, anmè, pike) apati kèk imaj.



**Aktivite 5 :** Rakonte yon istwa sou kijan jounen mache lakay li konn fèt.

## M ap obsève/ m ap koute/ m'ap pale



**Aktivite 6 :** Koute epi li yon istwa san pwoblèm.

## M ap kominike



**Aktivite 7 :** Reponn kèk kesyon sou yon istwa rakonte.



**Aktivite 8 :** Fè diferans ant de moun dapre rad ki sou moun sa yo.




**Aktivite 9 :** Fè diferans ant cho ak frèt.

## M ap aprann an jwèt




**Aktivite 10 :** Rekonèt kisa moun konn al fè nan mache.

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 1 :** Koute epi li yon istwa san pwoblèm. | 1/10 |
|---|---|---|

| Dire | Matẹryèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo li tèks la nan kè yo pandan yo pral koute istwa a.<br>Klike sou espikè a pou elèv yo koute istwa a.<br>Apre sa fè yo li tèks la byen fò ansanm.<br>Chak fwa, ede yo lè yo gen difikilte.<br>Si nesesè, touche mo yo pou elèv yo. | Li tèks la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

An nou koute premye pati istwa Ana a.

Jodia se samdi, se jou mache. Manman Ana leve Ana byen bonè pou yo ale nan mache a. Ana kontan anpil paske se premye fwa li prale nan mache.

Lè yo rive nan mache a, manman Ana kòmanse ap fè pri ak kèk machann li konn abitye achte nan men yo. Li achte yon chachè, li bay Ana kenbe, pou li ka mete pwovizyon yo.

Aprè yon bon moman nan mache a, chachè a te gentan preske plen nan men Ana. Yo te oblije achte yon lòt chachè, men fwa sa a se nan men manman Ana li rete.

Nan chachè Ana a te genyen yon ti bwat sèl fen, kèk bèl sitwon ak zoranj si, pwawo, lay ak piman, vinèg epi ten ak pèsi. Nan pa manman an te genyen yon ti mamit sik, kèk fwi tankou mango, anana, zabriko, tomat epi zoranj dous.



Ekran 1

**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon istwa rakonte.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Knan kas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an. Bay elèv yo tan pou yo reflechi.<br><br>Envite elèv ki gen repons lan leve men yo epi chwazi youn pou reponn kesyon an.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la bay la.<br><br>Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv jistan yo jwenn bon repons lan. | Reflechi.<br><br>Reponn kesyon yo. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo.<br><br>Si nesesè, retounen nan paj istwa a pou pèmèt elèv yo jwenn repons yo pi rapid. | |

An nou reponn kesyon sa yo.

- Ki kote istwa Ana a pase?
- Lè moun ale nan mache kisa yo al fè?
- Nan peyi nou, ki jou pi fò moun ale nan mache? Poukisa?
- Kilè ki pi bon pou moun ale nan mache? Poukisa?

Ekran 2

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3 :** Rekonèt manje fanmi yo jwen nan mache. | 3/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo idantifye pwovizyon yo ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan.<br><br>Bay elèv yo yon ti tan pou yo reflechi. | Koute konsiy lan.<br>Idantifye pwovizyon. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo epi chwazi youn pou vin fè premye lo a.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak pwovizyon elèv la antoure yo.<br><br>Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv jistan yo jwenn bon repons lan. | Resite bout istwa a epi fè bon jès. |
| 4 | Si nesesè, retounen nan paj istwa a pou pèmèt elèv yo jwenn repons yo pi rapid. | |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 3




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 4 :** Site divès gou yon manje ka genyen (dous, sale, anmè, pike) apati kèk imaj. | 4/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI | Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo site non pwovizyon yo ki sou tablo a.<br><br>Mande elèv yo si yo konn manje manje sa yo deja. Fè yo esplike ki gou yo genyen lè yo manje yo. Kijan yo konn santi bouch yo ye lè bagay la dous, sale, anmè oswa pike. | Bay esplikasyon. |
| 3 | Esplike elèv yo manje yo ap manje yo gen divès kalite gou epi site gou yo.<br><br>Sikre oswa dous, sale, anmè oswa si epi pike.<br><br>**Remak:** Pa bay elèv yo repons yo, kite yo reflechi poukont yo oswa poze yo kesyon jistan yo jwenn repons yo. | Koute esplikasyon. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 4

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5 :** Rakonte yon istwa sou kijan jounen mache lakay li konn fèt. | 5/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo yo pral pale sou kijan mache lakay yo konn fèt.<br><br>Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin devan klas la epi pou l rakonte istwa sou jounen mache lakay li. | Rakonte istwa. |
| 3 | Poze elèv la kesyon tankou:<br><br>Eske li konn al nan mache? Eske se poukont li oswa ak moun lakay li? Lè li al nan mache kisa li konn achte? Mande l idantifye sou tablo a kalite pwovizyon li konn achte.<br><br>Si elèv la pa konn al nan mache, fè l idantifye pami pwovizyon ki sou tablo sila moun lakay li konn achte. Li kapab site pwovizyon ki pa sou tablo a tou.<br><br>**Remak**: Pa gen ni bon ni move repons. | Reponn kesyon. |




Ekran 5

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo li tèks la nan kè yo pandan yo pral koute rès istwa a.<br><br>Klike sou espikè a pou elèv yo koute rès istwa a.<br><br>Apre sa fè yo li tèks la byen fò ansanm.<br><br>Chak fwa, ede yo lè yo gen difikilte.<br><br>Si nesesè, touche mo yo pou elèv yo. | Li tèks la. |




Ekran 6

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an. Bay elèv yo tan pou yo reflechi.<br><br>Envite elèv ki gen repons lan leve men yo epi chwazi youn pou reponn kesyon an.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la bay la.<br><br>Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv jistan yo jwenn bon repons lan. | Reflechi.<br><br>Reponn kesyon yo. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo.<br><br>Si nesesè, retounen nan paj istwa a pou pèmèt elèv yo jwenn repons yo pi rapid. | |

An nou reponn kesyon sa yo.

- Ki tit nou ta kapab bay istwa Ana a?
- Kisa ki fè Ana pat ka kenbe ti ji li a?
- Kijan chachè Ana a fè chire?
- Kisa ki fè yo pa pèdi tout pwovizyon yo?
- Ki konsèy mesye a te ba yo? Dapre nou, poukisa?

Ekran 7

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 8 :** Fè diferans ant de moun dapre rad ki sou moun sa yo. | 8/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Bay elèv yo tan pou yo byen gade imaj yo.<br><br>Envite elèv ki gen yon repons pou leve men yo. Chwazi yon elèv pou li di ki diferans li fè ant de moun sa yo.<br><br>Esplike elèv yo pou yo fè diferans rad la ki sou moun yo.<br>Lè elèv la bay yon diferans, mande l pou l esplike repons li bay la. | Reflechi.<br>Reponn. |
| 3 | Fè elèv yo rive konprann moun yo mete rad ki diferans se paske gen kote ki fè frèt moun nan oblije mete rad manch long epi gen kote ki fè cho moun yo kapab mete rad manch kout.<br><br>**Remak:** Poze kesyon jistan elèv yo fè remak sa yo poukont yo. | |




Ekran 8

Sa mwen ka fè

**Aktivite 9 :** Fè diferans ant cho ak frèt.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan kas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di kisa yo konnen lè yo di yon bagay cho oswa yon bagay frèt. Fè yo esplike kilè yon bagay cho oswa kilè yon bagay frèt epi fè di Kisa kap pase lè yo boule nan dife. | Reflechi.<br>Reponn kesyon yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin bay kèk egzanp bagay ki cho epi kèk egzanp bagay ki frèt.<br><br>**Remak:** Sèvi ak mo frèt, glase oswa fre. | Bay egzanp. |






Ekran 9

| Sa mwen ka fè | Aktivite 10 : Rekonèt kisa moun konn al fè nan mache. | 10/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Prepare klas la tankou yon mache. Mete plizyè pwovizyon sou yon tab. | Prepare. |
| 2 | Esplike elèv yo yo pral fè yon jwèt komsi se nan yon mache yon te ye. Y ap vin achte nan mache.<br><br>Chwazi kèk elèv ki pou jwe wòl machann epi kèk ki pou vin achte nan men machann yo.<br><br>**Remak**: **:** Fè ti pale ak elèv yo sou koze lajan an. | Jwe wòl. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 57

## Son [a, an]



Sa mwen ka fè

Revizyon > leson 2: [a, an]

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Obsève/koute/li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks san pwoblèm.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks aprè lekti.



**Aktivite 3 :** Regwoupe mo ki fè pati yon menm tèm ansanm.



**Aktivite 4 :** Ranplase yon gwoup mo pou mete yon mo ki gen menm sans lan.

## M ap ekri



**Aktivite 5 :** Ekri lèt ki koresponn ak yon son dapre pozisyon l nan yon mo (kòmansman).



**Aktivite 6 :** Ekri lèt ki koresponn ak yon son dapre pozisyon l nan yon mo (finisman).



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt ki manke nan yon mo.



**Aktivite 8 :** Idantifye son [a] ak [an] nan non imaj epi ekri yo.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 9 :** Li kèk mo ak kèk fraz byen rapid.

## M ap antrene



**Aktivite 10 :** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



**Aktivite 11:** Ekri kèk fraz senp san fòt.



**Aktivite 12:** Ekri lèt daprè yon modèl.



**Aktivite 13:** Ekri mo dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 14:** Sèvi ak kèk siy ponktiyasyon.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI+ Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la pou elèv yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo li tèks la nan kè yo. Apre sa fè yo li tèks la byen fò ansanm. Chak fwa, ede yo lè yo gen difikilte.<br><br>Si nesesè, touche mo yo pou elèv yo. | Li tèks la. |
| 3 | Klike sou ti flèch jòn abriko a pou elèv yo ka gade video a. | Gade video a. |
| 4 | Apre yo fin gade video a, poze yo kèk kesyon tankou:<br>-Ki bèt ki nan video a? **Repons:** se yon tòti.<br>-Kisa l'ap fè? **Repons:** L'ap naje.<br><br>Mande elèv yo fè menm jan ak bèt la. | Reponn kesyon yo.<br><br>Fè menm ak tòti a. |

Li tèks la.

Bèt nan dlo

Menm jan pou moun, dlo enpotan anpil nan lavi bèt. Gen anpil bèt ki viv nan dlo sèlman. Konsa tou, gen bèt ki viv ni nan dlo ni sou tè.

Men, kijan yo fè pou yo pa neye?

Pou yo viv nan dlo, yo gen branchi ki pèmèt yo respire byen. Pou yo deplase menm, yo gen najwa oswa pye palme ki pèmèt yo naje, ale tout kote yo vle nan dlo a.

Kategori bèt sa yo ki viv nan dlo a, yo rele yo bèt akwatik.



Ekran 3

**Aktivite 2** : Reponn kèk kesyon sou yon tèks aprè lekti.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an ak repons yo pou elèv yo.<br><br>Envite elèv ki konn repons lan leve men yo epi chwazi youn pou vin tcheke bon repons lan.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la tcheke a.  Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv pou reponn.<br><br>Si nesesè, retounen sou ekran anvan an pou yo ka reli tèks la epi jwenn repons lan. | Reponn kesyon yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo. | |






Ekran 2




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3** : Regwoupe mo ki fè pati yon menm tèm ansanm. | 3/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo li mo yo.<br><br>Chak fwa, touche mo pou elèv yo li a. | Li mo yo. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin ekri non yon bèt nan bon kategori a.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br><br>Lè repons lan bon bare mo a nan lis la. | Ekri bon repons lan.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Fè elèv yo remake gen bèt ki ka viv ni nan dlo ni sou tè. | |




Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4** : Ranplase yon gwoup mo pou mete yon mo ki gen menm sans lan.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li fraz yo ak mo yo ansanm ak elèv yo. | Li fraz yo ak mo yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin ranplase mo ki soulye yo nan fraz yo ak yon sèl mo ki nan lis la.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv la di a. | Ranplase gwoup mo ki souliye yo.<br><br>Di si yo dakò. |
| 4 | Chak fwa bare mo elèv yo gentan fin sèvi yo.<br>**Repons yo:**<br>1-kamyon<br>2-òdinatè<br>3-akwatik<br>4-sandal | |

Chwazi mo nan lis la pou ranplase pati ki souliye a nan fraz yo.

1- Yon gwo gwo machin ka pote anpil bagay.

2- Jan ap gade fim sou aparèy yo konn tape a.

3- Krapo se yon bèt ki viv nan dlo.

4- Ana blese paske l pa renmen mete bagay nan pye l.

kamyon
sandal
òdinatè
akwatik

Ekran 4

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5** : Ekri lèt ki koresponn ak yon son dapre pozisyon l nan yon mo (kòmansman). |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Fè yo konnen si yo tande son [a] oswa son [an] nan kòmansman yon mo pou yo ekri lèt ki koresponn ak son an.<br><br>Klike sou chak espikè pou fè yo tande son yo. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande son ki sou chak espikè |
| 3 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin ekri lèt ki koresponn ak chak son. | Ekri lèt ki koresponn ak chak son. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6** : Ekri lèt ki koresponn ak yon son dapre pozisyon l nan yon mo (finisman). | 6/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Fè yo konnen si yo tande son [a] oswa son [an] nan finisman yon mo pou yo ekri lèt ki koresponn ak son an.<br><br>Klike sou chak espikè pou fè yo tande son yo. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande son ki sou chak espikè. |
| 3 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin ekri lèt ki koresponn ak chak son. | Ekri lèt ki koresponn ak chak son. |






Ekran 6




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Idantifye lèt ki manke nan yon mo. | 7/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo gade imaj yo ki sou tablo a. | Tande konsiy lan epi gade imaj yo |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di non tout imaj ki sou tablo a.<br><br>Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin ekri lèt ki manke nan mo yo.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Di non imaj yo.<br><br>Ekri lèt ki manke yo.<br><br>Di si yo dakò. |






Ekran 7




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 8** : Idantifye son [a] ak [an] nan non imaj epi ekri yo. | 8/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou yo vin ekri bon lèt la sou kote imaj la.<br>Esplike elèv yo gen imaj ki gen tou de son yo ladan l.<br><br>Fè menm jan pou lòt imaj yo. | Ekri lèt yo. |






Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ak fraz yo pandan w ap touche yo epi byen pwononse yo pou elèv yo byen tande. | Koute lekti a. |
| 3 | Chwazi yon elèv pou vin li byen vit epi byen pwononse pou tout rès elèv yo tande tou.<br>Si li gen difikilte nan yon mo, mande rès klas la pou ede li. | Li byen vit.<br>Ede. |
| 4 | Refè etap 3 a ak plizyè lòt elèv. | |

Li vit. Byen pwononse.

Anita Antwanèt Magali Chantal Kala

zandolit kana krapo elefan pentad

grenadya chanmchanm echalòt malanga

Kanperen Grangwav Kanada Nazon Akayè

Pate a gen bon aransò ladan l.

Bèt ki gen ke pa janbe dife.

Grann Ana komanse granmoun.

Ana pa gen dan devan paske l nan laj chanje dan.

Ekran 9

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10 :** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj. | 10/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la.<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Mande kèk elèv vin sou tablo a pou vin ekri non ki koresponn ak chak imaj. | Ekri non ki koresponn ak chak imaj. |
| 5 | Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a ekri a. | Di si nou dakò. |



Ekran 10



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou elèv yo kapab tande fraz la.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou ekri fraz li sot tande a. Ensiste sou lèt majiskil nan kòmansman fraz la ak pwen nan finisman fraz la. Si nesesè, fè yo koute fraz la plizyè fwa. | Koute fraz la.<br><br>Ekri fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri fraz la. |
| 4 | Refè etap 2 ak 3 pou lòt fraz la. | |






Ekran 11




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri lèt daprè yon modèl. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li lèt yo ansanm ak elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou rekopye lèt yo. | Li lèt yo.<br><br>Rekopye lèt yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri lèt yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Rekopye lèt yo. |






Ekran 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ansanm ak elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou rekopye mo yo. | Li lèt yo.<br><br>Rekopye mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Rekopye mo yo. |






Ekran 13

| Sa mwen ka fè | Aktivite 14 : Sèvi ak kèk siy ponktiyasyon. | 14/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la.<br><br>Li chak fraz. Lè se yon kesyon, li l tankou se yon kesyon ou tap poze. Lè se yon fraz afimativ fè menm jan. | Koute esplikasyon mèt la. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin mete swa pwen entèwogasyon oubyen yon pwen nan finisman chak fraz. | Mete pwen entèwogasyon oswa pwen nan finisman chak fraz. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò | Di si nou dakò. |

12 13 14

Mete pwen (.) oswa pwen entèwogasyon (?) nan tèks sa a.

Kay tonton Andre gen anpil zannimo Tout timoun yo renmen jwe nan mitan bèt sa yo Gen yon gwo chen ki renmen lè timoun yo ap pase men sou tèt li Eske nou konnen kijan chen sa a rele Li rele Medò

*sous: Rene ak Rita 2*

Ekran 14

Mete pwen (.) oswa pwen entèwogasyon (?) nan tèks sa a.

Kay tonton Andre gen anpil zannimo. Tout timoun yo renmen jwe nan mitan bèt sa yo. Gen yon gwo chen ki renmen lè timoun yo ap pase men sou tèt li. Eske nou konnen kijan chen sa a rele? Li rele Medò.

*sous: Rene ak Rita 2*

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | | | | |

# Leson 58

## Revizyon [e, è, en] (1)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ak ekspresivite.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.

## M ap antrene



**Aktivite 3 :** Diskrimine son [e] ak [è] nan non yon seri imaj.



**Aktivite 4 :** Dekouvri mo familye ki gen son [e] ak [è] apati yon seri imaj.



**Aktivite 5:** Li epi ekri mo elèv yo konnen ki gen son [e], [è], [en].



**Aktivite 6 :** Konstwi fraz apati mo an dezòd ki gen son [e], [è], [en].



**Aktivite 7 :** Konplete yon seri fraz ak mo ki gen son [e], [è], [en].

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 8 :** Pran dikte yon seri fraz pou entegre korespondans grafèm/fonèm [e] ak [è], [en].



**Aktivite 9:** Fè jwèt mo maske ak yon seri mo ki gen son ak lèt [e], [è], [en].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike etap aktivite a.<br><br>Li tout tèks la pou elèv yo | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande lekti tèks la. |
| 2 | Mande elèv yo  pou yo li tèks la nan kè yo. | Li tèks la nan kè yo. |
| 3 | Mande youn ou 2 elèv pou yo li tèks la awotvwa pandan lòt yo ap koute. Pwofite korije pwononsyasyon ak entonasyon elèv yo. | Li tèks la awotvwa ak bon jan pwononsyasyon epi entonasyon. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Li ansanm ak pwofesè nou.

**Jislèn gen yon doulè**

Depi twa jou Jislèn pa janm sispann rele: li gen yon gwo doulè nan pye l. L ap soufri anpil. Malgre lè mwa jen rive, tout jèn ap distrè yo, Jislèn pa ka itil kò li anyen, li tankou yon tibebe, se moun ki fè tout bagay pou li. Maryèl ki se madanm Estivèn di se yon venn li ki anfle, li fè yon antòch; fòk yo rale pye l. Se pa de soufri timoun nan ap soufri! Menm marèl li pa ka jwe ankò.

Ala move bagay se antòch!



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Tande konsiy lan  ak kesyon yo. |
| 2 | Li kesyon yo, youn pa youn. Chak fwa, mande yon  elèv pou l reponn aloral epi  lòt yo pou apwouve oswa korije. | Reponn kesyon yo sou tablo nimerik la. |



Reponn kesyon sou istwa a.

1. Kisa ki fè Jislèn ap soufri?
2. Depi kilè Jislèn ap soufri?
3. Kijan pwoblèm li an rele?
4. Kisa ki ba li antòch la?

Ekran  2

*Repons n ap tann:*

1- Li gen yon gwo doulè nan pye l, li fè yon antòch.

2- Depi 2 semèn.

3- Antòch.

4- Li gen yon venn ki foule.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv, youn pa youn, pou yo di non chak imaj ou touche sou tablo a. Mande lòt elèv yo pou yo repete bon repons yo oswa korije move repons yo.<br><br>**Men mo yo**: ***bebe, vètè, pye, chèz, flè, cheval (oswa chwal), kaye, linèt.*** | Di non chak imaj ki sou tablo a. Repete bon repons yo oswa korije move repons yo. |
| 3 | Mande yon elèv pou l vin mete yon kwa sou imaj ki gen son [e] nan non yo, mande yon lòt elèv pou l sèke imaj ki gen son [è] nan non yo.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. |




Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4:** Dekouvri mo familye ki gen son [e] ak [è] apati yon seri imaj.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo klike sou imaj la. Fè klas la repete mo yo tande a. Mande yon elèv nan klas la pou l di ki son li tande nan mo a: [e] oswa [è].<br><br>Mande elèv ki sou tablo a pou l ekri mo a. | Tande epi ekri  mo familye ki  gen ki gen son [e] oswa [è] apati imaj. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo valide òtograf mo a. | Valide òtograf mo familye ki gen son [e] oswa [è] |

1 2 3 4 5 6 7 8 9




Ekran 4




Ekran korije

**Aktivite 5:** Li epi ekri mo elèv yo konnen ki gen son [e], [è], [en].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt; chak elèv ap li yon mo, l ap di ki son li tande ladan: [e], [è] oswa [en] , epi l ap ekri mo a sou liy ki akote l la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. | Li epi ekri mo ki gen son [e], [è] oswa [en] ladan yo. Di kilès nan son sa yo ki repete nan chak mo yo li.<br><br>Fè kòmantè sou travay kanmarad yo, korije, valide. |






Ekran 5




Ekran korije

Sa mwen ka fè

**Aktivite 6 :** Konstwi fraz apati mo an dezòd ki gen son [e], [è], [en].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 4 elèv pou yo ale sou tablo a, youn apre lòt.<br><br>Mande yon elèv chak fwa, nan rès elèv yo, pou l li yon fraz andezòd.<br><br>Mande elèv ki sou tablo a pou l ekri fraz la nan lòd.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. | Ale sou tablo a, li fraz yo an dezòd, apresa ekri yo nan lòd.<br><br>Di si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Mete mo yo nan lòd pou nou fè fraz.

1. Jislèn paske li fè antòch pa ka jwe marèl.

_______________________________

2. paske l ap soufri anpil Jislèn ak jèn parèy li pa ka jwe.

_______________________________

3. se yon venn li ki anfle fòk yo rale pye l pou li Madan Estivèn di.

_______________________________

4. gen pwoblèm Jislèn depi twa jou.

_______________________________

Ekran 6

Mete mo yo nan lòd pou nou fè fraz.

1. Jislèn paske li fè antòch pa ka jwe marèl.

*Jislèn pa ka jwe marèl paske li fè antòch*

2. paske l ap soufri anpil Jislèn ak jèn parèy li pa ka jwe.

*Jislèn pa ka jwe ak jèn parèy li paske l ap soufri anpil.*

3. se yon venn li ki anfle fòk yo rale pye l pou li Madan Estivèn di.

*Madan Estivèn di se yon venn li ki anfle, fòk yo rale pye l pou li.*

4. gen pwoblèm Jislèn depi twa jou.

*Jislèn gen pwoblèm depi twa jou.*

Ekran korije

Sa mwen ka fè

**Aktivite 7 :** Konplete yon seri fraz ak mo ki gen son [e], [è], [en].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l li lis mo ki vini apre konsiy lan, Mande 6 elèv pou yo ale sou tablo a, youn apre lòt, pou yo konplete fraz yo ak youn nan mo yo chwazi nan lis la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. | Li mo yo. Konplete fraz yo ak mo yo chwazi nan lis la.<br><br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè. |



Konplete fraz yo ak youn nan mo sa yo.

douzèn pye pyès kouzen ayisyen Etyèn mekanisyen

1. Machann nan pote yon ____________ chemizèt pou ___________.
2. Jislèn mande pou yo rale _________ l pou li.
3. Patrik al wè yon ___________ l ki rete Laplenn.
4. Chofè a bezwen yon ______________ tousuit pou l leve pàn machin nan.
5. Kay marenn mwen an gen kat _________: yon salon, yon salamanje, yon kuizin ak yon twalèt.
6. Pèp k ap viv Ayiti se ___________.

Ekran 7

Konplete fraz yo ak youn nan mo sa yo.

douzèn pye pyès kouzen ayisyen Etyèn mekanisyen

1. Machann nan pote yon *douzèn* chemizèt pou *Etyèn*.
2. Jislèn mande pou yo rale *pye* l pou li.
3. Patrik al wè yon *kouzen* l ki rete Laplenn.
4. Chofè a bezwen yon *mekanisyen* tousuit pou l leve pàn machin nan.
5. Kay marenn mwen an gen kat *pyès*: yon salon, yon salamanje, yon kuizin ak yon twalèt.
6. Pèp k ap viv Ayiti se *ayisyen*.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 8:** Pran dikte yon seri fraz pou entegre korespondans grafèm/fonèm [e], [è] ak [en]. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande 4 elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande a nan chak wopalè. | Koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande nan wopalè yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 8




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 9:** Fè jwèt mo maske ak yon seri mo ki gen son ak lèt [e], [è], [en]. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vini sou tablo a youn apre lòt pou fè aktivite a : se chèche mo ki nan 2 kolòn yo sou kadriyaj la , swa nan sans vètikal, swa nan sans orizontal, epi antoure yo.<br><br>Depi yon elèv fin jwenn 2 ou 3 mo, pwofesè a ka fè l pase bay yon lòt elèv. | Chèche mo ki nan 2 kolòn yo sou kadriyaj la , swa nan sans vètikal, swa nan sans orizontal, epi antoure yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo verifye kamarad yo ki sou tablo a antoure yon mo tout bon vre. | Di si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. |






Ekran 9




Ekran korije

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| | | | | |

# Leson 59

## Revizyon [e, è, en] (2)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ak ekspresivite.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.

## M ap antrene



**Aktivite 3 :** Diskrimine son [e] ak [è] nan non yon seri imaj.



**Aktivite 4 :** Dekouvri mo familye ki gen son [e] ak [è] apati yon seri imaj.



**Aktivite 5:** Li epi ekri mo familye ki gen son [e], [è], [en].



**Aktivite 6 :** Jwenn lòd yon istwa apati fraz an dezòd ki gen son [e], [è], [en].



**Aktivite 7 :** Konplete yon seri fraz ak mo ki gen son [e], [è], [en].

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 8 :** Pran dikte yon seri fraz pou entegre korespondans grafèm/fonèm [e] ak [è], [en].



**Aktivite 9:** Fè jwèt mo maske ak yon seri mo ki gen son ak lèt [e], [è], [en].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike etap aktivite a.<br><br>Li tout tèks la pou elèv yo | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande lekti tèks la. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li tèks la nan kè yo. | Li tèks la nan kè yo. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv pou yo li tèks la awotvwa pandan lòt yo ap koute. Pwofite korije pwononsyasyon ak entonasyon elèv yo. | Li tèks la awotvwa ak bon jan pwononsyasyon epi entonasyon. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9

Li ansanm ak pwofesè nou.

**Lasirèn, Labalèn,...**

Michlè, Keke ak Joslen se te twa bon zanmi. Yo t ap prale Lagonav pou y al wè Mesye Maksèn, yon ansyen pwofesè yo, lè yo te nan premyè ane fondamantal. Y ap sòti Pòtoprens nan yon bato k ap chire lanmè a ak tout vitès. Yon van ap bat sou figi yo byen fò, yon bèl solèy ap chofe yo. Briz lanmè a fè kè yo kontan. Sanzatann, chapo Keke vòltije, l al tonbe nan lanmè a. Se pa ti kontrarye Keke kontrarye. San pèdi tan, Michlè di misye l ap montre l chante yon ti chante, pou Lasirèn ka pote chapo a pou li. Menm kote a, li mande Keke pou l chante avè l :

*"Lasirèn, Labalèn, chapo m tonbe nan lanmè!*
*Lasirèn, Labalèn, chapo m tonbe nan lanmè!"*

Epi, se konsa, Lasirèn sòti anba dlo a epi li remèt Keke chapo a. Se pa ti kontan Keke te kontan: malgre Lasirèn replonje anba lanmè a tousuit, misye kontinye ap di li mèsi jistan li menm ak lòt zanmi yo rive Lagonav.



Ekran 1

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp. | 2/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak kesyon yo. |
| 2 | Li kesyon yo, youn pa youn. Chak fwa, mande yon elèv pou l reponn aloral epi lòt yo pou apwouve oswa korije.<br><br>Alafen,valide tout bon repons yo. | Reponn kesyon yo ki sou tablo nimerik la. |

Reponn kesyon sou istwa a.

1. Ki kote Michlè, Keke ak Joslen t ap prale?
2. **Kisa yo t ap pral fè ?**
3. Kisa ki te rive Keke ?
4. Dapre Michlè, kijan li te ka fè pou l jwenn chapo a ?
5. Kilès ki te pote chapo a ba li ?

Ekran 2

## Repons n ap tann:

1- Lagonav.

2- Yo ta pral wè Mesye Maksèn, yon ansyen pwofesè yo.

3- Chapo Keke t al tonbe nan lanmè a.

4- Se pou l chante yon ti chante pou Lasirèn.

5- Lasirèn.

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv, youn pa youn, pou yo di non chak imaj ou touche sou tablo a. Mande lòt elèv yo pou yo repete bon repons yo oswa korije move repons yo.<br><br>**Men mo yo**: ***lasirèn, solèy, sentiwon, chemiz, melon, men, elefan, pen.*** | Di non chak imaj ki sou tablo a. Repete bon repons yo oswa korije move repons yo. |
| 3 | Mande yon elèv pou l vin relye imaj yo ak grafi youn nan son sa yo: [e], [è], [en], selon son yo tande nan non imaj yo.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. |




Ekran 3




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 4:** Dekouvri mo yo konnen ki gen son [e], [è], [en] apati yon seri imaj. | | |
|---|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo klike sou imaj la. Fè klas la repete mo yo tande a.<br><br>Mande yon elèv nan klas la pou l di ki son li tande nan mo a: [e] oswa [è].<br><br>Mande elèv ki sou tablo a pou l ekri mo a. | Tande epi ekri mo familye ki gen ki gen son [e] oswa [è] apati imaj. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo valide òtograf mo a. | Valide òtograf mo yo konnen ki gen son [e] oswa [è] |





Ekran 4



Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5 :** Li epi ekri mo elèv yo konnen ki gen son [e], [è], [en]. | 5/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt; chak elèv ap li yon mo, l ap di ki son li tande ladan: [e], [è] oswa [en] , epi l ap ekri mo a sou liy ki akote l la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. | Li epi ekri mo ki gen son [e], [è] oswa [en] ladan yo. Di kilès nan son sa yo ki repete nan chak mo yo li.<br><br>Fè kòmantè sou travay kamarad yo, korije, valide. |




Ekran 5




Ekran korije

**Aktivite 6:** Jwenn lòd yon istwa apati fraz an dezòd ki gen son [e], [è], [en].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li 4 fraz yo. Mande kèk elèv, youn apre lòt, pou yo pwopoze nan ki lòd pou fraz yo ale, dapre dewoulman istwa a.<br><br>Lè w fin jwenn epi valide bon lòd la, mande yon elèv ale sou tablo a pou l fè deplasman yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo li fraz yo nan bon lòd la. | Li fraz yo an dezòd, apresa mete yo nan lòd dewoulman istwa a.<br><br>Li fraz yo nan bon lòd la. |






Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7 :** Konplete yon seri fraz ak mo ki gen son [e], [è], [en].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l li lis mo ki vini apre konsiy lan, Mande 5 elèv pou yo ale sou tablo a, youn apre lòt, pou yo konplete fraz yo ak youn nan mo yo chwazi nan lis la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. | Li mo yo. Konplete fraz yo ak mo yo chwazi nan lis la.<br><br>Di si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. |

Konplete fraz yo ak youn nan mo sa yo.

vèvenn parenn lave lanmè marenn pwofesè

1. Elèv yo di yo renmen___________ men yo anvan yo manje.
2. Grann mwen bouyi te __________ pou Maryàn ki fè sezisman.
3. Jan di Patrik li poko janm wè Lasirèn nan __________ a.
4. _________ a bay klas la fè yon devwa enteresan.
5. Yon moun ki batize m se __________ mwen si li se yon gason.

Ekran 7

Konplete fraz yo ak youn nan mo sa yo.

vèvenn parenn lave lanmè marenn pwofesè

1. Elèv yo di yo renmen lave men yo anvan yo manje.
2. Grann mwen bouyi te vèvenn pou Maryàn ki fè sezisman.
3. Jan di Patrik li poko janm wè Lasirèn nan lanmè a.
4. pwofesè a bay klas la fè yon devwa enteresan.
5. Yon moun ki batize m se parenn mwen si li se yon gason.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 8:** Pran dikte kàk fraz pou entegre korespondans grafèm/fonèm [e], [è] ak [en]. | 8/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande 4 elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande a nan chak wopalè. | Koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande nan wopalè yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9:** Fè jwèt fòme mo ak yon seri lèt.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vini sou tablo a youn apre lòt pou fè aktivite a : se eseye jwenn ki mo yo ka fòme ak seri lèt ki nan kadriyaj la.<br><br>Depi yon elèv pako ka jwenn yon mo nan yon ti tan tankou yon minit, pwofesè a ka fè l pase bay yon lòt elèv. | Chèche fòme mo ak lèt ki nan kadriyaj la. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo verifye kamarad yo ki sou tablo a jwenn yon mo ki fòme ak lèt ki nan kadriyaj yo tout bon vre. | Di si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. |




Ekran 9




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | | | | |

# Leson 60

## **Kominikasyon oral**

Aprann chante pou peyi nou



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Mizantren




**Aktivite 1** : Aprann yon chante sou peyi nou.

## Dekouvèt



**Aktivite 2** : Aprann kèk pawòl nan chante a**.**

## Fiksasyon



**Aktivite 3** : Konplete fraz yo ak pawòl ki nan chante a.



**Aktivite 4 :** Idantifye pasay nou sonje nan chante a.



**Aktivite 5 :** Idantifye mesay ki bay nan chante a.

## Evalysyon



**Aktivite 6 :** Pale sou anviwònman nou.




**Aktivite 7 :** Chante, kadanse epi fè jès ki mache ak chante a.

**Aktivite 1** : Aprann yon chante sou peyi nou.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj la sou ti flèch la pou w fè timoun yo koute chante a.<br><br>Mande timoun yo kadanse pandan yo ap koute chante a. | Tout timoun ap koute chante a.<br><br>Yo ap kadanse pandan yo ap koute chante a. |

**Remak:** Timoun yo ka koute chante jiska 3 fwa pou yo byen konprann li.




Ecran 1

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 2** : Aprann kèk pawòl nan chante a**.** | | | 2/ 7 |
|---|---|---|---|---|
| **Dire** | **Materyèl** | **Ki kote** | **Kalite aktivite** | **Kantite ekran** |
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1/6 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Li pawòl yo fraz apre fraz.<br><br>Mande elèv repete pawòl ki nan chante a apre ou.<br><br>Pwofesè a ka mande 4 elèv pase sou tablo a youn apre lòt, pou repete pawòl yo. | Elèv ki deziye a ap repete pawòl ki nan chante a apre pwofesè a. |

1 2 3 4 5 6 7

An nou aprann pawòl ki nan chante sa a.

Koute teks la epi esplike kèk pasaj nan teks la.



Ekran 2

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3** : Konplete fraz yo ak pawòl ki nan chante a. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Pèsonèl | 2/6 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Elèv yo ap di ki sa yo wè sou tablo a epi yo ap koute konsiy lan. |
| 2 | Li konsiy lan.<br><br>Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin ajoute mo ki manke nan fraz yo dapre chante a. | Elèv ki deziye a ap vin sou tablo a pou ajoute mo ki manke nan fraz yo dapre chante a. |

Konplete fraz sa yo dapre pawòl ki nan chante a.

Peyi mwen gen anpil .............
Dèye mòn toujou gen ...............



Se dèyè mòn listw a peyi m ..............
Se dèyè mòn ki gen anpil ...............

Si peyizan pa plante anba lavil p ap jwenn ..........

Nan pwen anyen pou fè m bliye .............
nan pwen anyen pou fè m .......... ti peyi mwen.

Peyi mwen gen anpil mòn men mòn yo preske fin ..........
Pou mòn ka vin pi bèl fò n toujou plante .............

Ekran 3

Konplete fraz sa yo dapre pawòl ki nan chante a.

Peyi mwen gen anpil .....mòn.....
Dèye mòn toujou gen .....mòn....



Se dèyè mòn listw a peyi m ....kache......
Se dèyè mòn ki gen anpil .....save.......

Si peyizan pa plante anba lavil p ap jwenn ....manje......

Nan pwen anyen pou fè m bliye ....ti peyi mwen.........
nan pwen anyen pou fè m ....kite...... ti peyi mwen.

Peyi mwen gen anpil mòn men mòn yo preske fin ....chòv......
Pou mòn ka vin pi bèl, fò n toujou plante .....pye bwa.......

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 3/6 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la.<br><br>Tande byen sa chante ap dekri. |
| 2 | Envite kèk elèv vin reponn kesyon ki sou tablo a dapre pawòl ki nan chante a. | Elèv ki deziye a ap reponn kesyon ki sou tablo a dapre pawòl ki nan chante a.<br><br>Chak elèv ap di pou kisa li renmen peyi li. |
| 3 | **Repons:** Chante a ap pale sou Ayiti / Ti zwazi, pye bwa, sous dlo, mòn, jaden… / Peyizan nou yo fè agrikilti, yo bay moun lavil manje / Timoun yo renmen peyi yo / Nou wè sa lè yo di « nan pwen anyen pou fè m bliye ti peyi mwen » / Nou menm nou renmen peyi nou… se peyi pa nou, se la nou fet, li gen bon klima ak tanperati, li gen rivyè ak solèy> | |




Ekran 4

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 4/6 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la epi koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou bay kèk mesay yo ka tire nan chante a. | Elèv ki deziye a ap vini sou tablo a pou bay mesaj yo chak tire nan chante a. |
| 3 | **Remak**: Pale, koute, ankouraje timoun yo jwenn mesaj yo. | Elèv ki vle bay repons lan dwe leve men li. |



Ki mesaj yo ba nou nan chante sa a......

1. ........................................................
2. ........................................................
3. ........................................................
4. ........................................................
5. ........................................................
6. ........................................................



Ekran 5

Ki mesaj yo ba nou nan chante sa a......

1. Fòk nou renmen peyi nou
2. Fòk nou plante pye bwa
3. peyi nou bèl
4. dèyè mòn gen anpil travay
5. dèyè mòn gen anpil save
6. Peyizan enpòtan anpil, yo bay moun lavil manje



Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6 :** Pale sou anviwònman nou. | 6/ 7 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansam | 5/6 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la epi koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin pale sou nan anviwonnmn yo: nan mòn, nan lanmè, nan jaden, nan konbit, nan larivyè …. | Elèv ki deziye ap vin pale sou eleman ki nan anviwònman li, sou eksperyans li fè nan lavi li, nan mòn, nan lanmè, nan jaden, nan konbit, nan larivyè …. |
| 3 | Mande elèv yo leve men yo si yo vle pale.<br><br>Repons: yo ka pale sou eksperyans yo viv nan mòn , nan lanmè, nan jaden, nan konbit, nan larivyè …. | |

1 2 3 4 5 6 7

Timoun nan klas la ki rete nan mòn oswa ki konn ale nan mòn, n ap vini devan klas la pou pale de esperyans nou viv.



Ekran 6

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7**: Chante, kadanse epi fè jès ki mache ak chante a. | 7/ 7 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la koute konsiy lan. | Gade imaj la epi koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj la sou ti flèch la pou w fè timoun yo koute chante a.<br>Mande timoun yo chante, kadanse epitou fè jès ki mache ak chante a pandan yo ap koute chante a. | Tout timoun ap chante, kadanse epitou fè jès ki mache ak chante a pandan yo ap koute chante a. |






Ekran 7

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 61
## Revizyon [o, ò, on, ou] (1)



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ak ekspresivite.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.

## M ap antrene



**Aktivite 3 :** Diskrimine son [o] , [ò] , [on], [ou] nan non yon seri imaj.



**Aktivite 4 :** Dekouvri mo familye ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou] apati yon seri imaj.



**Aktivite 5:** Li epi ekri mo elèv yo konnen ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou].



**Aktivite 6 :** Jwenn lòd fraz ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou] apati gwoup mo an dezòd .



**Aktivite 7 :** Konplete yon seri fraz ak mo ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou].

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 8 :** Pran dikte yon seri fraz pou entegre korespondans grafèm/fonèm [o] , [ò] , [on], [ou].



**Aktivite 9:** Fè jwèt eskrab ak yon seri mo ki gen son ak lèt [o] , [ò] , [on], [ou].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike etap aktivite a.<br>Li tout tèks la pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande lekti tèks la. |
| 2 | Mande elèv yo  pou yo li tèks la nan kè yo. | Li tèks la nan kè yo. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv pou yo li tèks la awotvwa pandan lòt yo ap koute.<br>Pwofite korije pwononsyasyon ak entonasyon elèv yo. | Li tèks la awotvwa ak bon jan pwononsyasyon epi entonasyon. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Li ansanm ak pwofesè nou.

**Ivon ak Ivòn**

Ivon ak Ivòn se de marasa. Youn pa mache san lòt. Yo tou de gen menm gou: yo renmen manje joumou, mango, melon, pòm de tè epi yo renmen mete rad koulè jòn. Lè Ivon met chemiz jòn, Ivòn met kòsaj jòn.  Epitou, yo tou le de renmen gade moun k ap jwe jon nan rara, paske yo pran kote Jan, ki tonton yo.

Ivon renmen tout bèt, men li pè moustik anpil. Li toujou ap di olye li ta rete ap koute son yon moustik bò zòrèy li, li ta pito koute yon klaksòn machin.



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak kesyon yo. |
| 2 | Li kesyon yo, youn pa youn. Chak fwa, mande yon elèv, pou l reponn aloral epi lòt yo pou apwouve oswa korije.<br><br>Alafen, valide tout bon repons yo. | Reponn kesyon yo ki sou tablo nimerik la. |



Reponn kesyon sou istwa a.

1. Kisa Ivon ak Ivòn ye?
2. Ki koulè rad yo renmen?
3. Kisa yo renmen lè y al nan rara?
4. Kote kilès yo pran sa?
5. Kisa Ivon pa renmen tande nan zòrèy li?
6. Kisa li prefere tande?

Ekran 2

Repons n ap tann:

1- De marasa
2- Rad koulè jòn
3- Yo renmen gade moun k ap jwe jon.
4- Kote Jan, tonton yo.
5- Son moustik
6- Klaksòn machin.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3** : Diskrimine son [o], [ò], [on] ak [ou] nan non yon seri imaj. | 3/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv, youn pa youn, pou yo di non chak imaj ou touche sou tablo a. Mande lòt elèv yo pou yo repete bon repons yo oswa korije move repons yo.<br><br>**Men mo yo**: *kaswòl, mango, pwason, papiyon,kokoye, poul, gòm, tòti.* | Di non chak imaj ki sou tablo a. Repete bon repons yo oswa korije move repons yo. |
| 3 | Mande yon elèv pou l vin relye imaj yo ak grafi youn nan son sa yo: [o], [ò], [on] ak [ou], selon son yo tande nan non imaj yo.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9




Ekran 3




Ekran korije

Sa mwen ka fè | **Aktivite 4:** Dekouvri mo elèv yo konnen ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou] apati yon seri imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo klike sou imaj yo. Fè klas la repete mo yo tande a. Mande yon elèv nan klas la pou l di ki son li tande nan mo a: [o] , [ò] , [on] oswa [ou].<br><br>Mande elèv ki sou tablo a pou l ekri mo a. | Tande epi ekri mo familye ki gen ki gen son [[o] , [ò] , [on] oswa [ou] apati imaj. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo valide òtograf mo yo. | Valide òtograf mo elèv yo konnen ki gen son [o] , [ò] , [on] oswa [ou]. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9




Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt; chak elèv ap li yon mo, l ap di ki son li tande ladan: [o] , [ò] , [on], [ou]., epi l ap ekri mo a sou liy ki akote l la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. | Li epi ekri mo ki gen son [o], [ò] , [on], [ou].] ladan yo. Di kilès nan son sa yo ki repete nan chak mo yo li.<br><br>Fè kòmantè sou travay kanmarad yo, korije, valide. |




Ekran 5




Ekran korije

**Aktivite 6:** Jwenn lòd fraz ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou] apati gwoup mo an dezòd.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li gwoup mo yo nan chak liy. Mande kèk elèv, youn apre lòt, pou yo pwopoze nan ki lòd pou gwoup yo ale pou yo ka fè fraz.<br><br>Lè w fin jwenn epi valide bon lòd la, mande 4 elèv ale sou tablo a, youn apre lòt, pou fè deplasman yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo li fraz yo nan bon lòd la. | Li gwoup mo yo andezòd, apresa mete yo nan lòd pou fè fraz.<br><br>Li fraz yo nan bon lòd la. |






Ekran 6




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Konplete yon seri fraz ak mo ki gen son [o], [ò], [on] [ou]. | 7/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l li lis mo ki vini apre konsiy lan, Mande 6 elèv pou yo ale sou tablo a, youn apre lòt, pou yo konplete fraz yo ak youn nan mo yo chwazi nan lis la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè. | Li mo yo. Konplete fraz yo ak mo yo chwazi nan lis la.<br><br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè. |



Konplete fraz yo ak youn nan mo sa yo.

**chou grangou kolboso lyon zòn rezon**

1. Ravèt pa janm gen ____________ devan poul.
2. Ajan sanitè yo pase flite nan tout __________ pou yo ka chase tout moustik.
3. Depi lè machin Pyè a _____________, li poko janm al repare l.
4. Pami tout bèt sovaj, se ___________ ki pase pou wa tout lòt yo.
5. Timoun yo manje depi maten, kounye a, yo _______________ anpil.
6. Manman m di Michlin pou l mete ____________ nan legim l ap fè pou nou.

Ekran 7

Konplete fraz yo ak youn nan mo sa yo.

1. Ravèt pa janm gen **rezon** devan poul.
2. Ajan sanitè yo pase flite nan tout **zòn** pou yo ka chase tout moustik.
3. Depi lè machin Pyè a **kolboso**, li poko janm al repare l.
4. Pami tout bèt sovaj, se **lyon** ki pase pou wa tout lòt yo.
5. Timoun yo manje depi maten, kounye a, yo **grangou** anpil.
6. Manman m di Michlin pou l mete **chou** nan legim l ap fè pou nou.

Ekran korije

Sa mwen ka fe **Aktivite 8:** Pran dikte yon seri fraz pou entegre korespondans grafèm/fonèm [o], [ò], [on], [ou].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande 4 elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande a nan chak wopalè. | Koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande nan wopalè yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9:** Fè jwèt fòme mo ak yon seri lèt.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vini sou tablo a youn apre lòt pou fè aktivite a : se eseye jwenn ki mo yo ka fòme ak seri lèt ki nan kadriyaj la.<br><br>Depi yon elèv pako ka jwenn yon mo nan yon ti tan tankou yon minit, pwofesè a ka fè l pase bay yon lòt elèv. | Chèche fòme mo ak lèt ki nan kadriyaj la. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo verifye kamarad yo ki sou tablo a jwenn yon mo ki fòme ak lèt ki nan kadriyaj yo tout bon vre. | Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9



Ekran 9



Ekran korije

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 62
## Revizyon [o, ò, on, ou] (2)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ak ekspresivite.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.

## M ap antrene



**Aktivite 3 :** Diskrimine son [o] , [ò] , [on], [ou] nan non yon seri imaj.



**Aktivite 4 :** Dekouvri mo familye ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou] apati yon seri imaj.



**Aktivite 5:** Li epi ekri mo familye ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou].



**Aktivite 6 :** Jwenn lòd fraz ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou] apati gwoup mo an dezòd .



**Aktivite 7 :** Konplete yon seri fraz ak mo ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou].

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 8 :** Pran dikte yon seri fraz pou entegre korespondans grafèm/fonèm [o] , [ò] , [on], [ou].



**Aktivite 9:** Fè jwèt eskrab ak yon seri mo ki gen son ak lèt [o] , [ò] , [on], [ou].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike etap aktivite a.<br>Li tout tèks la pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande lekti tèks la. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li tèks la nan kè yo. | Li tèks la nan kè yo. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv pou yo li tèks la awotvwa pandan lòt yo ap koute.<br>Pwofite korije pwononsyasyon ak entonasyon elèv yo. | Li tèks la awotvwa ak bon jan pwononsyasyon epi entonasyon. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Li ansanm ak pwofesè nou.

*Yon kamyon pou moun Ti Bwa*

Lontan, moun nan Ti Bwa t ap pase mizè pou desann al vann rekòt kafe ak bal pit lavil. Se depi a twazè di maten pou yo leve, sele milèt, mete gwo gwo sak pay, ranpli ak machandiz sou do bèt yo. Jounen an fin pase nan ale vann pou retounen lakay. Li te lè, li te tan pou Doudou, yon bòs mekanisyen, te achte yon kamyon pou fè trafik nan zòn Ti Bwa. Se pa ti soulajman pèp Ti Bwa vin genyen nan transpò machandiz. Se sa ki fè Bòs Doudou bay kamyon an pote non "Soulajman". Tout moun di se yon kamyon ki byen banda.




Kounye a gen lòt kamyon ki vin fè zòn nan tou, men, moun nan Ti Bwa toujou pito vwayaje nan "Soulajman".

Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak kesyon yo. |
| 2 | Li kesyon yo, youn pa youn. Chak fwa, mande yon elèv pou l reponn aloral epi lòt yo pou apwouve oswa korije. Alafen,valide tout bon repons yo. | Reponn kesyon yo ki sou tablo nimerik la. |

Reponn kesyon sou istwa a.

1. Ki kalite pwoblèm, moun Ti Bwa te konn genyen?
2. **Ki mwayen yo te konn itilize pou yo ale lavil?**
3. Kilès ki te vin ak yon solisyon pou pwoblèm nan?
4. Ki solisyon li te pote pou pèp Ti Bwa?
5. Ki jan moun Ti Bwa te vin santi yo avèk solisyon sa a?

Ekran 2

Repons n ap tann:

1- Yo t ap pase mizè pou desann al vann rekòt kafe ak bal pit lavil.

2- Yo te konn sele milèt, mete gwo gwo sak pay, ranpli ak machandiz sou do bèt yo.

3- Doudou, yon bòs mekanisyen.

4- Li te achte yon kamyon pou fè trafik nan zòn Ti Bwa.

5- Yo te vin santi yon gwo soulajman.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3** : Diskrimine son [o], [ò], [on] ak [ou] nan non yon seri imaj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv, youn pa youn, pou yo di non chak imaj ou touche sou tablo a. Mande lòt elèv yo pou yo repete bon repons yo oswa korije move repons yo.<br><br>**Men mo yo**: ***kamyon, pwason, melon, pilon, rapadou, telefòn, pantalon, kaswòl*** | Di non chak imaj ki sou tablo a. Repete bon repons yo oswa korije move repons yo. |
| 3 | Mande yon elèv pou l vin relye imaj yo ak grafi youn nan son sa yo: [o], [ò], [on] ak [ou], selon son yo tande nan non imaj yo.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. |





Ekran 3



Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 4:** Dekouvri mo familye ki gen son [o] , [ò] , [on], [ou] apati yon seri imaj. | 4/9 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo klike sou imaj yo. Fè klas la repete mo yo tande a.<br><br>Mande yon elèv nan klas la pou l di ki son li tande nan mo a: [o] , [ò], [on] oswa [ou].<br><br>Mande elèv ki sou tablo a pou l ekri mo a. | Tande epi ekri  mo familye ki  gen ki gen son [[o] , [ò] , [on] oswa [ou] apati imaj. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo valide òtograf mo yo. | Valide òtograf mo familye ki gen son [o] , [ò] , [on] oswa [ou]. |





Ekran 4



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt; chak elèv ap li yon mo, l ap di ki son li tande ladan: [o] , [ò] , [on], [ou]., epi l ap ekri mo a sou liy ki akote l la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. | Li epi ekri mo ki gen son [o], [ò] , [on], [ou].] ladan yo. Di kilès nan son sa yo ki repete nan chak mo yo li.<br><br>Fè kòmantè sou travay kamarad yo, korije, valide. |



Li chak mo yo epi ekri yo.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Sègo | | beton | |
| kreyon | | tòn | |
| mòn | | Pòtoprens | |
| Doudou | | Èmyòn | |
| zòn | | rekòt | |

Ekran 5

Li chak mo yo epi ekri yo.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Sègo | Sègo | beton | beton |
| kreyon | kreyon | tòn | tòn |
| mòn | mòn | Pòtoprens | Pòtoprens |
| Doudou | doudou | Èmyòn | Èmyòn |
| zòn | zòn | rekòt | rekòt |

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li gwoup mo yo nan chak liy. Mande kèk elèv, youn apre lòt, pou yo pwopoze nan ki lòd pou gwoup yo ale pou yo ka fè fraz.<br><br>Lè w fin jwenn epi valide bon lòd la, mande 4 elèv ale sou tablo a, youn apre lòt, pou fè deplasman yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo li fraz yo nan bon lòd la. | Li gwoup mo yo andezòd, apresa mete yo nan lòd pou fè fraz.<br><br>Li fraz yo nan bon lòd la. |




Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7 :** Konplete yon seri fraz ak mo ki gen son [o], [ò], [on] [ou].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l li lis mo ki vini apre konsiy lan, Mande 5 elèv pou yo ale sou tablo a, youn apre lòt, pou yo konplete fraz yo ak youn nan mo yo chwazi nan lis la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè. | Li mo yo. Konplete fraz yo ak mo yo chwazi nan lis la.<br><br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9

Konplete fraz yo ak youn nan mo sa yo.

**rekòt transpò retounen moun milèt machandiz soulajman**

1. Se depi a twazè di maten ____________ nan Ti Bwa leve nan dòmi.
2. Yo fin pèdi tan yo nan ale vann epi pou _________________ lakay yo.
3. Moun Ti Bwa vin gen yon lòt mwayen _____________ gras ak Bòs Doudou.
4. Se sou milèt sèlman moun Ti Bwa te konn al vann _________________ yo.
5. Kamyon an tounen yon ________________ pou moun nan zòn nan.

Ekran 7

Konplete fraz yo ak youn nan mo sa yo.

**rekòt milèt**

1. Se depi a twazè di maten **moun** nan Ti Bwa leve nan dòmi.
2. Yo fin pèdi tan yo nan ale vann epi pou **retounen** lakay yo.
3. Moun Ti Bwa vin gen yon lòt mwayen **transpò** gras ak Bòs Doudou.
4. Se sou milèt sèlman moun Ti Bwa te konn al vann **machandiz** yo.
5. Kamyon an tounen yon **soulajman** pou moun nan zòn nan.

Ekran korije

Sa mwen ka f **Aktivite 8:** Pran dikte yon seri fraz pou entegre korespondans grafèm/fonèm [o], [ò], [on], [ou].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande 4 elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande a nan chak wopalè. | Koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande nan wopalè yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kanmarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kanmarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9




Ekran 8




Ekran korije

Sa mwen ka f **Aktivite 9:** Fè jwèt fòme mo ak yon seri lèt.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vini sou tablo a youn apre lòt pou fè aktivite a : se eseye jwenn ki mo yo ka fòme ak seri lèt ki nan kadriyaj la.<br><br>Depi yon elèv pako ka jwenn yon mo nan yon ti tan tankou yon minit, pwofesè a ka fè l pase bay yon lòt elèv. | Chèche fòme mo ak lèt ki nan kadriyaj la. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo verifye kamarad yo ki sou tablo a jwenn yon mo ki fòme ak lèt ki nan kadriyaj yo tout bon vre. | Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè. |






Ekran 9




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 63
## Revizyon [b, p]



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li epi konplete yon tèks entèraktif.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks entèraktif senp.



**Aktivite 3 :** Konplete rezime yon tèks senp.

## M ap antrene



**Aktivite 4 :** Klase yon lis mo pa kategori.



**Aktivite 5 :** Diskrimine son [b] ak [p] nan kòmansman yon seri mo elèv yo konnen.



**Aktivite 6 :** Diskrimine son [b] ak [p] nan finisman yon seri mo elèv yo konnen.



**Aktivite 7 :** Diskrimine son [b] ak [p] nan kèlkeswa pozisyon yo nan yon seri mo.



**Aktivite 8 :** Li yon seri mo ak fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [b] ak [p].



**Aktivite 9 :** Ekri yon seri mo san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [b] ak [p].



**Aktivite 10 :** Ekri yon seri fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [b] ak [p].

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Trase fòm kisif lèt « b » ak « p » ak presizyon.



**Aktivite 12 :** Ekri mo familye ki gen lèt « b » ak « p » sou fòm kisif.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Chwazi silab ki fèt ak [b] oswa [p] epi asosye yo ak lòt silab pou fòme mo senp familye.



**Aktivite 14 :** Plase siy ponktiyasyon (.) an yon fason kòrèk nan yon tèks kout senp.

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 1 :** Li epi konplete yon tèks entèraktif. | 1/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Adwaz/Kaye | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a.<br><br>Li tout tèks la pou elèv yo. | Tande konsiy lan epi esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande lekti tèks la. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo make nimewo 1 rive 10 sou adwaz oswa kaye yo. Mande yo pou yo li sou tablo a fraz ki koresponn ak chak nimewo nan kè yo epi pou yo fè yon kwa sou adwaz yo bò kote chak nimewo ki koresponn ak fason yo konn konpòte yo ak zanmi yo. | Make nimewo 1 rive 10 sou adwaz yo.<br>Li sou tablo a fraz ki koresponn ak chak nimewo nan kè yo epi fè yon kwa sou adwaz oswa kaye yo bò kote chak nimewo ki koresponn ak fason yo konn konpòte yo ak zanmi yo. |
| 3 | Mande yon elèv pou l vin mete repons pa l yo sou tablo a pou sèvi modèl.<br><br>Reli chak nimewo pou elèv yo epi mande sa k te make l pou yo leve men yo chak fwa. | Mete yon modèl repons sou tablo a.<br><br>Leve men yo chak fwa pou nimewo ki koresponn ak fason yo konn aji ak zanmi yo. |

Li tèks la epi make nimewo ki koresponn ak fason nou aji ak zanmi nou.

*Eske nou konn fè zanmi?*

- [ ] 1- Mwen kapab kenbe yon sekrè.
- [ ] 2- Mwen renmen jwe ak zanmi m
- [ ] 3- Mwen toujou prèt pou m ede zanmi m.
- [ ] 4- Lè zanmi m kontan, mwen kontan avè l; lè l tris, mwen tris avè l.
- [ ] 5- Mwen fache fasil ak zanmi m.
- [ ] 6- Pafwa, lè zanmi m fè m fache, mwen joure l.
- [ ] 7- Pafwa mwen konn pase zanmi m nan rizib.
- [ ] 8-Lè zanmi m chagren, mwen kapab konsole l.
- [ ] 9- Mwen fache lè zanmi m fè pi bèl nòt pase m.
- [ ] 10-Mwen bay zanmi m kouraj lè l gen pwoblèm.



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo ak tout kesyon yo. | Tande konsiy lan ak kesyon yo. |
| 2 | Mande menm elèv ki te sou tablo a pou l reponn kesyon yo pa rapò ak repons li te make nan premye ekran an. Mande lòt elèv yo pou yo ede l. | Reponn kesyon yo sou tablo nimerik la kòm modèl. |
| 3 | Mande tout elèv pou yo reponn 2e pati 2e ak 3e kesyon an sou adwaz yo, sa vle di pou yo antoure nimewo ki koresponn ak bon epi move bagay yo konn fè zanmi yo.<br><br>Mande chak elèv pou yo konte epi di konbyen bon ak konbyen move bagay yo konn fè zanmi yo. | Reponn 2e pati 2e ak 3e kesyon an sou adwaz yo, sa vle di antoure nimewo ki koresponn ak bon epi move bagay yo konn fè zanmi yo.<br><br>Konte epi di konbyen bon ak konbyen move bagay yo konn fè zanmi yo. |


Reponn kesyon yo.

1- Make kazye ki di sou kisa tèks la pale.

- timoun
- zanmi
- travay
- lekòl

2- Make nimewo kazye nan tèks la ki koresponn ak bon bagay yon moun ka fè pou zanmi li.

- Antoure nimewo ki koresponn ak bon bagay nou konn fè pou zanmi nou nan nimewo nou make yo.

3- Make nimewo kazye nan tèks la ki koresponn ak move bagay yon moun ka fè zanmi li.

- Sèke nimewo ki koresponn ak move bagay nou konn fè zanmi nou nan nimewo nou make yo.

Ekran 2


Reponn kesyon yo.

1- Make kazye ki di sou kisa tèks la pale.

- timoun
- ✓ zanmi
- travay
- lekòl

2- Make nimewo kazye nan tèks la ki koresponn ak bon bagay yon moun ka fè pou zanmi li.

1 2 3 4 8 10

- Antoure nimewo ki koresponn ak bon bagay nou konn fè pou zanmi nou nan nimewo nou make yo.

3- Make nimewo kazye nan tèks la ki koresponn ak move bagay yon moun ka fè zanmi li.

5 6 7 9

- Sèke nimewo ki koresponn ak move bagay nou konn fè zanmi nou nan nimewo nou make yo.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3** : Konplete rezime yon tèks senp. | 3/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv vini sou tablo a epi chwazi mo apwopriye pou l konplete ti tèks la. | Chwazi mo apwopriye pou konplete rezime yon tèks yo li deja. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo ekri a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kamarad yo ekri a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 3




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 4** : Klase yon lis mo pa kategori. | 4/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 4 elèv pou vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo chwazi mo ki koresponn ak kategori yo epi ekri yo nan rektang yo. | Chwazi mo ki koresponn ak kategori ki make sou tablo a epi ekri yo nan rektang yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 4




Ekran korije

**Aktivite 5:** Diskrimine son [b] ak [p] nan kòmansman yon seri mo elèv yo konnen.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin klike, youn apre lòt, sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan kòmansman mo a, swa « b », swa « p ».<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. | Klike sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan kòmansman mo a, swa « b », swa « p » sou tablo a.<br><br>Di si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. |



Ekran 5



Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6 :** Diskrimine son [b] ak [p] nan finisman yon seri mo familye. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin klike, youn apre lòt, sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan finisman mo a, swa « b », swa « p ».<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. | Klike sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan finisman mo a, swa « b », swa « p » sou tablo a.<br><br>Di si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Diskrimine son [b] ak [p] nan kèlkeswa pozisyon yo nan yon seri mo. | | | 7/14 |
|---|---|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vin sou tablo a, repete mo ki koresponn ak imaj yo epi ekri lèt « b » oswa « p » anba yo, si l tande son ki koresponn ak lèt sa yo nan mo yo.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè.<br><br>**Men mo yo:** *kabann, chapo, tablo, lavabo, anpoul, pope.* | Repete mo ki koresponn ak imaj ki sou tablo a, epi ekri lèt « b » oswa « p » anba yo, si yo tande son ki koresponn ak lèt sa yo nan mo yo.<br><br>Di si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI | Nan klas | Ansanm | |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Seleksyone plizyè elèv, dapre kritè pa w, pou yo li mo yo ak fraz yo ki nan tablo lekti a sou ekran an, awotvwa, youn pa youn. PA FE YO LI ANSANM.<br>Veye pou yo byen pwononse silab yo nan mo yo, byen atikile son lèt yo, mete bon entonasyon nan fraz yo. | Li mo yo ak fraz yo ki nan tablo lekti a sou ekran an, awotvwa, youn pa youn.<br>Byen pwononse silab yo nan mo yo, byen atikile son lèt yo, mete bon entonasyon nan fraz yo. |




Ekran 8

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 9 :** Ekri yon seri mo san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [b], [p]. | 9/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo repete epi ekri san fot mo ki koresponn ak imaj yo, sou liy yo. | Repete epi ekri san fot mo ki koresponn ak imaj yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 9




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10:** Ekri yon seri fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [b], [p]. | 10/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande 3 elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande a nan chak wopalè. | Koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande nan wopalè yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 10




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè + Adwaz / Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan . |
| 2 | Mande kèk elèv pou vin trase lèt « b » ak « p » sou tablo a. Fè yo rekòmanse lè sa nesesè pou yo vin plis alèz pou trase lèt sa yo ak presizyon paske se nan revizyon yo ye. | Trase lèt « b » ak « p » sou tablo a epi... |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo trase menm lèt sa yo plizyè fwa sou adwaz yo oswa sou kaye yo. | Trase lèt ki sou tablo sou adwaz yo oswa sou kaye yo. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri mo familye ki gen lèt « b » ak « p » sou fòm kisif. | 12/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan . |
| 2 | Mande kèk elèv pou vin ekri mo yo plizyè fwa sou tablo a. Fè yo rekòmanse lè sa nesesè pou yo vin plis alèz pou ekri ak presizyon paske se nan revizyon yo ye. | Ekri mo ki gen lèt « b » ak « p » sou tablo a epi… |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo ekri mo yo sou adwaz yo oswa sou kaye yo. | … sou adwaz oswa sou kaye yo. |




Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13:** Asosye silab ki fèt ak [b] / [p] ak lòt silab pou fòme mo senp. | 13/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vini sou tablo a youn apre lòt pou fè aktivite a ki sou ekran an. | Kole silab oswa moso mo ansanm yon fason pou yo fòme mo familye. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. | Di si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. |

12

13

14




Ekran 13




Ekran korije

**Aktivite 14:** Plase siy ponktiyasyon (.) an yon fason kòrèk nan yon tèks kout senp.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vini sou tablo a. Mande kèk lòt elèv pou yo li istwa a, fraz apre fraz. Chak fwa yon fraz fin li, elèv ki sou tablo a ap mete yon pwen nan finisman fraz la, jistan lekti a fini. | Kole silab oswa moso mo ansanm yon fason pou yo fòme mo senp. |
| 3 | Mande youn oswa 2 elèv pou li istwa a pandan li fin ponktye. Mande yo pou yo respekte ponktiyasyon an pandan y ap li. | Di si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. |



Mete tout pwen (.) yo nan istwa a. Li istwa a.

Rene leve bonè Papa bay Rene yon sache bonbon

Rene ale lekòl avèk Rita Yo kontre Pòl ak Sabin sou

wout la Toule kat timoun yo fè wout la ansanm

Ekran 14

Mete tout pwen (.) yo nan istwa a. Li istwa a.

Rene leve bonè. Papa bay Rene yon sache bonbon.

Rene ale lekòl avèk Rita. Yo kontre Pòl ak Sabin sou

wout la. Toule kat timoun yo fè wout la ansanm.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | | | | |

# Leson 64

## Kominikasyon oral

### Konsiy ak politès



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon ti tèks pou antre nan anbyans sijè konsiy senp ak politès la.



**Aktivite 2 :** Li yon dyalòg pou antre nan anbyans sijè konsiy senp ak politès la.



**Aktivite 3 :** Reponn kesyon dirije sou tèks la.

## M ap antrene



**Aktivite 4 :** Fòmile fraz senp pou mande divès sèvis.



**Aktivite 5:** Apresye kalite pawòl ak fòmil yon moun ka itilize pou l montre li poli.

## Mwen konprann



**Aktivite 6:** Fòmile pawòl ki gen fòmil politès ladan yo.



**Aktivite 7:** Fè bonjan fraz pou fòmile konsiy poli.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 8:** Sèvi ak mo politès « tanpri » a pou fòmile konsiy poli.



**Aktivite 9:** Sèvi ak mo politès « silvouplè» a pou fòmile konsiy poli.

**Aktivite 1 :** Li yon ti tèks pou antre nan anbyans sijè konsiy senp ak politès la.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo suiv yon premye lekti w ap fè pou yo. | Suiv mèt la k ap li. Koute istwa a ak atansyon. |
| 2 | Envite elèv yo li, yo menm, ansanm, nan kè yo.<br><br>Envite yon elèv li istwa a poukont li. Si gen kèk mo li pa ka li, poze l kesyon apati imaj la. Mande lòt elèv yo ede l dekouvri mo difisil la.<br><br>Apre sa, envite yon lòt elèv fè yon lòt lekti ankò. | Elèv yo ap li istwa a nsanm nan kè yo.<br><br>Youn ou de elèv ap li istwa a poukont yo awottvwa. |
| 3 | Envite kèk elèv pou yo rezime sa yo sot li a. | Rezime lekti a aloral. |

1
2
3
4
5
6
7
8

Li ansanm ak pwofesè nou.

Yon tifi byennelve

Nevè di maten sonnen « beng ! ». Anastazi, ki grann Patrisya, fin abiye l an penpan, li pran chaplè li, pou l travèse al nan chapèl la. Se pa lwen, se anfas lakay li. Se konsa li fè sa, chak fwa gen lamès. Men, pandan Grann, ki sou baton, ap fè jefò pou l travèse, Janèt, ki pitit Madan Jilbè, yon vwazin Grann, kouri al ede l travèse. Li te tou pwofite mande nouvèl kichòy pou Patrisya, ki zanmi li, paske li pa wè Patrisya depi kèk jou:



Ekran 1

**Aktivite 2 :** Li yon dyalòg pou antre nan anbyans sijè konsiy senp ak politès la.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo koute yon premye lekti dyalòg la w ap fè pou yo. | Suiv mèt la k ap li. Koute ak atansyon |
| 2 | Envite yon elèv pou jwe wòl Janèt pandan oumenm w ap jwe wòl grann.<br><br>Envite elèv yo fòme koup, youn se Janèt, youn se grann, pou yo li dyalòg la 2 pa 2. | Reprann dyalòg la ak pwofesè yo oswa ak kamarad yo. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo di si yo twouve Janèt byennelve nan fason li pale ak grann epi poukisa. | Esplike kijan yon moun byennelve nan fason li pale. |

1 2 3 4 5 6 7 8

*Yon tifi byennelve*

**Janèt.**- *« Bonjou, Grann ! M twouve wòb sa a fè w byen anpil ! Konpliman, Grann!*

**Grann**.- *Oooo, bonjou, pitit fi m ! Mèsi pou konpliman an. Ki mirak mwen wè ou nan lari ? Ou genlè an vakans ? Ban m nouvèl manman w, non ?*

**Janèt**.- *Tout moun trè byen, Grann. Mwen an vakans vre. Grann, èske ou ka di m si Patrisya an vakans deja, silvouplè ?*

**Grann**.-*M byen kwè sa, pitit fi m !*

**Janèt**.- *Grann, lè w soti lamès, tanpri, fè Patrisya konnen mwen ta renmen wè l !*

**Grann**.- *Oke, pitit fi m, san pwoblèm !"*

Ekran 2

**Aktivite 3** : Reponn kesyon dirije sou tèks la.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv pou reponn premye kesyon an ki sou tablo a. Si repons li a pa fin kòrèk, mande yon lòt elèv konlete oubyen korije repons lan. | Tande konsiy lan.<br><br>Reponn kesyon 1 an.<br><br>Konplete oswa korije repons ki pa fin kòrèk. |
| 2 | Fè menm jan an pou kat lòt kesyon yo. Chwazi yon elèv pou yo chak. | Reponn rès kesyon yo. |



Reponn kesyon sou istwa a.

1. Ki kote Grann Anastazi prale ?
2. Kilès li rankontre nan wout ?
3. Kisa Janèt mande Grann an premye ?
4. Kisa li mande l an dezyèm?
5. Èske Janèt pale ak Grann tankou timoun byennelve?

Ekran 3

Repons n ap tann:

1- Nan lamès, nan chapèl la.

2- Janèt.

3- Si Patricia an vakans deja.

4- Pou grann fè Patricia konnen li ta renmen wè l.

5- Wi, li di grann "bonjou", "silvouplè", "tanpri".

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 4** : Fòmile fraz senp pou mande divès sèvis. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo gade imaj la byen.<br><br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a.<br><br>Li prezantasyon chak pèsonaj. Mande elèv yo pou yo repete. | Gade imaj la byen.<br><br>Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a .<br><br>Li prezantasyon chak pèsonaj. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou fòmile sèvis mesye adwat la ap mande chak pèsonaj selon aktivite yo. Di elèv yo fòk fraz mesye a poli chak fwa.<br><br>Si elèv ki chwazi a pa ka jwenn bon repons lan, mèt la ap mande yon kanmarad li pou vin ede l. | Fòmile fraz poli pou mande sèvis. |






Ekran 4

Sa mwen ka fè

**Aktivite 5** : Apresye kalite pawòl ak fòmil yon moun ka itilize pou l montre li poli.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Elèv yo ap tande konsiy lan ak eslikasyon yo. |
| 2 | Li fraz yo youn pa youn. Chak fwa, chwazi yon elèv pou repete fraz la epi di si l poli. Mande yo pou yo esplike repons yo epi antoure fraz la si li poli. | Li fraz yo epi di si yo poli. Esplike repons yo. Antoure fraz poli yo. |
| 3 | Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwe pou sa. | Ede epi korije repons kanmarad yo. |



Antoure tout konsiy ki ka pase pou pawòl moun byennelve.

1. Ogisten, èske w ka depoze asyèt la sou tab la, pou mwen, silvouplè ?
2. Antwàn, prete m yon kreyon pou m fè devwa m !
3. Pwofesè, èske w ka rakonte m istwa a ankò, silvouplè ?
4. Janèt, mete tout boutèy yo nan pànye a pou mwen, tanpri !
5. Doktè, pa bliye prepare preskripsyon an pou mwen, silvouplè !
6. Wilyam, tanpri, fè m sonje pou m al achte moustikè a jodi a !

Ekran 5

Antoure tout konsiy ki ka pase pou pawòl moun byennelve.

1. Ogisten, èske w ka depoze asyèt la sou tab la, pou mwen, silvouplè ?
2. Antwàn, prete m yon kreyon pou m fè devwa m !
3. Pwofesè, èske w ka rakonte m istwa a ankò, silvouplè ?
4. Janèt, mete tout boutèy yo nan pànye a pou mwen, tanpri !
5. Doktè, pa bliye prepare preskripsyon an pou mwen, silvouplè !
6. Wilyam, tanpri, fè m sonje pou m al achte moustikè a jodi a !

Ekran korije

**Aktivite 6:** Fòmile pawòl ki gen fòmil politès ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo byen gade imaj yo ki fòme sèn nan.<br><br>Li epi esplike konsiy lan. | Byen gade imaj yo ki fòme sèn nan.<br><br>Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande kèk elèv ou chwazi pou yo fòmile fraz Jan ap di Ana a. Veye si y ap sèvi ak mo « silvouplè » a oswa mo « tanpri» a. | Fòmile fraz Jan ap di Ana a. Sèvi ak mo « silvouplè » a oswa mo « tanpri» a. |
| 3 | Mande kèk elèv pou kòmante repons kanmarad yo, di si fraz yo di a poli ou pa epi poukisa. | Kòmante repons kanmarad yo, di si fraz yo di a poli ou pa epi poukisa. |



Gade imaj yo byen. Kòm Jan se timoun byennelve, kisa l ap di Ana ?



Ekran 6

**Repons n ap tann:**

Ana, *tanpri,* (oswa "*silvouplè*") mete radyo a sou tab la.

(mo "tanpri" oswa "silvouplè" a kapab deplase nan fraz la).

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Fè bonjan fraz pou fòmile konsiy poli. | 7/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a.<br><br>Envite 2 elèv pase devan, youn apre lòt, pou al reyalize aktivite ki sou tablo a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Ranje gwoup yo yon fason pou yo vin bay yon fraz poli. | Reyalize 2 fraz poli ak gwoup mo yo. |
| 3 | Klike sou ti opalè adwat yo pou tout klas la tande fraz la epi konpare ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br><br>Korije si gen bezwen pou sa. | Otoverifye repons yo epi korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8 :** Sèvi ak mo politès «tanpr » a oswa «silvouplè» a pou fòmile konsiy poli.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a.<br><br>Fè yon modèl pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande plizyè elèv , youn pa youn, pou yo ajoute « tanpri » oswa « silvouplè pandan y ap di fraz yo yon fason pou yo fè yo tounen konsiy poli. | Konplete fraz oral ak mo « tanpri » a oswa « silvouplè » a yon fason pou yo fè yo tounen konsiy poli. |
| ..3 | Mande lòt elèv yo pou yo kòmante epi korije sa kamarad yo rive fè a. | Kòmante epi korije travay kamarad yo. |



Itilize mo "tanpri" pou nou fè pawòl yo tounen konsiy moun byennelve .

1. Pyè, di m ki kote m ap jwenn bèl kaye achte .
2. Ou kapab montre Pyewo ki wout pou li fè ?
3. Lisyèn, pa bliye fèmen bokal konfiti a, pou mouch pa vin ladan l.
4. Pote de zaboka pou mwen lè w ap sòti nan mache.
5. Grann, èske ou ka di m si Patrisya an vakans deja?

Ekran 8

Itilize mo "silvouplè" pou nou fè pawòl yo tounen konsiy moun byennelve.

1. Jonas, esplike m pou kisa yo fèmen pòt la kounye a.
2. Montre m kijan yo limen òdinatè a, Gari.
3. Edris, ede m ranje kaye yo nan bifèt la.
4. Sonje reveye m a senkè di maten pou m ka rive legliz la bonè.

Ekran 9

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 65
## Revizyon [ch, j]



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.



**Aktivite 3 :** Chwazi bon mo a pami 2 mo ki sanble pou konplete rezime yon tèks senp.

## M ap antrene



**Aktivite 4 :** Gwoupe yon lis mo familye pa tèm.



**Aktivite 5 :** Diskrimine son [ch] ak [j] nan kòmansman yon seri mo senp.



**Aktivite 6 :** Diskrimine son [ch] ak [j] nan finisman yon seri mo senp.



**Aktivite 7 :** Diskrimine son [ch] ak [j] nan kèlkeswa pozisyon yo nan yon seri mo senp.



**Aktivite 8 :** Li yon seri mo ak fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [ch] ak [j].



**Aktivite 9 :** Ekri yon seri mo san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [ch] ak [j].



**Aktivite 10 :** Ekri yon seri fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [ch] ak [j].

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Trase fòm kisif lèt « ch » ak « j » ak presizyon.



**Aktivite 12 :** Ekri mo familye ki gen lèt « ch» ak « j » sou fòm kisif.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Konplete mo senp familye ak « ch » oswa « j » pou byen fikse diskriminasyon an.



**Aktivite 14 :** Plase siy ponktiyasyon (.) an yon fason kòrèk nan yon tèks senp.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike etap aktivite a.<br><br>Li tout tèks la pou elèv yo | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande lekti tèks la. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li tèks la nan kè yo. | Li tèks la nan kè yo. |
| 3 | Mande youn ou 2 elèv pou yo li tèks la awotvwa pandan lòt yo ap koute. Pwofite korije pwononsyasyon ak entonasyon elèv yo. | Li tèks la awotvwa ak bon jan pwononsyasyon epi entonasyon. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Li tèks la.

*Dan Pyè Andre a*

Pyè Andre ap manje yon mayi bouyi.
Sanzatann, li santi yon bagay dwòl nan bouch li.
Bagay la piti. Se pa yon grenn mayi.
Pyè Andre retire bagay la nan bouch li, li gade l: se yon dan.
Pyè Andre pran kriye. Li di: "Si tout dan m yo rache, kijan m ap fè manje?"
Pyè Andre kontinye gade dan an epi li kontinye kriye.



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak kesyon yo. |
| 2 | Li kesyon yo, youn pa youn. Chak fwa, mande yon elèv pou l reponn aloral epi lòt yo pou apwouve oswa korije. | Reponn kesyon yo sou tablo nimerik la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Reponn kesyon yo.

1- Kijan timoun ki nan istwa a rele?

2- Ki laj nou ta bay timoun sa a? Poukisa?

3- Kisa li t ap manje?

4- Kisa bagay dwòl li santi nan bouch li a ye?

5- Dapre nou, èske se premye dan Pyè Andre rache? Poukisa li pran kriye?

6- Eske nou rache dan deja? Rakonte kijan sa te rive premye fwa a.

Ekran 2

Repons n ap tann:

1- Pyè Andre
2- 7 an. Paske se nan laj sa a timoun rache dan.
3- Mayi bouyi
4- Yon dan
5- Wi. li pran kriye paske l pè.
6- (repons lib)

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3** : Chwazi bon mo a pami 2 ki sanble pou konplete rezime yon tèks senp. | 3/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv vini sou tablo a, youn apre lòt, chwazi mo apwopriye a pou yo konplete chak fraz nan ti tèks la epi bare lòt mo a. | Chwazi pami 2 mo sa ki apwopriye a pou konplete fraz ki rezime yon tèks yo li deja. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kamarad yo ekri a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kamarad yo ekri a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4** : Gwoupe yon lis mo familye pa tèm.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 3 elèv pou vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo chwazi mo ki koresponn ak tèm yo epi ekri yo pou konplete lis yo . | Chwazi mo ki koresponn ak chak tèm ki make sou tablo a epi ekri yo nan rektang yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 4




Ekran korije

**Aktivite 5:** Diskrimine son [ch] ak [j] nan kòmansman yon seri mo senp.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin klike, youn apre lòt, sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan kòmansman mo a, swa « ch », swa « j ».<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. | Klike sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan kòmansman mo a, swa « ch », swa « j » sou tablo a.<br><br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. |




Ekran 5




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6 :** Diskrimine son [ch] ak [j] nan finisman yon seri mo senp. | 6/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin klike, youn apre lòt, sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan finisman mo a, swa « ch », swa « j ».<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. | Klike sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan finisman mo a, swa « ch », swa « j » sou tablo a.<br><br>Di si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. |




Ekran 6




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Diskrimine son [ch] ak [j] nan kèlkeswa pozisyon yo nan yon seri mo senp. | 7/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vin sou tablo a, repete mo ki koresponn ak imaj yo epi ekri lèt « ch » oswa « j » anba yo, si l tande son ki koresponn ak lèt sa yo nan mo yo.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè.<br><br>**Men mo yo:** *etajè, berejèn, bouchon, branch,jiraf, kochon.* | Repete mo ki koresponn ak imaj ki sou tablo a, epi ekri lèt « ch» oswa « j » anba yo, si yo tande son ki koresponn ak lèt sa yo nan mo yo.<br><br>Di si yo dakò ak repons kamarad yo a epi korije si se nesesè. |






Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Seleksyone plizyè elèv, dapre kritè pa w, pou yo li mo yo ak fraz yo ki nan tablo lekti a sou ekran an, awotvwa, youn pa youn. PA FE YO LI ANSANM.<br>Veye pou yo byen pwononse silab yo nan mo yo, byen atikile son lèt yo, mete bon entonasyon nan fraz yo. | Li mo yo ak fraz yo ki nan tablo lekti a sou ekran an, awotvwa, youn pa youn.<br>Byen pwononse silab yo nan mo yo, byen atikile son lèt yo, mete bon entonasyon nan fraz yo. |

Li vit. Byen pwononse.

chou chichi bonjou chanpou chanje

jimo chalimo bouji joujou jij chich

machandiz chatodo achte chaje janbe

Jeremi jiraf jozèf chanmchanm

Pwason yo naje ak najwa yo.

Jan renmen manje zoranj, li renmen bwè ji zoranj tou.

Machann joumou an chita nan mache a.

Ekran 8

Sa mwen ka fè

**Aktivite 9 :** Ekri yon seri mo san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [ch] ak [j].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou  yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo repete epi ekri san fòt mo ki koresponn ak imaj yo, sou liy yo. | Repete epi ekri san fot mo ki koresponn ak imaj yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |




Ekran 9




Ekran korije

**Aktivite 10:** Ekri yon seri fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [ch] ak [j].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande 3 elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande a nan chak wopalè. | Koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande nan wopalè yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kamarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Trase fòm kisif lèt « ch » ak « j » ak presizyon.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Adwaz / Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan . |
| 2 | Mande kèk elèv pou vin trase lèt « ch » ak « j » sou tablo a. Fè yo rekòmanse lè sa nesesè pou yo vin plis alèz pou trase lèt sa yo ak presizyon paske se nan revizyon yo ye. | Trase lèt « ch » ak « j » sou tablo a epi… |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo trase menm lèt sa yo plizyè fwa sou adwaz yo. | … sou adwaz yo. |




Ekran 11

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri  mo familye ki gen lèt « ch » ak « j » sou fòm kisif. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv pou vin ekri mo yo plizyè fwa sou tablo a. Fè yo rekòmanse lè sa nesesè pou yo vin plis alèz pou ekri ak presizyon paske se nan revizyon yo ye. | Ekri mo  ki gen lèt « ch » ak « j » sou tablo a epi… |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo ekri mo yo sou adwaz yo. | … sou adwaz yo. |




Ekran 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13:** Konplete mo senp ak « ch » oswa « j » pou byen fikse diskriminasyon an. | 13/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vini sou tablo a youn apre lòt pou fè aktivite a ki sou ekran an. | Konplete mo senp familye ak lèt « ch » oswa « j » . |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. | Di si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè.. |




Ekran 13




Ekran korije

Sa mwen ka fè | **Aktivite 14:** Plase siy ponktiyasyon (.) an yon fason kòrèk nan yon tèks kout senp.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vini sou tablo a. Mande kèk lòt elèv pou yo li istwa a, fraz apre fraz. Chak fwa yon fraz fin li, elèv ki sou tablo a ap mete yon pwen nan finisman fraz la, jistan lekti a fini. | Kole silab oswa moso mo ansanm yon fason pou yo fòme mo familye. |
| 3 | Mande youn oswa 2 elèv pou li istwa a pandan li fin ponktye. Mande yo pou yo respekte ponktiyasyon an pandan y ap li. | Di si yo dakò ak repons kamarad yo epi korije si se nesesè. |

12
13
14

Mete tout pwen (.) yo nan istwa a. Li istwa a.

Janjan achte yon recho amelyore  Li mete ansyen recho chabon an nan yon kwen   Li p ap sèvi avèk li ankò   Janjan te konn koupe anpil pyebwa pou l fè chabon  Li deside pou l pa fè sa ankò  Li deside tou chak fwa li fin koupe yon pyebwa, pou l plante yon lòt nan plas li  Janjan pa vle pou Ayiti tounen yon dezè  Li vle pou peyi a retounen vin vèt ankò menm jan ak lontan.



Ekran 14

Mete tout pwen (.) yo nan istwa a. Li istwa a.

Janjan achte yon recho amelyore. Li mete ansyen recho chabon an nan yon kwen.  Li p ap sèvi avèk li ankò.  Janjan te konn koupe anpil pyebwa pou l fè chabon. Li deside pou l pa fè sa ankò. Li deside tou chak fwa li fin koupe yon pyebwa, pou l plante yon lòt nan plas li. Janjan pa vle pou Ayiti tounen yon dezè. Li vle pou peyi a retounen vin vèt ankò menm jan ak lontan.



Ekran korije

| Sa mwen ka fè | | | | |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | | | | |

# Leson 66
## Revizyon [d, t] (1)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Mwen konprann



**Aktivite 1 :** Konprann fraz yo..



**Aktivite 2 :** Konplete yon fraz.



**Aktivite 3 :** Konprann tèks la.



**Aktivite 4 :** Konplete yon lis ak mo ki nan menm kategori.



**Aktivite 5 :** Konplete yon fraz ak bon mo.

## M ap ekri



**Aktivite 6 :** Ekri lèt ”d” oswa ”t” nan kòmansman yon mo.



**Aktivite 7 :** Ekri lèt « d » oswa « t » nan finisman yon mo



**Aktivite 8 :** Fome yon mo pandan w ap itilize silab: do, da, di, ta, to, ti.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 9 :** Li kèk mo ak fraz.

## M ap antrene



**Aktivite 10:** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



**Aktivite 11:** Ekri yon fraz daprè yon son.




**Aktivite 12:** Ekri lèt « d ».




**Aktivite 13:** Ekri yon mo daprè yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 14:** Ajoute pwen (.) nan yon istwa..

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Li chak fraz epi poze kesyon ki koresponn a yo.<br>Mande elèv yo pou yo li fraz yo tou. | Tande pwofèsa a.<br>Li fraz yo. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo pou tcheke bon repons yo. | Reponn kesyon yo. |
| 4 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si nou dakò. |






Ekran 1




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li premye moso fraz ki agoch la epi fè elèv yo li rès fraz ki adwat la<br><br>Fè menm jan pou tout lòt yo… | Li rès fraz ki adwat la. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo a pou relye rès fraz ki koresponn avè li. | Relye moso fraz ki agoch la ak sa ki koresponn avè l ki adwat . |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li ti tèks la.<br><br>Fè elèv yo li l tou. | Tande pwofesè a epi repete apre l. |
| 3 | Mande yon elèv vin reponn kesyon. | Reponn kesyon yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò | Di si yo dakò. |



Li tèks la epi reponn kesyon yo.



**Pandan rekreyasyon an, Jan pa manje anyen. Malgre nan kantin nan yo bay manje li pi renmen an, li refize manje. Li bwè yon vè dlo sèlman paske vant li tap fè l mal.**

Poukisa Jan pa manje?

..........................................................................................

Kisa Jan te bwè?

..........................................................................................

Li tèks la epi reponn kesyon yo.



**Pandan rekreyasyon an, Jan pa manje anyen. Malgre nan kantin nan yo bay manje li pi renmen an, li refize manje. Li bwè yon vè dlo sèlman paske vant li tap fè l mal.**

Poukisa Jan pa manje?

Jan pa manje paske vant li ap fèl mal.

Kisa Jan te bwè?

Jan bwè yon vè dlo sèlman.

Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Di yo pral klase chak mo nan kategori ki koresponn ak yo. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin klase chak mo nan kategori ki koresponn ak yo. | Klase chak mo nan kategori ki koresponn ak yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 4

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5** : Konplete yon fraz ak bon mo. | 5/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin chwazi bon mo a pou konplete chak fraz. | Chwazi bon mo yo pou konplete fraz yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 5




Ekran korije

Sa mwen ka fè **Aktivite 6 :** Ekri lèt ”d” oswa ”t” nan kòmansman yon mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Fè yo konnen si yo tande son [d] oswa [t] nan kòmansman yon mo, ekri lèt ki koresponn ak son an.<br><br>Klike sou chak espikè pou fè yo tande son yo. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande son ki sou chak espikè |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo vin ekri lèt ki koresponn ak chak son.<br><br>**Mo yo**: dan, tapi, drapo, tablo, dyondyon, tren, diri, tenis, drap, tab | Ekri lèt ki koresponn ak chak son. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7** : Ekri lèt « d » oswa « t » nan finisman yon mo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Fè yo konnen si yo tande son [d] oswa [t] nan finisman yon mo, ekri lèt ki koresponn ak son an.<br><br>Klike sou chak espikè pou fè yo tande son yo. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande son ki sou chak espikè |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo vin ekri lèt ki koresponn ak chak son.<br><br>**Mo yo**: pòt, salad, bòt, pentad, remèd, patat, malad, mamit, marinad, lèt. | Ekri lèt ki koresponn ak chak son. |




Ekran 7

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi di ki silab ki manke. | Idantifye imaj yo epi di ki silab ki manke yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri silab ki manke nan mo yo. | Ekri silab ki manke yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12



Ekran 8



Ekran korije

**Aktivite 9 :** Li kèk mo ak fraz.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy la. |
| 2 | Fè elèv yo li chak mo ak fraz byen vit youn apre lòt. | Li chak mo ak fraz youn apre lòt. |



Li vit. Byen pwononse.

dyondyon tonton dondon dodin

patat tapi triyang taptap tenis diri

dra drapo pentad salad tomat tèt

tren tiyo malèt tanbou dlo lèt

Toto renmen ji tomat ak lèt.

David renmen diri ak dyondyon.

Dodo deside li p ap jwe ak tenis.

Ekran 9

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10 :** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la.<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin ekri non ki koresponn ak chak imaj. | Ekri non ki koresponn ak chak imaj. |
| 5 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |




Ekran 10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lot pou ekri fraz yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye yo oswa sou adwaz yo. |




Ekran 11

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri lèt « d » ak « t ». |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy |
| 2 | Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt "d" ak "t"youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt "d" ak "t« . | Ekri lèt « d » ak « t »sou kaye yo oubyen sou yon fèy papye oswa sou adwaz yo. |




Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Li mo yo; Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo yo. |

12 13 14




Ekran 13

**Aktivite 14 :** Ajoute pwen (.) nan yon istwa.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la.<br><br>Li istwa byen fò epi mande elèv yo pou yo lil tou. | Koute esplikasyon mèt la. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin mete pwen nan istwa kote ki merite gen pwen. | Mete pwen nan istwa kote kite merite pwen. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si nou dakò. |



Li istwa a. Mete tout pwen (.) yo nan istwa a.

Kokoriko!
Depi kòk la chante je granpè David ak grann li te gentan
klè Tou le de leve, yo jouke bourik yo, yo pran wout pou al nan mache Dondon David pete kriye dèyè yo  Yo pran lapèn pou David yo ale ak li

Ekran 14

Li istwa a. Mete tout pwen (.) yo nan istwa a.

Kokoriko!
Depi kòk la chante je granpè David ak grann li te gentan
klè●Tou le de leve, yo jouke bourik yo, yo pran wout pou al nan mache Dondon●David pete kriye dèyè yo●Yo pran lapèn pou David yo ale ak li

Ekran korije

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| | | | | |

# Leson 67
## Revizyon [d, t] (2)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Obsève/koute/li



**Aktivite 1 :** Koute epi li tèks la.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Konprann tèks la.



**Aktivite 3 :** Imajine swit yon istwa.



**Aktivite 4 :** Konplete yon fraz.



**Aktivite 5 :** Chwazi kèk mo pou fè yon fraz.



**Aktivite 6 :** Chwazi bon mo pou konplete yon fraz.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 7 :** Idantifye tout imaj ki gen son [t].



**Aktivite 8 :** Idantifye tout imaj ki gen son [d].



**Aktivite 9 :** Idantifye anplasman son [d].



**Aktivite 10 :** Idantifye anplasman son [t].

## M ap antrene



**Aktivite 11:** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



**Aktivite 12:** Ekri yon fraz dapre yon son.




**Aktivite 13:** Ekri yon mo dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 14:** Ajoute pwen entèwogasyon (?) oswa pwen (.) nan finisman kèk fraz.

**Aktivite 1:** Koute epi li tèks la.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Klike sou espikè a pou fè timoun yo tande dyalòg la. | Tande dyalòg la. |
| 2 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 3 | Li dyalòg la epi fè timoun yo li l tou. | Koute pwofesè a epi li dyalòg. |




Ekran 1

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 2** : Konprann tèks la. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Poze chal kesyon epi mande ki elèv ki konn repons lan. | Reponn kesyon yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

Reponn kesyon yo.

1- Konbyen moun ki tap dyaloge a? Kiyès yo ye?

2- Kisa vwazin nan te genyen?

3- Kisa Toto te kwè vwazin lan genyen?

4- Kijan vwazin lan te rele?

5- Dapre nou, èske Toto te kwè ke vwazin lan se chikoungounya li te genyen? Poukisa?

Ekran 2

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Fè yo konnen se swit dyalòg ki te genyen ant Toto ak vwazin lan.<br><br>Li fraz ki sou tablo a. Fè yo konnen dyalòg la dwe kontinye apati de fraz ou sot li a. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 elèv vin devan klas. Youn pral jwe wòl Toto, lòt la pral jwe wòl vwazin lan. Yo pral kontinye dyalòg. Fè yo konnen yo ka di sa yo vle, depi li ale ak sans dyalòg la. | Kontinye dyalòg la pandan y ap jwe wòl Toto ak vwazin lan. |
| 4 | Mande lòt elèv yo ki sa yo panse, èske gen kèk lòt elèv ki ta renmen imajine swit dyalòg la. Apre sa di sa w lè elèv yo vin kontinye dyalòg la. | Di sa yo panse epi kontinye dyalòg nan fason pa yo. |



Imajine swit dyalòg la ant vwazin lan ak Toto.

Twa jou aprè, vwazin nan geri. Li deside al kay Toto.



Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li premye moso fraz ki agoch la epi fè elèv yo li rès fraz ki adwat la<br><br>Fè menm jan pou tout lòt yo… | Li rès fraz ki adwat la. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo a pou relye rès fraz ki koresponn avè li. | Relye moso fraz ki agoch la ak sa ki koresponn avè l ki adwat. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 4




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5** : Chwazi kèk mo pou fè yon fraz. | 5/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Di yo yo pral chwazi mo nan chak kazye pou yo ka fome yon fraz ki fè sans.<br><br>Esplike yo lè yo fin li mo ki nan premye liy nan, gade si l fè sans ak rès mo ki nan menm liy oubyen ak sa ki nan dezyèm liy lan apati de dezyèm kolòn nan.<br><br>Fè sa tou pou twazyèm liy nan jiskaske nou jwen fraz ki fè sans lan. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin antoure mo yo pou yo ka fome yon fraz ki fè sans e ki korèk. | Antoure mo yo pou n ka fome yon fraz ki korèk e ki fè sans. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si nou dakò. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

Antoure kaz yo pou n ka konstwi yon fraz ki kòrèk.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Machin lan | deplase | san | dousman |
| Pye bwa | ap | san | zèl |
| Tomat | vole | mache | lonbraj |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Timoun yo | ap | danse | mi |
| Timoun lan | ap | jwe | vwayaj |
| Timoun | pa | bwè | boul |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Jan | ap | liv | mi |
| Jan | ap | bwè | mizik |
| Jan | ap | tande | dife |

Ekran 5

Antoure kaz yo pou n ka konstwi yon fraz ki kòrèk.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Machin lan | deplase | san | dousman |
| Pye bwa | ap | san | zèl |
| Tomat | vole | mache | lonbraj |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Timoun yo | ap | danse | mi |
| Timoun lan | ap | jwe | vwayaj |
| Timoun | pa | bwè | boul |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Jan | ap | liv | mi |
| Jan | ap | bwè | mizik |
| Jan | ap | tande | dife |

Ekran korije

**Aktivite 6** : Chwazi bon mo pou konplete yon fraz.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Di yo yo pral chwazi yon mo pou yo ka konplete fraz la. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv antoure mo ki korèk epi ki fè sans lan pou yo ka konplete fraz yo. | Antoure mo ki korèk epi ki fè sans lan pou yo ka konplete fraz yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si nou dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di tout non imaj ki sou tablo a.<br>Fè youn oubyen 2 elev vin sou tablo a pou yo antoure tout imaj ki gen son [t]. | Di tout non imaj ki sou tablo a epi antoure tout imaj ki gen son [t] yo. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>Repons yo : tablo, telefòn, bato, kat, adwaz, kouto,… | Swiv profesè a epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8** : Idantifye tout imaj ki gen son [d].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di tout non imaj ki sou tablo a.<br>Fè youn oubyen 2 elev vin sou tablo a pou yo antoure tout imaj ki gen son [d]. | Di tout non imaj ki sou tablo a epi antoure tout imaj ki gen son [d] yo. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>Repons yo : gode, radyo, dodin, drapo, kawòt, chodyè, dife. | Swiv profesè a epi reponn. |




Ekran 8




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo di non chak imaj ki sou tablo a (salad, kadna, pentad, domino, drapo, diri). | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande yo pou yo ekri non imaj yo sou adwaz yo. Apre sa fè kèk elèv vin sou tablo a pou yo tcheke kawo anba chak imaj kote son [d] a oubyen lèt "d" a plase. | Ekri non chak imaj ki sou tablo sou adwaz nou oubyen nan kaye nou.<br>Vin sou tablo a epi tcheke kawo anba chak imaj kote son [d] a oubyen lèt "d" a plase. |
| | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 9




Ekran korije

Sa mwen ka fè

**Aktivite 10 :** Idantifye anplasman son [t].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo di non chak imaj ki sou tablo a (tomat, patat, pentad, chat, tig, tablo). | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande yo pou yo ekri non imaj yo sou adwaz yo. Apre sa fè kèk elèv vin sou tablo a pou yo tcheke kawo anba chak imaj kote son [t] a oubyen lèt “t” a plase. | Ekri non chak imaj ki sou tablo sou adwaz nou oubyen nan kaye nou.<br><br>Vin sou tablo a epi tcheke kawo anba chak imaj kote son [t] a oubyen lèt “t” a plase. |
| | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 10




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la (kadna, domino, pentad, drapo, tig, linèt, sentiwon, salad).<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin ekri non ki koresponn ak chak imaj. | Ekri non ki koresponn ak chak imaj. |
| 5 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 11

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri yon fraz daprè yon son. | 12/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo. Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lot pou ekri fraz yo. | Tande son ki sou espikè yo. Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo nan kaye yo oswa sou adwaz yo. |







Ekran 12

**Aktivite 13 :** Ekri yon mo daprè yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Li mo yo; Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo yo. |






Ekran 13

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 14 :** Ajoute pwen entèwogasyon (?) oswa pwen (.) nan finisman kèk fraz. | 14/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la.<br><br>Li chak fraz. Lè se yon kesyon, li l tankou se yon kesyon ou tap poze. Lè se yon fraz afimativ fè menm jan. | Koute esplikasyon mèt la. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin mete swa pwen entèwogasyon oubyen yon pwen nan finisman chak fraz. | Mete pwen entèwogasyon oswa pwen nan finisman chak fraz. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

12

13

14

Mete pwen entèwogasyon (?) oubyen pwen (.) nan fraz sa yo.

Kisa kabrit manje

Ki kote ou prale ou bwòdè konsa

Mwen prale lekòl demen maten

Manman m pat al legliz dimanch lan

Ou konn leson w deja

Ekran 14

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 68

## **Kominikasyon oral**

Emosyon



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève / M ap koute / M ap pale



**Aktivite 1 :** Dekouvri diferan kalite emosyon.



**Aktivite 2 :** Asosye yon imaj ak yon emosyon.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 5 :** Eksprime yon emosyon nan fè jwèt.

## Mwen konprann



**Aktivite 3 :** Asosye kèk fraz ak diferan kalite emosyon.



**Aktivite 4 :** Asosye kèk fraz ak diferan kalite emosyon.

## M ap antrene



**Aktivite 5 :** Koute istwa a epi reponn kesyon yo.

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 1** : Dekouvri diferan kalite emosyon. | 1/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li chak mo youn apre lòt. Pou chak kalite emosyon fè chak elèv di sa yo panse. Mande yo si yo pa konn:<br>1. Pè<br>2. Tris<br>3. Fache (fè kolè)<br>4. Kontan (si lajwa pa konn anvayi kè yo).<br><br>Fè yo di nan ki sikonstans yo konn santi emosyon sa yo. | Di sa yo panse de chak kalite emosyon. Èske yo konn santi emosyon sa yo; nan ki sikonstans. |




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo gade chak imaj byen.<br><br>Mande yo ak ki emosyon chak imaj koresponn. | Gade imaj yo byen.<br><br>Di ak ki emosyon chak imaj yo koresponn. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 2

**Aktivite 3 & 4:** Asosye kèk fraz ak diferan kalite emosyon.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan |
| 2 | Pou chak kalite emosyon li fraz yo youn apre lòt.<br>Mande tout klas la ki fraz ki koresponn ak chak kalite emosyon. | Koute pwofesè a.<br>Di ak ki fraz chak kalite emosyon yo koresponn. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo a vin tcheke ki fraz ki koresponn ak chak kalite emosyon pou yo ka verifye repons yo. | Vin sou tablo a pou yo ka verifye repons yo. |






Ekran 3




Ekran 4




Ekran korije




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy. |
| 2 | Klike sou espikè a pou ka fè elèv yo tande istwa (fè sa pou pi piti 2 fwa).<br><br>Apre sa fè yo li tèks istwa a. | Tande istwa a.<br><br>Li tèks la. |
| 3 | Poze premye kesyon an epi mande elèv yo pou yo di bon repons lan.<br><br>Fè menm jan pou lòt kesyon an. | Reponn kesyon yo. |
| 4 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

**Posiblite repons:**
1. Direktè a te sezi (fè gwo sezisman)
2. Manman Toto te kontan anpil (Lajwa te anvayi kè manman Toto)




Ekran 4

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy nan. |
| 2 | Eksplike elèv yo ke yo pral fè yon ti jwèt.<br><br>Fè 4 elèv pou pi piti pase devan klas la. Ekri chak kalite emosyon yo sou yon kat (laperèz, tristès, kòlè, lajwa).<br><br>Bay chak elèv sa yo yon kat ki gen emosyon an ekri sou li. Di yo, yo pral fè yon jès ak visaj yo oubyen ak tout kò yo ki reprezante emosyon an. | Koute eksplikasyon pwofesè a.<br><br>Sonje ki emosyon pwofesè a te ba yo a. Kòmanse imajine kijan yo pral fè jès ki koresponn ak kalite emosyon an. |
| 3 | Mande premye elèv ki gen laperèz la pou l fè jès pa l la. Mande rès klas la ak ki kalite emosyon jès sa koresponn.<br><br>Fè menm bagay pou rès emosyon yo. | Fè jès ki koresponn ak kalite emosyon an.<br><br>Di ki emosyon li ye. |

1 2 3 4 5



Ekran 5

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 69
## Revizyon [f, v] (1)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Obsève/koute/li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks san pwoblèm.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks aprè lekti.



**Aktivite 3 :** Rekonèt bon plas vigil la nan yon fraz.



**Aktivite 4 :** Regwoupe mo ki fè pati yon menm tèm ansanm.



**Aktivite 5 :** Rekonèt sans yon mo genyen nan yon fraz.

## M ap ekri



**Aktivite 6 :** Ekri lèt ki koresponn ak yon son dapre pozisyon (kòmansman) li genyen nan yon mo.



**Aktivite 7 :** Ekri lèt ki koresponn ak yon son dapre pozisyon (finisman) li genyen nan yon mo.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 8 :** Li kèk mo ak kèk fraz byen rapid.

## M ap antrene



**Aktivite 9 :** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



**Aktivite 10:** Ekri kèk fraz senp san fòt.



**Aktivite 11:** Ekri lèt dapre yon modèl.



**Aktivite 12:** Ekri mo dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13:** Sèvi ak kèk siy ponktiyasyon.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la pou elèv yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo li tèks la nan kè yo. Apre sa fè yo li tèks la byen fò ansanm.<br><br>Chak fwa, ede yo lè yo gen difikilte.<br><br>Si nesesè, touche mo yo pou elèv yo. | Li tèks la. |




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an pou elèv yo.<br><br>Envite elèv ki konn repons lan leve men yo epi chwazi youn pou reponn.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la bay la.<br><br>Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv pou reponn.<br><br>Si nesesè, retounen sou ekran anvan an pou yo ka reli tèks la epi jwenn repons lan. | Reponn kesyon yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo. | |




Ekran 2

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Sa mwen ka fè

**Aktivite 3** : Rekonèt bon plas vigil la nan yon fraz.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo li fraz yo youn apre lòt.<br><br>Chak fwa, touche fraz kote pou elèv yo li a. | Li fraz yo. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin tcheke yon fraz kote vigil la byen plase.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Tcheke bon repons lan.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Fè elèv yo remake yo pa mete vigil nenpòt ki kote nan yon fraz. | |

Tcheke fraz kote vigil la byen plase a.

- ☐ Jodia se jou fèt, tout moun mete bèl rad.
- ☐ , Jwèt foutbòl baskètbòl ak volebòl mande anpil enèji.
- ☐ Rene ouvè bra li, li pran bra Vanesa pou li danse avèk li.
- ☐ Lè Jan rive lekòl la, klòch la te gentan sonnen.
- ☐ Gen senk, kana de poul ak plizyè kodenn nan lakou a,

Ekran 3

Tcheke fraz kote vigil la byen plase a.

- ☑ Jodia se jou fèt, tout moun mete bèl rad.
- ☐ , Jwèt foutbòl baskètbòl ak volebòl mande anpil enèji.
- ☑ Rene ouvè bra li, li pran bra Vanesa pou li danse avèk li.
- ☑ Lè Jan rive lekòl la, klòch la te gentan sonnen.
- ☐ Gen senk, kana de poul ak plizyè kodenn nan lakou a,

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo li mo yo.<br><br>Chak fwa, touche mo pou elèv yo li a. | Li mo yo. |
| 3 | Fè elèv yo site siy ponktiyasyon yo konnen yo anvan, apre sa, chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin ekri siy ponktiyasyon ki manke yo nan lis la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Ekri bon repons lan.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ak fraz yo ansanm ak elèv yo. | Li fraz yo ak mo yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin ekri mo ki manke a nan fraz la. Chak fwa, fè elèv la li fraz la pou li wè si mo li ekri a fè sans nan fraz la.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv la ekri a. | Ranplase gwoup mo ki souliye yo.<br><br>Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Chak fwa, chwazi bon mo a.

gonfle vanse wonfle

1- Boul la pete paske Rene te...........................li twòp.

2- Yèswa, Vanesa leve tout moun tèlman li...........................fò.

3- Lè Ana......................rive lekòl la li tande klòch la ap sonnen.

4- Cheval la refize rete trankil, li..............................Andre ak kout pye.

5- Fanfan.......................paske li te bwè sòs pwa a twò ta.

6- Jan..........................pase devan pou l ka rive anvan tout elèv yo.

Ekran 5

Chak fwa, chwazi bon mo a.

gonfle vanse wonfle

1- Boul la pete paske Rene te......gonfle........li twòp.

2- Yèswa, Vanesa leve tout moun tèlman li......wonfle........fò.

3- Lè Ana......vanse.....rive lekòl la li tande klòch la ap sonnen.

4- Cheval la refize rete trankil, li......Wonfle, (gonfle)Andre ak kout pye.

5- Fanfan.....gonfle.......paske li te bwè sòs pwa a twò ta.

6- Jan......vanse........pase devan pou l ka rive anvan tout elèv yo.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6** : Ekri lèt ki koresponn ak yon son dapre pozisyon l (kòmansman) nan yon mo. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Fè yo konnen si yo tande son [f] oswa son [v] nan kòmansman yon mo pou yo ekri lèt ki koresponn ak son an.<br><br>Klike sou chak espikè pou fè yo tande son yo. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande son ki sou chak espikè |
| 3 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin ekri lèt ki koresponn ak chak son. | Ekri lèt ki koresponn ak chak son. |






Ekran 6




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7** : Ekri lèt ki koresponn ak yon son dapre pozisyon l (finisman) nan yon mo. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Fè yo konnen si yo tande son [f] oswa son [v] nan finisman yon mo pou yo ekri lèt ki koresponn ak son an.<br><br>Klike sou chak espikè pou fè yo tande son yo. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande son ki sou chak espikè. |
| 3 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin ekri lèt ki koresponn ak chak son. | Ekri lèt ki koresponn ak chak son. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 7




Ekran korije

Sa mwen ka fè

**Aktivite 8** : Li kèk mo ak kèk fraz byen rapid.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ak fraz yo pandan w ap touche yo epi byen pwononse yo pou elèv yo byen tande. | Koute lekti a. |
| 3 | Chwazi yon elèv pou vin li byen vit epi byen pwononse pou tout rès elèv yo tande tou.<br>Si li gen difikilte nan yon mo, mande rès klas la pou ede li. | Li byen vit.<br>Ede. |
| 4 | Refè etap 3 a ak plizyè lòt elèv. | |

Li vit. Byen pwononse.

vantilatè frigidè fanatik viktwa

antrav zèv rèv grèf bèf figi vakans

valiz fatra bètrav farin vigil frigidè kanaval

transfè tigwav pafen yanvalou profèt

Toto kraze bifèt Elifèt la.

Elifèt fache paske l pa gen kote pou l mete zafè l yo.

Toto antreve paske bifèt la pap ka ranje anko.

Ekran 8

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la.<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Mande kèk elèv vin sou tablo a pou vin ekri non ki koresponn ak chak imaj. | Ekri non ki koresponn ak chak imaj. |
| 5 | Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a ekri a. | Di si nou dakò. |




Ekran 9




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10 :** Ekri kèk fraz senp san fòt. | 10/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou elèv yo kapab tande fraz la.<br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou ekri fraz li sot tande a.<br>Ensiste sou lèt majiskil nan kòmansman fraz la ak pwen nan finisman fraz la.<br>Si nesesè, fè yo koute fraz la plizyè fwa. | Koute fraz la.<br>Ekri fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri fraz la. |
| 4 | Refè etap 2 ak 3 pou lòt fraz la. | |




Ekran 10




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 11 :** Ekri lèt daprè yon modèl. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li lèt yo ansanm ak elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou rekopye lèt yo. | Li lèt yo.<br><br>Rekopye lèt yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri lèt yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Rekopye lèt yo. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri mo daprè yon modèl. | 12/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ansanm ak elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou rekopye mo yo. | Li lèt yo.<br><br>Rekopye mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Rekopye mo yo. |




Ekran 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

12

13

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la.<br><br>Nan fraz elèv yo gen pou yo a dwe genyen swa yon vigil, swa yon pwen, swa yon pwen entèwogasyon epi fòk fraz la mache ak imaj ki sou ekran an. | Koute esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Bay elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz yo.<br><br>Chwazi elèv, youn apre lòt pou vin ekri fraz pa li yo sou tablo a. | Ekri fraz. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a ekri a.<br>Ede yo si yo gen difikilte. | Di si nou dakò. |

Gade imaj la byen. Fè plizyè fraz ki koresponn ak imaj la pandan nap sèvi ak kèk siy ponktiyasyon.

Pwen, pwen entèwogasyon, vigil.



Ekran 13

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 70
## Revizyon [f, v] (2)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Obsève/koute/li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks san pwoblèm.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks aprè lekti.



**Aktivite 3 :** Regwoupe mo ki fè pati yon menm tèm ansanm.



**Aktivite 4 :** Fòme fraz ki kòrèk.

## M ap ekri



**Aktivite 5 :** Konstwi fraz ki kòrèk apati plizyè mo ki an dezòd.



**Aktivite 6 :** Idantifye son [f] ak [v] nan non imaj epi ekri yo.

## M ap antrene



**Aktivite 7 :** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



**Aktivite 8:** Ekri kèk fraz senp san fòt.



**Aktivite 9:** Ekri mo dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 10:** Konstwi yon istwa kout apati imaj.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la pou elèv yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo li tèks la nan kè yo. Apre sa fè yo li tèks la byen fò ansanm.<br><br>Chak fwa, ede yo lè yo gen difikilte.<br><br>Si nesesè, touche mo yo pou elèv yo. | Li tèks la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Byen li tèks la pou nou ka reponn kesyon sou li.

Jou ki te 13 fevriye a, se te fèt papa Fanfan. Pou fete fèt sa a, Fanfan te deside fè papa l yon bèl sipriz. Li te achte yon gwo fèy desen pou li te ka fè pòtre tout fanmi an. Nan fanmi Fanfan genyen : papa ak manman Fanfan, yon ti frè, yon ti sè epi Fanfan. Jou sa a, tout fanmi an te reyini pou fè pòtre a. Papa Fanfan te vrèman kontan epi li di Bondye mèsi anpil pou bèl kado sa a ki se fanmi li.



Ekran 1

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 2** : Reponn kèk kesyon sou yon tèks apre lekti. | 2/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an ak repons yo pou elèv yo.<br>Envite elèv ki konn repons lan leve men yo epi chwazi youn pou vin antoure bon repons lan.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la antoure a.<br>Si repons lan pa bon, chwazi yon lòt elèv pou reponn.<br>Si nesesè, retounen sou ekran anvan an pou yo ka reli tèks la epi jwenn repons lan. | Reponn kesyon yo.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo. | |




Ekran 2




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3** : Regwoupe mo ki fè pati yon menm tèm ansanm. | 3/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo li mo yo ki nan chak kategori.<br>Chak fwa, touche mo pou elèv yo li a. | Li mo yo. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin bare mo ki pa nan bon kategori a.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Bare mo ki pa nan plas li.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Fè menm pou lòt kategori yo. | |




Ekran 3




Ekran korije

Sa mwen ka fè

**Aktivite 4** : Fòme fraz ki kòrèk.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li de kolòn mo yo ansanm ak elèv yo. | Li fraz yo ak mo yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin relye mo ki nan premye kolòn nan ak yon lòt nan dezyèm kolòn nan pou yo ka fè yon fraz ki gen sans.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv la ki sou tablo a fè a. | Relye.<br><br>Di si yo dakò. |






Ekran 4




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5** : Konstwi fraz ki kòrèk apati plizyè mo ki an dezòd. | 5/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Fè yo konnen fòk yo mete mo yo nan lòd pou yo ka gen yon bon fraz. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Li mo yo ansanm ak elèv yo nimewo apre nimewo.<br><br>Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin mete mo yo nan lòd.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br><br>Si nesesè, chak fwa elèv la fin sèvi ak yon mo fè l bare mo a pou li pa sèvi avè l anko. | Li mo yo.<br><br>Mete mo yo nan lòd.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |



Mete mo yo nan lòd pou fè fraz ki kòrèk.

1- moto Chofè kas mete dwe yo tèt nan.

________________________________________

2- deside sipriz fè bèl li yon papa Fanfan.

________________________________________

3- famasi achte yon Jinèt pou al fièv nan medikaman.

________________________________________

4- tab la Falin fouchèt bliye sou mete .

________________________________________

Ekran 5

Mete mo yo nan lòd pou fè fraz ki kòrèk.

1- moto Chofè kas mete dwe yo tèt nan.

Chofè moto yo dwe mete kas nan tèt yo.

2- deside sipriz fè bèl li yon papa Fanfan.

Fanfan deside fè papa li yon bèl sipriz.

3- famasi achte yon Jinèt pou al fièv nan medikaman.

Jinèt al achte yon medikaman nan famasi pou fièv.

4- tab la Falin fouchèt bliye sou mete .

Falin bliye mete fouchèt sou tab la.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6** : Idantifye son [f] ak [v] nan non imaj epi ekri yo. |
|---|---|

6/10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou yo vin ekri bon lèt la sou kote imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Ekri lèt yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 6




Ekran korije

Sa mwen ka fè **Aktivite 7 :** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la.<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin ekri non ki koresponn ak chak imaj. | Ekri non ki koresponn ak chak imaj. |
| 5 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si nou dakò. |




Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou elèv yo kapab tande fraz la.<br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou ekri fraz li sot tande a.<br>Ensiste sou lèt majiskil nan kòmansman fraz la ak pwen nan finisman fraz la.<br>Si nesesè, fè yo koute fraz la plizyè fwa. | Koute fraz la.<br>Ekri fraz la. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri fraz la.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri fraz la. |
| 4 | Refè etap 2 ak 3 pou lòt fraz la. | |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ansanm ak elèv yo.<br><br>Chwazi yon elèv ki pou vin sou tablo a pou rekopye mo yo. | Li mo yo.<br><br>Rekopye mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Rekopye mo yo. |




Ekran 9

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la.<br><br>Elèv yo ap gen pou yo sèvi ak mo ki nan lis la pou yo fè yon istwa ki gen 5 oswa 6 fraz kout epi ki mache ak imaj la. Pa bliye fè elèv yo mete pwen, vigil epi lèt majiskil nan fraz yo. | Koute esplikasyon mèt la. |
| 3 | Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou vin fè fraz ak youn nan mo ki nan lis la jistan yo konstwi yon istwa ki fè sans epi ki mache ak imaj la. | Mete pwen entèwogasyon oswa pwen nan finisman chak fraz. |
| 4 | Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a ekri a. | Di si nou dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Apati imaj la, an nou konstwi yon istwa ki gen plizyè fraz.



| | |
|---|---|
| vakans | fim |
| televizyon | fanmi |
| nouvèl | figi |
| tifi | cheve |

Ekran 10

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 71
## Revizyon [g], [k]



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ak ekspresivite.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.



**Aktivite 3 :** Konplete rezime yon tèks ak yon enfòmasyon apwopriye dapre tèks la.

## M ap antrene



**Aktivite 4 :** Ranplase yon mo oswa yon ekspresyon ankontèks pa yon lòt mo ki gen menm sans.



**Aktivite 5 :** Diskrimine son [g] ak [k] nan kòmansman yon seri mo elèv yo konnen.



**Aktivite 6 :** Diskrimine son [g] ak [k] nan finisman yon seri mo senp.



**Aktivite 7 :** Diskrimine son [g] ak [k] nan kèlkeswa pozisyon yo nan yon seri mo senp.



**Aktivite 8 :** Li yon seri mo ak fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [g] ak [k].



**Aktivite 9 :** Ekri yon seri mo san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [g] ak [k].



**Aktivite 10 :** Ekri yon seri fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [g] ak [k].

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Trase fòm kisif lèt « g » ak « k » ak presizyon.



**Aktivite 12 :** Ekri mo familye ki gen lèt « g» ak « k» sou fòm kisif.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Konplete mo senp familye ak « g » oswa « k» pou byen fikse diskriminasyon an.



**Aktivite 14 :** Replase yon seri fraz gaye nan lòd pou refè yon istwa senp.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike etap aktivite a.<br><br>Li tout tèks la pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè  a.<br><br>Tande lekti tèks la. |
| 2 | Mande elèv yo  pou yo li tèks la nan kè yo. | Li tèks la nan kè yo. |
| 3 | Mande youn ou 2 elèv pou yo li tèks la awotvwa pandan lòt yo ap koute. Pwofite korije pwononsyasyon ak entonasyon elèv yo. | Li tèks la awotvwa ak bon jan pwononsyasyon epi entonasyon. |




Ekran 1

**Aktivite 2** : Reponn kesyon konpreyansyon sou yon tèks senp.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak kesyon yo. |
| 2 | Li kesyon yo, youn pa youn. Chak fwa, mande yon elèv pou l reponn aloral epi lòt yo pou apwouve oswa korije. | Reponn kesyon yo sou tablo nimerik la. |




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv vini sou tablo a pou l konplete rezime tèks la ak yon chif apwopriye. | Chwazi chif ki apwopriye pou konplete rezime tèks yo te li nan premye ekran an. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo ekri a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo ekri a epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. |

Konplete ak yon nimewo.

Genyen antou____dan lèt ki pouse nan bouch yon timoun.

Dan lèt sa yo kòmanse tonbe nan laj____lane konsa.

Rive nan laj____lane konsa, tout dan lèt yo gentan fin tonbe epi gen____dan final ki gentan pouse rive nan menm laj sa a.

Rive nan laj____lane konsa, genyen____gwo dan ki pouse ankò.

Konsa, lè yon moun fin gran nèt, li genyen_____dan nan bouch li.

Ekran 3

Konplete ak yon nimewo.

Genyen antou 20 dan lèt ki pouse nan bouch yon timoun.

Dan lèt sa yo kòmanse tonbe nan laj 6 lane konsa.

Rive nan laj 12 lane konsa, tout dan lèt yo gentan fin tonbe epi gen 28 dan final ki gentan pouse rive nan menm laj sa a.

Rive nan laj 18 lane konsa, genyen 4 gwo dan ki pouse ankò.

Konsa, lè yon moun fin gran nèt, li genyen 32 dan nan bouch li.

Ekran korije

**Aktivite 4:** Ranplase yon mo oswa yon ekspresyon ankontèks pa yon lòt mo ki gen menm sans.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vin sou tablo a, pou l chwazi mo ki gen menm sans ak mo oswa ekspresyon ki souliye nan chak fraz epi fè ranplasman yo . | Idantifye mo ki gen menm sans ak mo oswa ekspresyon ki souliye nan kèk fraz epi fè ranplasman yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi pwopoze koreksyon aloral si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi korije si gen bezwen pou sa. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

Chwazi mo nan lis la pou ranplase pati ki souliye a nan fraz yo.

Ana pral lakay manman manman l.

Jan wè yon bèt tou long k ap ranpe nan lakou a.

Gato a nan sal yo fè manje a.

Jwè ki plase devan kan an kenbe boul yo byen.

kuizin
koulèv
gadyen
grann

Ekran 4

Chwazi mo nan lis la pou ranplase pati ki souliye a nan fraz yo.

Ana pral lakay ____grann____ li.

Jan wè yon ___koulèv___ k ap ranpe nan lakou a.

Gato a nan ___kuizin___ nan.

____Gadyen____ an kenbe boul yo byen.

kuizin
koulèv
gadyen
grann

Ekran korije

**Aktivite 5:** Diskrimine son [g] ak [k] nan kòmansman yon seri mo senp.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin klike, youn apre lòt, sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan kòmansman mo a, swa « g », swa « k ».<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. | Klike sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan kòmansman mo a, swa « g », swa « k » sou tablo a.<br><br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. |



Ekran 5



Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6 :** Diskrimine son [g] ak [k] nan finisman yon seri mo senp. | 6/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vin klike, youn apre lòt, sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan finisman mo a, swa « g », swa « k ».<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. | Klike sou wopalè yo pou tande mo yo, repete yo epi ekri lèt ki koresponn ak son yo tande nan finisman mo a, swa « g », swa « k » sou tablo a.<br><br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. |




Ekran 6




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Diskrimine son [g] ak [k] nan kèlkeswa pozisyon yo nan yon seri mo senp. | 7/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vin sou tablo a, repete mo ki koresponn ak imaj yo epi ekri lèt « g » oswa « k » anba yo, si l tande son ki koresponn ak lèt sa yo nan mo yo.<br><br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè.<br><br>**Men mo yo:** *mango, kokoye, legim, krapo, aplikatè, kòk.* | Repete mo ki koresponn ak imaj ki sou tablo a, epi ekri lèt « g » oswa « k » anba yo, si yo tande son ki koresponn ak lèt sa yo nan mo yo.<br><br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo a epi korije si se nesesè. |






Ekran 7




Ekran korije

Sa mwen ka fè

**Aktivite 8:** Li mo ak fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [g], [k].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Seleksyone plizyè elèv, dapre kritè pa w, pou yo li mo yo ak fraz yo ki nan tablo lekti a sou ekran an, awotvwa, youn pa youn. PA FE YO LI ANSANM.<br>Veye pou yo byen pwononse silab yo nan mo yo, byen atikile son lèt yo, mete bon entonasyon nan fraz yo. | Li mo yo ak fraz yo ki nan tablo lekti a sou ekran an, awotvwa, youn pa youn.<br>Byen pwononse silab yo nan mo yo, byen atikile son lèt yo, mete bon entonasyon nan fraz yo. |

Li vit. Byen pwononse.

Gilèn Kalin Magi Gaspa Kalo

kabrit krikèt krab goril wanga nègès

grenadin legim kawòt malanga abriko

Gonayiv Grangwav Okap Okay Akayè

Galon an pa gen dlo glase

Kòk la ap beke grenn mayi nan lakou a.

Granpè m ak grann mwen gen menm laj.

Ekran 8

**Aktivite 9 :** Ekri yon seri mo san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [g] ak [k].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou  yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo repete epi ekri san fot mo ki koresponn ak imaj yo, sou liy yo. | Repete epi ekri san fot mo ki koresponn ak imaj yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf  kanmarad  yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf  kanmarad  yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |




Ekran 9




Ekran korije

**Aktivite 10:** Ekri yon seri fraz san ezite pou entegre korespondans grafèm/fonèm [g] ak [k].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Mande 3 elèv pou  yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande a nan chak wopalè. | Koute, repete epi ekri san fot fraz yo tande nan wopalè yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak òtograf kanmarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak òtograf kanmarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |




Ekran 10




Ekran korije

**Sa mwen ka fè** | **Aktivite 11 :** Trase fòm kisif lèt « g » ak « k » ak presizyon.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Adwaz / Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan . |
| 2 | Mande kèk elèv pou vin trase lèt « g » ak « k » sou tablo a. Fè yo rekòmanse lè sa nesesè pou yo vin plis alèz pou trase lèt sa yo ak presizyon paske se nan revizyon yo ye. | Trase lèt « g » ak « k » sou tablo a epi… |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo trase menm lèt sa yo plizyè fwa sou adwaz yo oswa sou kaye yo. | … sou adwaz yo oswa sou kaye yo. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri mo familye ki gen lèt « g » ak « k » sou fòm kisif. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè + Adwaz / Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan . |
| 2 | Mande kèk elèv pou vin ekri mo yo plizyè fwa sou tablo a. Fè yo rekòmanse lè sa nesesè pou yo vin plis alèz pou ekri ak presizyon paske se nan revizyon yo ye. | Ekri mo ki gen lèt « g » ak « k » sou tablo a epi… |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo ekri mo yo sou adwaz yo oswa sou kaye yo. | … sou adwaz yo oswa sou kaye yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13:** Konplete mo senp familye ak « g » oswa « k » pou byen fikse diskriminasyon an. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande kèk elèv pou yo vini sou tablo a youn apre lòt pou fè aktivite a ki sou ekran an. | Konplete mo senp toutlejou yo ak lèt « g » oswa « k » . |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè. | Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si se nesesè.. |









Ekran 13

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 14:** Replase yo seri fraz gaye nan lòd pou refè yon istwa senp. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike yo aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li fraz yo pou elèv yo ak anfaz.<br>Mande yon elèv pou l vini sou tablo a.<br><br>Mande lòt elèv yo, youn pa youn, pou yo ede l jwenn premye fraz istwa a. Fè vote chak pwopozisyon jistan w jwenn yon pwopozisyon tout klas la valide, sa vle di sa ki bon an.<br>Konfime repons la epi fè elèv la kopye l nan premye liy ki sou ekran apre a ; fè l mete yon pwen nan finisman fraz la.<br><br>Fè yon dezyèm elèv vin sou tablo pou dezyèm fraz la. Kontinye menmjan jistan aktivite a fini. | Tande lekti fraz yon istwa ki an dezòd.<br><br>Remete istwa a nan lòd, fraz apre fraz ak konkou pwofesè a. Mete pwen (.) nan finisman fraz yo. |
| 3 | Fè elèv yo li istwa a jan yo rekonstwi l la. | Li istwa yo rekonstwi a. |

12
13
14

Mete fraz yo nan lòd pou nou konstwi yon istwa nan ekran apre a.
Mete pwen apre chak fraz.

Nyaj kouvri tout syèl la

Gen moun ki kouri al pare anba galeri yo

1 Lapli pral tonbe 2

Loraj gwonde, lapli tonbe

Gen lòt moun ki ouvè parapli

Yo kache solèy la, lalin nan ak zetwal yo

Ekran 14

An nou ekri istwa ki nan ekran avan an nan lòd.
N ap kòmanse ak fraz nimewo 1 an.

Lapli pral tonbe.

Nyaj kouvri tout syèl la.

Yo kache solèy la, lalin nan ak zetwal yo.

Loraj gwonde, lapli tonbe.

Gen moun ki kouri al pare anba galeri yo.

Gen lòt moun ki ouvè parapli.

Ekran korije

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 72

## **Kominikasyon oral**

M ap di sa mwen panse



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap koute/ M ap pale/ M ap di sa m panse



**Aktivite 1 :** Koute yon istwa ak atansyon.



**Aktivite 2 :** Reprann deskripsyon yon pèsonaj nan yon istwa yo fin koute.



**Aktivite 3 :** Chwazi pami plizyè tit oswa tèm sa ki plis ale ak yon istwa yo fin koute.



**Aktivite 4 :** Chwazi pami plizyè sijè sa ki plis ale ak yon istwa yo fin koute.



**Aktivite 5 :** Eksprime santiman yo sou yon istwa yo fin koute.



**Aktivite 6 :** Eksprime kritik oswa lòt kalite kòmantè sou yon istwa yo fin koute.



**Aktivite 7 :** Mime yon sekans nan yon istwa yo fin koute.

**Aktivite 1** : Koute yon istwa ak atansyon.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade epi dekri imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi dekri li.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo koute istwa a ak atansyon.<br><br>Mande kèk elèv pou yo rakonte istwa a ak mo pa yo. Fè youn kòmanse, yon lòt kontinye, jistan yo fini.<br><br>Mande elèv yo si yo vle koute yon dezyèm fwa. Fè yo koute yon dezyèm fwa. | Koute premye pati istwa a ak atansyon.<br><br>Rakonte istwa a ak mo pa yo.<br><br>Di si yo vle koute yon dezyèm fwa. Koute istwa a yon dezyèm fwa si sa nesesè. |

1
2
3
4
5
6
7




Ekran 1

**Aktivite 2** : Reprann deskripsyon yon pèsonaj nan yon istwa yo fin koute.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estiilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy la ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li premye repons lan, mande elèv ki chwazi li pou leve men yo san pale. Fè menmjan pou 3 lòt repons yo .<br>Fè elèv yo koute pati istwa a ki gen bon repons lan pou yo ka wè ki gwoup ki genyen. Fè yon elèv vin antoure repons lan. | Chwazi bon repons lan pami plizyè lòt . |
| 3 | Mande kèk elèv pou yo li bon repons lan. | Li bon repons lan. |

1 2 3 4 5 6 7




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li tout repons yo, youn apre lòt, tankou nan ekran avan an, epi mande elèv yo pou leve men yo pou repons yo chwazi a.<br><br>Di elèv yo pi bon repons lan (*se : « yon chen ak lonbray li »*), fè yo repete li. | Chwazi tèm ki pi mache ak istwa a. |
| 3 | Fè yon elèv vin antoure bon repons lan. | Antoure bon repons lan. |






Ekran 3

**Aktivite 4** : Chwazi pami plizyè sijè sa ki plis ale ak yon istwa yo fin koute.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li tout repons yo, youn apre lòt, tankou nan ekran avan an, epi mande elèv yo pou leve men yo pou repons yo chwazi a.<br>Di elèv yo pi bon repons lan (*se #4 la* ), fè yo repete li. | Chwazi sijè ki pi byen koresponn ak istwa a. |
| 3 | Fè yon elèv vin antoure bon repons lan. | Antoure bon repons lan. |






Ekran 4




Ekran korije

Sa mwen ka fè

**Aktivite 5:** Eksprime santiman yo  sou yon istwa yo fin koute.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo obsève imaj ki sou tablo a yon moman.<br><br>Mande yo devine  kisa chen an ap reflechi konsa. Chwazi kèk elèv ki pou reponn. | Entèprete yon imaj ki gen rapò ak istwa a. |
| 2 | Li premye pati konsiy lan. Mande plizyè elèv pou yo eksprime santiman yo pou istwa a.<br><br>Li dezyèm pati konsiy lan. Mande lòt elèv pou yo eksprime yo.<br><br>Li twazyèm pati konsiy lan. Mande elèv ki pa t ko patisipe pou yo eksprime yo. | Eksprime santiman yo pa rapò ak iskwa a. |



Eske nou renmen istwa a? Poukisa?
Ki pati nan istwa a nou pi renmen?
Eske gen yon pati nan istwa a nou pa renmen?



Ekran 5

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.. |
| 2 | Li tout kòmantè ki pwopoze sou ekran an pou elèv yo.<br><br>Mande chak elèv apa ki kòmantè li kwè ki plis ale ak istwa a.<br><br>Kite elèv yo reponn lib e libè. Ankouraje yo pou yo fè lòt kòmantè apa sa ki sou tablo a. | Fè kòmantè lib e libè pou l eksprime kèk kritik sou istwa a. |

1 2 3 4 5 6 7




Ekran 6

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Mime yon sekans nan yon istwa yo fin koute. | 7/7 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi dekri li.<br><br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo, 2 pa 2, pou yo mime kèk sèn ki montre kèk aksyon chen an fè nan istwa a, pa egzanp leve yon pat, fè bak, fè avan…<br><br>Yon elèv ap jwe wòl chen an epi lòt la ap jwe wòl lonbray chen an. | Mime kèk sèn ki montre kèk aksyon nan istwa a. |






Ekran 7

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 73
## Revizyon [s, z] (1)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Obsève/koute/li



**Aktivite 1 :** Koute epi li tèks la.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Konprann tèks la.



**Aktivite 3 :** Konplete yon fraz.



**Aktivite 4 :** Konplete yon fraz.



**Aktivite 5 :** Chwazi kèk mo pou fè yon fra.



**Aktivite 6 :** Chwazi bon repons yo.

## M ap antrene



**Aktivite 7 :** Ekri lèt “z” tout kote w tande son [z].



**Aktivite 8 :** Ekri lèt “z” tout kote w tande son [z].



**Aktivite 9:** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



**Aktivite 10:** Ekri yon fraz dapre yon son.



**Aktivite 11:** Ekri lèt « s » ak « z ».



**Aktivite 12:** Ekri yon mo dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13:** Ajoute pwen entèwogasyon (?) oswa pwen (.) nan finisman kèk fraz.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la pou elèv yo tande l. | Tande tèks la. |
| 3 | Li tèks la ak elèv yo. | Koute pwofesè a epi li dyalòg. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Koute epi li tèks la.

Dèyè yon gwo touf pengwen
Lòt jou m rankontre Choukoun
Li souri lè li wè mwen
Mwen di: "Syèl, ala bèl moun!"
Mwen di: "Syèl, ala bèl moun!" Li di m li twouve sa chè

Ti zwezo nan bwa
ki t'ape koute
Ti zwezo nan bwa
ki t'ape koute m
Lè mwen sonje sa
Mwen genyen lapenn
Ka depi jou sa
De pye mwen nan chenn



**Otè: Oswald Durand**

Ekran 1

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 2** : Konprann tèks la. | 2/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Poze chak kesyon epi mande ki elèv ki konn repons lan.<br><br>**Repons yo:**<br><br>1. Dèyè yon gwo touf pengwen.<br>2. Choukoun souri.<br>3. Li di: “Syèl ala bèl moun!”<br>4. Choukoun di li twouve sa chè.<br>5. Yon ti zwezo nan bwa. | Reponn kesyon yo |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò |



Reponn kesyon yo.

1- Ki kote li te rankontre Choukoun?
________________________________

2- Kisa Choukoun te fè lè li wè li?
________________________________

3- Kisa li te di lè Choukoun souri ba li?
________________________________

4- Kisa Choukoun te reponn li?
________________________________

5- Kiyès ki t ap koute yo?

Ekran 2

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 3** : konplete yon fraz. | 3/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Di yo pral konplete fraz yo ak mo ki nan lis lan. Yo dwe raple yo tèks anvan pou yo ka byen konplete fraz yo. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin chwazi bon mo a pou konplete chak fraz. | Chwazi bon mo yo pou konplete fraz yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |




Ekran 3




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 4** : Konplete yon fraz. | 4/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li premye moso fraz ki agoch la epi fè elèv yo li mo ki adwat la<br><br>Fè menm jan pou tout lòt yo… | Li rès fraz ki adwat la |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo a pou tcheke bon mo ki koresponn ak chak fraz. | Tcheke mo ki koresponn ak chak fraz. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò |






Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis. Di yo yo pral chwazi mo nan chak kazye pou yo ka fome yon fraz ki fè sans.<br><br>Esplike yo lè yo fin li mo ki nan premye liy nan, gade si l fè sans ak rès mo ki nan menm liy oubyen ak sa ki nan dezyèm liy lan apati de dezyèm kolòn nan.<br><br>Fè sa tou pou twazyèm liy nan jiskaske nou jwen fraz ki fè sans lan. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vin antoure mo yo pou yo ka fome yon fraz ki fè sans e ki korèk. | Antoure mo yo pou n ka fome yon fraz ki korèk e ki fè sans. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

Antoure kaz yo pou n ka konstwi yon fraz ki korèk.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Zwazo a | kouri | nou | bwa a |
| Zèb yo | poze sou | kabrit | la |
| Lasante | bè | branch | gwo |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Yon | zile | nou | file |
| Jan | zetwal | zen | la |
| Zye | swen | fèk | pwason |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Zagalo | pa | Sandro | zonyon |
| Zwit | bay | ze | anpil |
| Zoranj | lan | kay | yon zoklo |

Ekran 5

Antoure kaz yo pou n ka konstwi yon fraz ki korèk.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Zwazo a** | kouri | nou | **bwa a** |
| Zèb yo | **poze sou** | kabrit | la |
| Lasante | bè | **branch** | gwo |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Yon** | zile | nou | **file** |
| Jan | **zetwal** | zen | la |
| Zye | swen | **fèk** | pwason |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Zagalo** | pa | **Sandro** | zonyon |
| Zwit | **bay** | ze | anpil |
| Zoranj | lan | kay | **yon zoklo** |

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li ti tèks la epi mande elèv pou yo prete atansyon ak sa k ap di nan tèks la.<br><br>Poze kesyon ki gen rapò ak tèks la. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 ou 3 elèv vi antoure vrè repons yo. | Antoure vrè repons yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Chwazi bon repons lan.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Manman Jan prepare manje maten pou li. Se pa mayimoulen, se pa espageti.<br><br>Kisa li ye? | Mayimoulen | Ze ak pen | Espageti |
| Chat Toto a pa manje sourit, li pa bwè lèt.<br><br>Kisa l manje? | Lèt | Sourit | Pwason |
| Zwazo a pa sou pye bwa, li pa sou ban.<br><br>Ki kote zwazo a ye? | Kaj | Pye bwa | Ban |

Ekran 6

Chwazi bon repons lan.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Manman Jan prepare manje maten pou li. Se pa mayimoulen, se pa espageti.<br><br>Kisa li ye? | Mayimoulen | Ze ak pen | Espageti |
| Chat Toto a pa manje sourit, li pa bwè lèt.<br><br>Kisa l manje? | Lèt | Sourit | Pwason |
| Zwazo a pa sou pye bwa, li pa sou ban.<br><br>Ki kote zwazo a ye? | Kaj | Pye bwa | Ban |

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Ekri lèt “z” tout kote w tande son [z]. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo gade  tout imaj ki sou tablo a. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande  elèv  yo pou yo di tout non imaj ki sou tablo a.<br><br>Fè youn oubyen 2 elèv vin sou tablo a pou yo ekri lèt « z » bò kote tout imaj ki gen son [z]. | Di tout non imaj ki sou tablo a  epi ekri lèt « z » bò kote tout imaj ki gen son [z] yo. |
| 3 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 7



| Sa mwen ka fè | **Aktivite 8** : Ekri lèt "s" tout kote w tande son [s]. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di tout non imaj ki sou tablo a.<br><br>Fè youn oubyen 2 elèv vin sou tablo a pou yo ekri lèt « s » bò kote tout imaj ki gen son [s]. | Di tout non imaj ki sou tablo a epi ekri lèt « s » bò kote tout imaj ki gen son [s] yo. |
| 3 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12







Ekran 8

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 9 :** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la.<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin ekri non ki koresponn ak chak imaj. | Ekri non ki koresponn ak chak imaj. |
| 5 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si nou dakò. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12







Ekran 9

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lot pou ekri fraz yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye yo oswa sou adwaz yo. |









Ekran 10

Sa mwen ka fè **Aktivite 11 :** Ekri lèt « s » ak « z ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy |
| 2 | Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt « s" ak « z"youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt "s" ak "z" . | Ekri lèt « s » ak « z » sou kaye yo oubyen sou yon fèy papye oswa sou adwaz yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12







Ekran 11

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Ekri yon mo daprè yon modèl. | | | 12/13 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12







Ekran 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Ajoute pwen entèwogasyon (?) oswa pwen (.) nan finisman kèk fraz. | 13/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la.<br><br>Li chak fraz. Lè se yon kesyon, li l tankou se yon kesyon ou tap poze. Lè se yon fraz afimativ fè menm jan. | Koute esplikasyon mèt la. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin mete swa pwen entèwogasyon oubyen yon pwen nan finisman chak fraz. | Mete pwen entèwogasyon oswa pwen nan finisman chak fraz. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

12

13



Mete pwen entèwogasyon (?) oubyen pwen (.) nan fraz sa yo.

Mwen renmen zaboka ak pen

Kisa ki fèt avan, pou la oubyen ze a

Zansèt nou yo te goumen pou bann libete

Ki koulè anndan zabriko

Mwen pral an vakans Senmak

Ekran 13

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 74
## Revizyon [s, z] (2)



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Obsève/koute/li



**Aktivite 1 :** Koute epi li tèks la.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Konprann tèks la.



**Aktivite 3 :** Idantifye mo ki nan menm kategori.



**Aktivite 4 :** Aprann kòman pou dechifre yon fraz.



**Aktivite 5 :** Idantifye sinonim yon mo.



**Aktivite 6 :** Wete yon mo pou fè yon fraz ki fè sans.

## M ap antrene



**Aktivite 7 :** Ekri lèt “z” tout kote w tande son [z] oswa lèt “s” si w tande son [s].



**Aktivite 8:** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 9:** Li kèk mo ak fraz.

## M ap antrene



**Aktivite 10:** Ekri yon fraz daprè yon son.



**Aktivite 11:** Ekri yon mo daprè yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 12:** Ajoute pwen entèwogasyon (?) oswa pwen (.) nan finisman kèk fraz.

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 1**: Koute epi li tèks la. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan |
| 2 | Klike sou espikè a pou fè elèv yo tande tèks la. | Tande tèks la. |
| 3 | Li tèks la ak elèv yo. | Koute pwofesè a epi li dyalòg la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Poze chak kesyon epi mande ki elèv ki konn repons lan. | Reponn kesyon yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

Reponn kesyon yo.

1- Kijan de moun ki nan dyalòg la rele ?
________________________________

2- Kisa ki t ap file nan syèl la ?
________________________________

3- Kisa Mèsidye di ki ka rive Jezila, si l di: "men yon zetwal ap file" ?
________________________________

4- Kisa grann Jezila te di l k ap rive lè l wè yon zetwal file ?
________________________________

5- Dapre nou menm, kilè zetwal sa a te file ? Maten ? Aswè ?
______________________________________________

Ekran 2

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 3** : Idantifye mo ki nan menm kategori.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis.<br>Li chak mo nan premye liy nan youn apre lòt.<br>Fè elèv yo li mo yo tou.<br>Fè menm jan pou lòt liy yo. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br>Li mo yo. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin sou tablo pou yo fè yon kwa sou yo panse ki pa sanble ak lòt yo oubyen ki pa nan menm kategori ak lòt yo | Pase kwa sou mo ki pa nan menm kategori ak lòt yo. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Di yo dwe obsève byen epi chache li chak liy ki sou tablo a.<br><br>Mande yo dwè chache dekole chak mo pou yo ka fome yon fraz sou adwaz yo. | Tande esplikasyon pwofesè a |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo a pou dekole mo yo pou ka fòme yon fraz. | Vin sou tablo a pou ka dekole mo yo pou fòme yon fraz korèk. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò |



Dechifre fraz yo, dekole mo yo epi li fraz yo.

1- Chatlaapkouridèyèsouritlapoulmanjel.

______________________________

2- Zabokaakmayimoulenakfèybonanpil.

______________________________

3- Yonsèldwètpamanjekalalou.

______________________________

4- Abitanpamizelavil.

______________________________

Ekran 4

Dechifre fraz yo, dekole mo yo epi li fraz yo.

1- Chatlaapkouridèyèsouritlapoulmanjel.

Chat la ap kouri dèyè sourit la pou l manje l.

2- Zabokaakmayimoulenakfèybonanpil.

Zaboka ak mayimoulen ak fèy bon anpil.

3- Yonsèldwètpamanjekalalou.

Yon sèl dwèt pa manje kalalou.

4- Abitanpamizelavil.

Abitan pa mize lavil.

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5** : Idantifye sinonim yon mo. | 5/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la. Esplike yo kisa yon sinonim ye: "mo ki vle di menm bagay".<br><br>Li premye fraz la epi li chak mo ki anba l.<br><br>Fè menm jan pou lòt fraz yo. | Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin antoure sinonim mo ki an wouj nan fraz yo. | Antoure sinonim mo ki an wouj nan fraz yo pami lis mo ki anba. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Mete yon mo ki nan lis la nan plas mo ki an wouj la.

1- Ana ap mache vit pou bis la pa ale kite l.

kouri - vole - rapid - dousman

2- Ana ap montre Jan monte bekàn.

moto - machin - avyon - bisiklèt

3- Li ban m yon ti zing nan gato a.

moso - anpil - ti kal - gwo

4- Chak premye janvye parenn mwen toujou ban m kado.

liv - zetrenn - bous - balon

Ekran 5

Mete yon mo ki nan lis la nan plas mo ki an wouj la.

1- Ana ap mache vit pou bis la pa ale kite l.

kouri - vole - (rapid) - dousman

2- Ana ap montre Jan monte bekàn.

moto - machin - avyon - (bisiklèt)

3- Li ban m yon ti zing nan gato a.

moso - anpil - (ti kal) - gwo

4- Chak premye janvye parenn mwen toujou ban m kado.

liv - (zetrenn) - bous - balon

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la.<br>Li chak fraz epi fè yo li yo tou.<br>Mande yo si fraz la fè sans. | Tande esplikasyon pwofesè a.<br><br>Di si fraz yo fè sans. |
| 3 | Mande 2 ou twa elèv vin pase kwa sou mo ki anplis nan fraz la. | Pase kwa sou mo ki anplis la pou fraz la ka fè sans. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Wete mo ki anplis la nan fraz sa yo.

1- Mèsidye ap jwe boul tablo ak ti frè l la.

2- Fig la vin mou tab, tèlman yo peze l.

3- Zòtolan se yon kalbas zwazo timoun renmen chase.

4- Li lè pou koupe zaboka zong ou, yo two long.

5- Soulye a two piti tenis pou mwen, li fè zòtèy mwen fè m mal.

Ekran 6

Wete mo ki anplis la nan fraz sa yo.

1- Mèsidye ap jwe boul tablo ak ti frè l la. X

2- Fig la vin mou tab, tèlman yo peze l. X

3- Zòtolan se yon kalbas zwazo timoun renmen chase. X

4- Li lè pou koupe zaboka zong ou, yo two long. X

5- Soulye a two piti tenis pou mwen, li fè zòtèy mwen fè m mal. X

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Ekri lèt "s" tout kote w tande son [s] oswa lèt "z" si w tande son [z]. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di tout non imaj ki sou tablo a.<br><br>Fè youn oubyen 2 elèv vin sou tablo a pou yo ekri lèt « s » bò kote tout imaj ki gen son [s] oswa lèt « z » bò kote imaj ou tande son [z]. | Di tout non imaj ki sou tablo a epi ekri lèt « s » bò kote tout imaj ki gen son [s] yo oswa lèt « z » bò kote tout imaj ki gen son [z]. |
| 3 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |






Ekran 7



Sa mwen ka fè **Aktivite 8 :** Ekri mo ki koresponn ak yon imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv di non chak imaj ki sou tablo a. | Di non chak imaj ki sou tablo a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la.<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin ekri non ki koresponn ak chak imaj. Mo yo: arozwa, sitwon, eskalye, glas, festival, … | Ekri non ki koresponn ak chak imaj. |
| 5 | Mande rès elèv yo si yo dakò. | Di si yo akò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy |
| 2 | Fè elèv yo li chak mo ak fraz byen vit youn apre lòt | Li chak mo ak fraz youn apre lòt. |

Li vit. Byen pwononse.

salsa salad salon sapat sandal

sansi sansousi sapat sizo sousi

sourit soukoup soulye soup zaboka

zabriko zandolit zangi zanno zannimo

zòrye zoranj zòrèy siwo sitwon sèso

Zagalo renmen bwè te sitwonèl.

Jezila pè zandolit anpil.

Ekran 9

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo tande chak son ki sou espikè yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lot pou ekri fraz yo. | Tande son ki sou espikè yo.<br><br>Ekri fraz yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri fraz yo. | Ekri fraz yo sou kaye yo oswa sou adwaz yo. |









Ekran 10

**Aktivite 11 :** Ekri yon mo daprè yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo yo. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 12 :** Ajoute pwen entèwogasyon (?) oswa pwen (.) nan finisman kèk fraz.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo egzèsis la.<br><br>Li chak fraz. Lè se yon kesyon, li l tankou se yon kesyon ou tap poze. Lè se yon fraz afimativ fè menm jan. | Koute esplikasyon mèt la. |
| 3 | Mande kèk elèv vin sou tablo vin mete swa pwen entèwogasyon oubyen yon pwen nan finisman chak fraz. | Mete pwen entèwogasyon oswa pwen nan finisman chak fraz. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò | Di si yo dakò. |

Mete pwen entèwogasyon (?) oubyen pwen (.) nan fraz sa yo.

Mwen renmen zaboka ak pen

Kisa ki fèt avan, pou la oubyen ze a

Zansèt nou yo te goumen pou bann libete

Ki koulè anndan zabriko

Mwen pral an vakans Senmak

Ekran 12

Mete pwen entèwogasyon (?) oubyen pwen (.) nan fraz sa yo.

Eske ou renmen zwit ?

Zansèt nou yo te goumen pou bann libete.

Kilè yon moun zo mangay ?

Men anpil chay pa lou.

Leswa mwen renmen gade zetwal nan syèl la.

Ekran korije

Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# Leson 75
## Revizyon jeneral



Sa mwen ka fè

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Li yon tèks senp ak ekspresivite.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon konpreyansyon ki gen rapò ak yon tèks senp.



**Aktivite 3 :** Tabli korespondans ant kèk evennman enpòtan ak mwa yo nan ane a yo parèt.



**Aktivite 4 :** Tabli korespondans ant kèk evennman enpòtan ak imaj ki reprezante senbòl yo.

## M ap antrene



**Aktivite 5 :** Ranplase yon mo ankontèks pa yon lòt mo ki gen menm sans.



**Aktivite 6 :** Diskrimine 2 son pwòch sa yo [a] ak [an].



**Aktivite 7 :** Diskrimine 2 son pwòch sa yo: [b] ak [p].



**Aktivite 8 :** Diskrimine 2 son pwòch sa yo: [ch] ak [j].



**Aktivite 9 :** Diskrimine 2 son pwòch sa yo: [d] ak [t].



**Aktivite 10 :** Diskrimine 2 son pwòch sa yo: [f] ak [v].



**Aktivite 11 :** Diskrimine 2 son pwòch sa yo: [g] ak [k].



**Aktivite 12 :** Diskrimine 2 son pwòch sa yo: [s] ak [z].



**Aktivite 13 :** Diskrimine 3 son pwòch sa yo [e], [è],[en].



**Aktivite 14 :** Diskrimine 4 son pwòch sa yo: [o], [ò], [on], [ou].

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 15 :** Idantifye/dekoupe fraz nan yon tèks senp.

Sa mwen ka fè

**Aktivite** 1 : Li yon tèks senp ak ekspresivite.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike etap aktivite a.<br><br>Li tout tèks la pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br><br>Tande lekti tèks la. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li tèks la nan kè yo. | Li tèks la nan kè yo. |
| 3 | Mande youn ou 2 elèv pou yo li tèks la awotvwa pandan lòt yo ap koute. Pwofite korije pwononsyasyon ak entonasyon elèv yo. | Li tèks la awotvwa ak bon jan pwononsyasyon epi entonasyon. |

1 2 3 4 5 6 7 8

Li tèks la.

Orevwa

Ane lekòl la pa lwen fini. Lè a rive pou tout elèv konpoze. Nan kèk jou ankò, n ap pran vakans.

Nou te renmen klas premye ane a. Nou te kontan travay sou tablo nimerik la. N ap di pwofesè nou ak paran nou mèsi pou fason yo te ede nou. Kounyeya nou fin konn li ak ekri. Lè nou byen gade, sa pa t pi difisil pase sa.

Nou renmen lang kreyòl la pi plis kounyeya. Nou pral kontinye li ak ekri pandan vakans la. Nou vle pi maton nan lekti toujou.

N ap swete pwofesè nou ak kanmarad nou yo bon vakans. Nou te kontan pase yon lane ansanm.

Mèsi anpil.

Ekran 1

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 2** : Reponn kesyon konpreyansyon ki gen rapò ak yon tèks senp. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Tande konsiy lan ak kesyon yo. |
| 2 | Li kesyon yo, youn pa youn. Chak fwa, mande yon elèv pou l vin fè aktivite a sou tablo a, epi lòt yo pou apwouve oswa korije. (4e kesyon aloral). | Reponn kesyon yo sou tablo nimerik la. |






Ekran 2




Ekran korije

**Aktivite 3** : Tabli korespondans ant kèk evennman enpòtan ak mwa yo parèt.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv vini sou tablo a pou l glise mwa ki koresponn yo bò kote evennman yo. | Glise mwa ki koresponn yo bò kote kèk evennman enpòtan ki toujou parèt nan ane a. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak chwa kanmarad yo fè epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak chwa kanmarad yo epi pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. |






Ekran 3




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 4:** Tabli korespondans ant kèk evennman enpòtan ak imaj ki reprezante senbòl yo. | | | |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 4 elèv pou yo vin sou tablo a, youn apre lòt, pou yo chwazi yon swè epi pou yo glise l sou kat ki koresponn nan dapre imaj ki sou kat la.<br><br>Mande yo pou yo esplike klas la rezon chwa yo. | Chwazi yon swè sou tablo nimerik la epi glise l yon fason pou konplete youn nan kat ki agoch yo, sa ki koresponn ak swè yo chwazi a.<br><br>Esplike klas la rezon chwa yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo apwouve epi valide chwa kanmarad yo.<br><br>Mande yo pou yo pwopoze koreksyon si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 4




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5:** Ranplase yon mo oswa yon ekspresyon ankontèks pa yon lòt mo ki gen menm sans. | 5/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vin sou tablo a, pou l chwazi mo ki gen menm sans ak mo oswa ekspresyon ki souliye nan chak fraz epi fè ranplasman yo. | Idantifye mo ki gen menm sans ak mo oswa ekspresyon ki souliye nan kèk fraz epi fè ranplasman yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi pwopoze koreksyon aloral si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8

Ranplase mo ki souliye yo ak yon lòt nan lis la ki gen menm sans.

Ana ak Jan pase nan menm chemen an.

Papa Ana pa al travay, li pran vakans nan travay li.

Jan ak Rene ap koze nan lakou a.

Elèv premye ane yo pwòpte lakou lekòl la.

Rita tris paske manman l pati.

netwaye
konje
chagren
wout
pale

Ekran 5

Ranplase mo ki souliye yo ak yon lòt nan lis la ki gen menm sans.

Ana ak Jan pase nan menm wout la.

Papa Ana pa al travay, li pran konje nan travay li.

Jan ak Rene ap pale nan lakou a.

Elèv premye ane yo netwaye lakou lekòl la.

Rita chagren paske manman l pati.

netwaye
konje
chagren
wout
pale

Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6** : Diskrimine 2 son pwòch (tankou: [a] ak [an], … | 6/8 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 7 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Klike sou wopalè yo pou elèv yo tande son yo, fè yo repete yo. Mande plizyè elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo ekri yon mo ki kòmanse epi yon mo ki fini ak son yo tande a. Fè yon egzanp pou yo.<br><br>**Remak.-** *Se menm aktivite a k ap kontinye fèt nan ekran apre yo rive jis nan ekran 12. Men, nan chak ekran, son yo chanje.*<br><br>***Son yo** : a, an; …* | Ekri yon mo ki kòmanse epi yon mo ki fini ak diferan son lèt yo tande |

1
2
3
4
5
6
7
8




Ekran 6

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Klike sou wopalè yo pou elèv yo tande son yo, fè yo repete yo. Mande plizyè elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo ekri yon mo ki kòmanse epi yon mo ki fini ak son yo tande a. Fè yon egzanp pou yo.<br>**Remak**. *Se menm aktivite a k ap kontinye fèt nan ekran 14 la pou son [o], [ò], [on], [ou] .* | Ekri yon mo ki kòmanse epi yon mo ki fini ak diferan son lèt yo tande |




Ekran 7

## **Aktivite 8:** Idantifye/dekoupe fraz nan yon tèks senp.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a pou elèv yo.<br><br>Li tèks la pou elèv yo ak yon bon entonasyon yon fason pou yo gentan kòmanse devine kote chak fraz kòmanse epi fini. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo.<br>Koute lekti tèks la. |
| 2 | Chwazi yon elèv pou vini sou tablo a. Chwazi plizyè elèv pou li tèks la, fraz pa fraz. Chak tan yon elèv panse li fin li yon fraz, l ap kanpe. Rès elèv ki pa nan gwoup k ap li fraz yo ap di si yo dakò se kote elèv al kanpe a fraz la fini vre. Y ap korije si se nesesè, pwofesè a ap valide epi elèv ki sou tablo a ap mete ti trè panche a.<br>Yon lòt elèv pral sou tablo a pou l ranplase ti trè yo ak pwen epi l ap mete majiskil nan kòmansaman chak fraz. | Dekoupe tèks la pa fraz. Mete pwen nan finisman chak fraz epi lèt majiskil nan kòmansman. |
| 3 | Yon elèv ap li tèks la pou fini. | Li tèks la. |


Separe istwa a fraz pa fraz ak yon ti trè (/).
Apresa, rekopye istwa a sou yon lòt ekran: mete majiskil nan kòmansman fraz yo epi pwen(.) nan finisman.

Rene ak Rita pran vakans / yo al pase kèk jou ak tonton
Andre kay tonton Andre gen anpil zannimo rene ak Rita
renmen jwe nan mitan tout bèt sa yo gen yon bèl chen ki
renmen vole pou bo timoun yo plen poul ak kabrit ki ap kouri
toupatou nan lakou a poul yo ap bouske vètè ak pat yo se
yon bon manje pou yo gen senk kana k ap naje nan yon
basen dlo tonton Andre gen twa manman kabrit li mare
chak nan yon poto pou yo pa fin manje tout plant nan jaden an

Ekran 8


Separe istwa a fraz pa fraz ak yon ti trè (/).
Apresa, rekopye istwa a sou yon lòt ekran: mete majiskil nan kòmansman fraz yo epi pwen(.) nan finisman.

Rene ak Rita pran vakans / yo al pase kèk jou ak tonton
Andre/ kay tonton Andre gen anpil zannimo/ rene ak Rita
renmen jwe nan mitan tout bèt sa yo/ gen yon bèl chen ki
renmen vole pou bo timoun yo/ plen poul ak kabrit ki ap kouri
toupatou nan lakou a/ poul yo ap bouske vètè ak pat yo/ se
yon bon manje pou yo/ gen senk kana k ap naje nan yon
basen dlo/ tonton Andre gen twa manman kabrit/ li mare
chak nan yon poto pou yo pa fin manje tout plant nan jaden an

Ekran korije